Ныбджэгъу лъапIэхэ!

Мы тхылъыр къызэрыфщыхъуар къытхуэфтхмэ, ди гуапэ хъунущ. Мы адресымкIэ фыкъытхуэтхэ:

Новый Путь, 360 000 КБР г. Нальчик, а/я 230

КЕННЕТ ТЭЙЛОР

# САБИЙХЭМ ТХЬЭМ ТЕУХУАУЭ ЯЩIЭН ХУЕЙР

КЕННЕТ ТЭЙЛОР

САБИЙХЭМ ТХЬЭМ ТЕУХУАУЭ
ЯЩІЭН ХУЕЙР
КЕННЕТ ТЭЙЛОР

**КЕННЕТ ТЭЙЛОР**

# САБИЙХЭМ ТХЬЭМ ТЕУХУАУЭ ЯЩІЭН ХУЕЙР

НОВЫЙ ПУТЬ

This book was first published in the
United States by MOODY PRESS.
Copyright 1968 in the name of Moody Bible
Institute of Chicago, Illinois.
Copyright was reassigned to Kenneth Taylor in 1982.
Translated by permission.

Taylor, Kennet
„Devotion for the Children’s Hour“ in Kabardian
„Про небо, принца и многое другое“ на кабардинском языке
© 1994 «Новый Путь», Нальчик

## Адэ-анэ лъапIэхэ!

Мы фи пашхьэ итлъхьэ тхылъым Библием ит хъыбархэр щызэхуэхьэсауэ аракъым. Мыбы „Чристэн диным ухэзыгъэгъуазэ тхыгъэ кIэщI“ фIэпщ хъунущ. Мыр топсэлъыхь уафэм, Ауэ Христос, нэгъуэщI куэдым.

Библием итхэм щыгъуазэ ухуэзыщI тхылъ мымащIэу щыIэщ, ауэ цIыкIухэм ящIапхъэщ ди диным и лъабжьэхэу иджыри куэдым ямынэIуасэхэм.

Ди щIэблэм Библием ит хъыбар телъыджэхэр ящIэ къудейм къыщымынэу апхуэдэ дэтхэнэ зы хъыбарми щIэлъ гупсысэм я акъыл нэсу щытын хуейщ. Абыхэм хьэкъыу япхыкIауэ щытын хуейщ а хъыбархэр зэрыпэжри езыхэм я дежкIэ абыхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэри. Мис а Библием зи гугъу ищIхэмрэ Библием зыхуригъаджэмрэ зэпыщIауэ цIыкIухэм кIэщIу икIи гъэщIэгъуэну ябгъэдэтлъхьэну дыхущIэкъуащ дэ.

Тхылъым итхэр илъэсибл фIэкIа зи мыныбжь цIыкIухэми къагурыIуэнущ, ауэ ар яфIэгъэщIэгъуэнынущ илъэс 12-13 хъуа сабийхэми.

Мы тхылъ цIыкIум нэмыщIкIэ дэ чэнджэщ фыдот цIыкIухэм ящIыгъуу Библием ит хъыбархэр зэрыт нэгъуэщI тхылъхэми феджэну, псалъэм папщIэ: „Сабий Библием“ е „Зиусхьэныр си мэлыхъуэфIщ“ жыхуиIэм. А тхылъитIри икъукIэ сэбэп хъунухэщ, ауэ

фэ фщIэн хуейщ ахэр езы Библием я мыхьэнэкIэ зэрыпэмыхъур. Уеблэмэ япэ классым кIуэ еджакIуэхэри еджэфынущ ХъыбарыфIыр Марк е Лука Къызэрыжиlам, ахэр фэ пэжу фунэтI закъуэмэ.

Ауэ сабийр Тхыгъэ ЛъапIэм къеджэным щIидзэн ипэ, абы Библием ит щыпкъагъэхэр пкърылъхьэн хуейщ – арыншамэ абы и дежкIэ къызэджэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуей хъунущ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ бгъэхьэзыра сабийр гъуэгу пхэнжкIэ дэшэха мыхъуу къызэтенэнущ. Абы и дежкIэ Библием ит щыпкъагъэхэр зыми имысэбэп хъыбар зэхэзэрыхьахэу щымыту ныбжьэгъу гъунэгъу пэж хъунухэщ.

Тхьэм и Псалъэр – ар къарущ икIи зыми къыхуэмыщтэн быдапIэ шынагъуэншэщ. Мис аращ мы тхылъым сабийхэм къагуригъаIуэр.

Мы тхылъым махуэ къэс унагъуэр фызэхэсу феджэну чэнджэщ фыдот. Апхуэдэу мыр къэбгъэсэбэп хъунущ цIыкIухэр ебгъэджэным зыщыхуэбгъэхьэзыркIи.

Иджы зэ къеджэгъуэ къэс я кIэм ит тхьэлъэIухэм папщIэ псалъитI-щы. Ахэр дэвгъэху хъунущ. Языныкъуэ адэ-анэхэм яфIэфIкъым нэгъуэщIхэм зэхагъэува тхьэелъэIу псалъэхэр къагъэсэбэпын, ауэ ахэр сэбэпышхуэ зыхуэхъуни щыIэхэщ. Ауэ дауэ мыхъуами, мы дэ фэтт тхьэелъэIухэм я закъуэкIэ Iуэхур зэфIэкIынукъым; зэхуэсахэм ящыщ дэтхэнэ зыми къигъуэтыфын хуейщ Тхьэ ирелъэIуну езым и псалъэхэр.

Мы тхылъым цIыкIухэм я гъусэу къытегъэзэжурэ зыбжанэрэ къеджапхъэщ. ЦIэрыIуэ дин пашэ Спердже жиIэгъащ япэм щыгъуэ джэш щыхасэкIэ напIэ къэс джэшищ щIадзэу зэрыщытар: зыр хьэмбылухэм папщIэ, етIуанэр – бзухэм, ещанэр – къэкIыгъэ къикIыкIыну.

Сабийхэм Тхьэм и Псалъэр ябгъэдэлъхьэн хуейщ хуэм-хуэмурэ, зы псалъэм адрей псалъэр кIэлъыкIуэу, икIи абыхэм яхэлъын хуейуэ Библием ит щыпкъагъэхэм къагурыIуэу ягу игъащIэкIэ имыхуну ираубыдэхункIэ къытегъэзэжурэ къахуеджапхъэщ.

## 1. ТХЬЭУЭ ЗЫЩ ЩЫIЭР

Библием щемыджэ, Тхьэм и хъыбар дахэ-дахэу щамыщIэ къэрал языныкъуэхэм щыпсэу цIыхухэм ящыщ куэдым я фIэщ мэхъу тхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыIэу. Языныкъуэхэм я гугъэщ тхьэуэ тIу щыIэу, адрейхэм тхьэхэм я бжыгъэр плIым нагъэс. ЩыIэхэщ лъэпкъ, тхьэуэ щэ бжыгъэхэр, уеблэмэ мин бжыгъэхэр яIэу ялъытэу. Языныкъуэхэм дыгъэри мазэри тхьэуэ ябж, абыхэм пщIэ хуащI, уеблэмэ абыхэм Тхьэм хуэдэу йолъэIу, я гукъеуэхэмкIэ, зыхуэныкъуэхэмкIэ зыхуагъазэ.

КъадэIэпыкъуфыну абыхэм дыгъэр е мазэр? ДаукI, къадэIэпыкъуфынукъым! Ахэри Тхьэм и Iэрыкlыу аращ, ауэ щыхъукIэ ахэр тхьэуэ щытынкIэ Iэмал

иIэкъым. Дэ дызэлъэIупхъэр Тхьэм и IэрыкIхэр аракъым, езы Тхьэращ.

МэлэIычхэм елъэIун хуейуэ пIэрэ? Ахэр тхьэпэлъытэ? Хьэуэ. МэлэIычхэми цIыхухэм ещхьу псэ япытщ. Абыхэм ящыщ иджыпстуи дэ къытхэтщ, ахэр дэ къытхуэмылъагъуми. Ауэ абыхэм тхьэелъэIукIэ захуэбгъазэ хъунукъым! МэлэIычхэр тхьэкъым, ахэр Тхьэм и IуэхутхьэбзащIэу аркъудейщ. Тхьэм Езым къигъэщIащ ахэр. Абыхэм Тхьэр фIыуэ ялъагъу икIи Абы къулыкъу хуащIэ. МэлэIычхэр апхуэдизкIэ куэд мэхъури, абыхэм я бжыгъэр ауэ къызыфIэбгъэщIын къудейр гугъущ.

Дэ ди фIэщ хъу Тхьэм нэмыщI нэгъуэщI тхьэхэри тесу пIэрэ уафэм? А упщIэм и жэуапыр мы къыкIэлъыкIуэну щапхъэ кIэщIым феджа нэужь фэ езым зэфтыжыфынущ.

Зы дин пашэ гуэр яужь ихьащ зы Тхьэ закъуэ фIэкIа зэрыщымыIэр Таня ищIэрэ имыщIэрэ зэхигъэкIыну. Ар абы еупщIащ:

– Таня, тхьэуэ дапщэ тетыр дунейм?

Таня жэуап къритыжащ:

– Зыщ.

– Ар дэнэ щыпщIэрэ?

– ЩысщIэри? Сэ сощIэ нэгъуэщI тхьэхэм дунейм увыпIэ зэрыщамыIэр, – жиIащ хъыджэбз цIыкIум. – Дэ ди Тхьэм уафэри щIылъэри зэрыщыту къызэщIеубыдэ.

Ар жэуапыфIт. Аращ дэ Тхьэр Абы къигъэщIа псоми нэхърэ нэхъыфIу щIэтлъагъун хуейр.



*Узэджэнур*: Мусэ бегъымбарым итха етIуанэ тхылъыр 20:1-6

*УпщIэхэр:*
1. Тхьэуэ дапщэ дунейм тетыр?
2. Дыгъэмрэ мазэмрэ тхьэелъэIукIэ захуэдгъазэмэ, абыхэм дызэхахыну?
3. МэлэIычхэм уелъэIу хъуну? Ахэр тхьэпэлъыта?

*ТхьэелъэIур:* Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ! Дэ Уэ фIыщIэ пхудощI Уэ Тхьэ закъуэу узэрэщытым икIи Уэ къэбгъэщIа псом нэхъри узэрынэхъ иным икIи узэрынэхъ лъэщым папщIэ. Уэ дигукIи ди псэкIи фIыуэ утлъагъуу икIи Уэ фIэкIа нэгъуэщIым дыхуэмылэжьэу дыщытынымкIэ къыддэIэпыкъу. Аущ Христос и цIэкIэ абыкIэ дынолъэIу Уэ. Iэмин!

## 2. ТХЬЭР ХЭТ ХЪУНУ?

Тхьэр хьэкъыпIэу щыIэщ. Ар уафэм щопсэу. Ауэ Библием зи гугъу ищI уафэр пшэхэр щызекIуэу, кхъухьлъатэхэр щызелъатэу ди щхьэщыгум къит уафэр аракъым. Тхьэр щыпсэу уафэр дэ къытхуэлъагъунукъым. Тхьэр уафэм тесщ, щыжытIэкIэ, дэ а

уафэр мобдежщ зыдэщыIэр жытIэу дгъэлъэгъуэну тщIэркъым, ауэ дэ дощIэ, ди фIэщ мэхъу а уафэр зэрыдахащэр, икIи дэ тщыщ дэтхэнэ зыри щIохъуэпс абы къыщыхутэным. Тхьэр дигу илъмэ, Ар фIыуэ тлъагъумэ, дэри дылIа нэужь мис а Тхьэмрэ Абы и мэлэIычхэмрэ здэщыIэм дыкъыщыхутэнущ.

ФщIэуэ пIэрэ фэ Тхьэр Псэуэ зэрыщытыр? Абы къокI Абы пкъы имыIэу. Уэри сэри ди псэр ди Iэпкълъэпкъым хэтщ. Тхьэр апхуэдэ Iэпкълъэпкъ хуэныкъуэкъым.

Псэ япыту дунейм тет псом Абы нэхъ телъыджэ яхэткъым. Абы зэи щыуагъэ IэщIэщIэркъым. Тхьэм и къарур апхуэдизкIэ инщи, Абы хузэфIэмыкIын щыIэкъым. Сыт хуейми, псори хуэлэжьынущ Абы. Тхьэм къигъэщIащ дуней псор: уафэри щIылъэри, удзхэри жыгхэри, дыгъэри, мазэри, вагъуэхэри. Абы къигъэщIащ мэлэIычхэр, уэри сэри дыкъэзыгъэщIар Аращ. Тлъагъуи дымылъагъуи псори зэрыщыту а зы Тхьэм и IэщIагъэщ. Аращ уафэр зыгъэгъуагъуэр, щыблэр зыгъэхъуэпскIыр, уэшх къезыгъэшхыр, уэс къезыгъэсыр.

Дэнэ Тхьэр здэщыIэр? Дэ зэхэтхакIэщ Ар уафэм зэрисыр. Ауэ Тхьэр дэ къытхэту мы щIылъэми щыIэщ, жытIэри зэхех. Ар телъыджэкъэ, зы зэманым Тхьэр дэнэ щIыпIи зэрыщыIэфыр? Ар хым тет кхъухьышхуэхэм ярыс цIыхухэм якIэлъокIуатэ, ауэ а зэман дыдэм къриубыдэу хэку жыжьэхэм щыIэ дин ущиякIуэхэм яхэтщ. Дэ зы щIыпIэ закъуэщ дыздэщыIэфынур. Ар зэуэ дэнэ щIыпIи щыIэфынущ.



Ди дежкIэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр Тхьэм фIыуэ дыкъызэрилъагъурщ, Абы и нэIэ къызэрыттригъэтырщ. Дэри Ар фIыуэ долъагъури, Тхьэм и жагъуэ хъун IуэхущIафэ зэрыдмылэжьыным дыхэтщ.

*Узэджэнур:* Исай бегъымбарым итха тхылъыр: 6:1-8

*УпщIэхэр:*
1. Тхьэм Iэпкълъэпкъ иIэ?
2. Тхьэр иджыпсту здэщыIэ щIыпIэхэм ящыщу нэгъуэщI мыхъуми тIум я цIэ къиIуэт.
3. Жэщым, щыкIыфIым деж Тхьэм илъагъуIарэ?

*ТхьэелъэIур:* Ди Тхьэ ину уафэм щыIэ! ФIыщIэ пхудощI Уэ зэпымыууэ уи нэIэ къызэрыттебгъэтым папщIэ. Iэмин!

## 3. ТХЬЭР ДЭНЭ КЪИКIА?

Тхьэм теухуауэ зэхэтххэм ящыщ куэдыр ди дежкIэ гурыIуэгъуейщ; псалъэм папщIэ, Тхьэр зэуэ дэнэ щIыпIи зэрыщыIэр. Ди нэгу къудей къытхущIэгъэхьэфынукъым ар къызэрыхъур. Езы Тхьэми ар дэ къыдгуригъаIуэркъым. Ауэ зэгуэр а ди упщIэ псоми я жэуап дэ уафэм къыщытIэрыхьэнущ.

Дэнэ Тхьэр къыздикIар? ИIа Абы адэрэ анэрэ? Хьэуэ, Тхьэр ади ани хуэныкъуакъым. Ар лъхугъэкIэ дунейм къытехьакъым, сабий цIыкIууи зэи щытакъым, сыту жыпIэмэ Тхьэр а зэрыщыту дапщэщи щыIащ. Ар игъащIэ лъандэрэ инщ. Нобэ къэси Абы зыкIи зихъуэжакъым.

Тхьэр уэ укъалъхун япи, уи адэ-анэр къалъхун япи щыIащ. Бгыи, жыги щыщымыIэм, удз иджыри къыщымыкIым, щIым хьэкIэкхъуэкIэхэр щытемытым Тхьэр щыIэ щIыкIэт. Зыри щыщымыIэххэми Ар щыIэкIэт. ИкIи дяпэкIи игъащIэкIэ щыIэнущ Тхьэр.

Дэри дыщыIэнущ игъащIэкIэ. Аращ дэ Тхьэм дыкъыщIигъэщIар. Дапщэщи щIыракъым дэ дыщыпсэунур. Ди пкъыр зэгуэр жьы хъунурэ дэ щIыр къэбгынэн хуей хъунущ. Ауэ щIым дыщытетым Тхьэр фIыуэ тлъэгъуауэ щытмэ, дэ Абы и деж уафэм игъащIэкIэ дыщыпсэуну дыдришеинущ.

ЩIым тетщ цIыху акъылыншэ куэд: Тхьэр фIыуэ ялъагъуным ипIэкIэ абыхэм я щхьэ закъуэращ фIыуэ ялъагъужыр. Ахэр лIа нэужь, Тхьэм ахэр езым и деж уафэм дришеифынукъым. Ахэр щIыпIэ кIыфI уфа гуэрым къыщыхутэнурэ Тхьэр ямылъагъуу абы игъащIэкIэ исынухэщ.

Мыухыж гъащIэ щыдиIэкIэ, щIым дыщытет тIэкIум тэмэму дызэрыпсэуным дыхущIэкъун хуейщ. МыкIуэдыжын гъащIэ къызэрыпэщылъыр зыщыгъупщэжауэ щыта зы цIыху къулей гуэрым и хъыбар фезгъэдэIуэнщ сэ.

А зи гугъу сщIы цIыхум гъавэ бэв къыхуэхъуат. И гуэнхэр къикъутэу изт гъавэр. Хуабжьу гуфIэрт, сыту жыпIэмэ а къомыр ищэмэ уасэфI къыщIихынут, нэхъ къулеижи хъунут.

„ФIы гуэр хъуащ! – хужиIэжащ абы и щхьэм. – ДяпэкIэ сыщIэлэжьэжын щыIэкъым. Ахъшэу сэ къысIэрыхьэнум сыт сыхуейми псори кърисщэхуфынущ!“

Пщыхьэщхьэм гъуэлъыжа нэужьи жейм емызэгъыу и мылъкум егупсысащ. А и мылъкум щыщ Iыхьэ цIыху хуэмыщIахэм, къулейсызхэм яритыну ауи игу къэкIыххакъым.

А жэщым лIащ а лIы бейр. Иджы ар Тхьэм и пащхьэ ихьэн хуей хъуащ. Абдеж игу къыщыкIыжащ Тхьэм хуэлэжьэн зэрыхуеяри мылъкукIэ къулейсызхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ защIигъэкъуэн зэрыхуеяри. Ауэ кIасэ хъуат.

Согугъэ а зи гугъу фхуэсщIа лIы бейм хуэдэ акъылыншэ фэ зыри къыфхэмыкIыну!

*Узэджэнур:* ХъыбарыфIыр Лука КъызэрыжиIар 12:16-28

*УпщIэхэр:*
1. Тхьэм иIэ къыщалъхуа махуэ?
2. Бгыхэмрэ жыгхэмрэ иджыри щыщымыIэм щыгъуэ Тхьэр щыIа?
3. Дапщэш лъандэрэ Тхьэр зэрыщыIэр?
4. УлIа нэужь дапхуэдиз гъащIэ уиIэну уэ иджыри?

*ТхьэелъэIур:* Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ! ФIыщIэ

пхудощI Уэ мыкIуэдыжын гъащIэ къызэрыдэптым папщIэ. Уи жагъуэ дымыщIу дыпсэунымкIэ къыддэIэпыкъу. Аущ Христос и цIэкIэ абыкIэ дынолъэIу. Iэмин!

## 4. ТХЬЭР ЩЫДМЫЛЪАГЪУКIЭ, АР ЩЫIЭУ ДЭНЭ ЩЫТЩIЭРЭ?

Хэт жьыр зыхуэлъагъунур? Сэ къысхуэлъагъунукъым си щхьэкIэ, уэри арагъэнщ. Ауэ жьыр дымылъагъу пэтми, ар зэрыщыIэм псори дыщыгъуазэщ. Ар ди щхьэцхэмкIэ зэхыдощIэ, абы удзми жыгми я щхьэкIэр зэригъэщхъыр долъагъу. Ауэ езы жьыр илъэгъуауэ зыри щыIэкъым.

Тхьэри апхуэдэу къытхуэлъагъунукъым. Ауэ Ар пэж дыдэу зэрыщыIэр къытхуэщIэнущ. Ар къыдощIэ Абы илэжь IуэхухэмкIэ.

Тхьэм илэжьхэм щыщу Ар зэрыщыIэр нэрылъагъу къытщызыщI щапхъэ зыбжанэ къыпхуэхьыну пIэрэ уэ?

Къэтщтэнщ, псалъэм папщIэ, вагъуэхэр, дыгъэр, мазэр. Ахэр езыр-езыру уэгум къиува уи гугъэ? Зыгуэрым ахэр абы иригъэувэн хуейтэкъэ? Унэ плъагъумэ, уэ зэи жыпIэнукъым ар езыр-езыру щIым къыхэкIауэ. Уэ уощIэ ар зыгуэрым зэриухуар. Уэгум вагъуэ бжыгъэншэхэр исү щытлъагъукIи ар ауэ сытми къэхъуа Iуэхуу зэрыщымытыр къыдгуроIуэ. Зыгуэрым ахэр абы иригъэуващ. Мис а зыгуэрыр аращ Тхьэ хъужри.

Тхьэр къыщIытхуэмылъагъур сытми пщIэрэ? Тхьэр апхуэдизкIэ дахэщ, апхуэдизкIэ уардэщи, Абы дызэрыIуплъэу дылIэнут. Ауэ Тхьэм дыхуэжыIэщIэмэ, Абы зэгуэр дэ Езым и деж уафэм дыдришеижынущ. Мис абы къыщытлъагъунущ Тхьэр Езым и щIыхьым щIыгъуу.

Иджыпсту Тхьэр ди дежкIэ мынэрылъагъуми, дэ Ар ди фIэщ тхуэщIынущ, фIыуи тхуэлъагъунущ. Библием дэ дегъэцIыху Тхьэр, Абы цIыхухэм къытхуиIэ лъагъуныгъэмрэ къытхуищI гущIэгъумрэ дащегъэгъуазэ. Тхьэр фIыуэ плъагъун щхьэкIэ Iэмалыншэкъым Ар уи нэкIэ плъагъуныр.

Зыгуэр анэм и пхъум жриIащ Тхьэр фIыуэ илъагъун зэрыхуейр.

– Ар сымылъагъуу дауэ фIыуэ зэрыслъагъуфынур? – къыжриIэжащ хъыджэбз цIыкIум.

Махуэ зыбжанэ дэкIауэ пощтзехьэм абы зэи имылъэгъуа и анэ шыпхъум къыбгъэдэкIыу посылкэ къыхуихьащ. Хъыджэбз цIыкIум хуэсакъыурэ зэкIуэцIылъыр щызэкIуэцIихым, сурэтхэмкIэ гъэщIэрэщIа тхылъ дахэ цIыкIу къыдэкIащ. ЗыщимыгъэнщIу куэдрэ еплъа нэужь, и анэм деж жащ.

– Мамэ, еплъыт мы тхылъым и дахагъэм! Си анэ шыпхъур икъукIэ цIыху гуапэщ!

– Дэнэ щыпщIэрэ абы зэи уIумыплъауэ?

– Пэжщ, сэ ар слъэгъуакъым, – къритыжащ жэуап

хъыджэбз цIыкIум, – ауэ сэ къызолъытэ ар цIыху гуапэу. Мыр зи дахагъ тхылъыр тыгъэ къысхуищIакъэ абы!

Мис абы ещхьу дэри Тхьэр фIыуэ тхуэлъагъунущ, Абы зэи дытемыплъа пэтми. Сыт хуэдиз фIыгъуэ тыгъэ къытхуищIа абы: ди псэупIи, ди адэ-ани, нэгъуэщI Iэджи. Абы къыхэкIыуи дэ Ар фIыуэ тлъагъун хуейщ, Ар иджыпстукIэ ди нэкIэ къытхуэмылъагъуми, Абы фIыщIэ хуэтщIыпхъэщ.

| | |
|---|---|
| *Узэджэнур:* | Мусэ бегъымбарым итха япэ тхылъыр 1:14-28 |
| *УпщIэхэр:* | 1. Уэ жьыр къыпхуэлъагъуну? Ар щыIэу дэнэ щыпщIэрэ?<br>2. Тхьэр къыпхуэлъагъуну пIэрэ уэ? Ар зэрыщыIэр дэнэ щыпщIэрэ? Абы и щапхъэ зыбжанэ къэхьыт.<br>3. Сыт дэ Тхьэр къыщIытхуэлъагъур?<br>4. Дапщэщ дэ Ар щытлъагъунур? |
| *ТхьэельэIур:* | Зиусхьэн лъапIэ! Дэ Уэ фIыщIэ пхудощI блэжьхэмкIэ узэрыщыIэр къызэрыдыбгъащIэм папщIэ. Вагъуэхэми, дыгъэми, мазэми Уэ уи инагъыр нэрылъагъу къытщащI. Зэгуэр Уэ узэрыщыт дыдэм хуэдэу дызэрыпIуплъэнум папщIэ фIыщIэ пхудощI. Iэмин! |



## 5. ТХЬЭ АДЭР, ТХЬЭ КЪУЭР, ТХЬЭ ПСЭ ЛЪАПIЭР

Дэ дощIэ зы Тхьэ фIэкIа зэрыщымыIэр. Иджы адэкIэ дызытепсэлъыхьынур гурыIуэгъуафIэкъыми, гупсэхуу егупсысын хуейщ. Тхьэм и Псалъэм щыщу мы зи гугъу тщIынур нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщщ.

Ди Адэу уафэм щыIэр Тхьэрщ. Ауэ фэ фыщыгъуазэкIэу пIэрэ Аущ Христоси зэры-Тхьэм? Апхуэдэ дыдэу Псэ ЛъапIэри Тхьэщ. А щыри Тхьэщ. Ауэ абы къикIыркъым Тхьэуэ щы щыIэу. Дэ диIэр щыуэ зэхэт зы Тхьэщ.

Дауэ атIэ а щыр – Адэр, Къуэр, Псэ ЛъапIэр – зы Тхьэ закъуэу зэрыщытынкIэ хъунур? АтIэ Аущыр Тхьэм и нэгъуэщIыщIэу арауэ пIэрэ? Хьэуэ ! Адэр, Къуэр, Псэ ЛъапIэр а зы Тхьэм и цIэ зэмылIэужьыгъуэхэу аракъым. Тхьэм, зэрыжыпIэнуращи, и къалэнхэр зэпэгуэшауэ щытщ. Тхьэ Адэмрэ Тхьэ Къуэмрэ уафэмрэ щIылъэмрэ къагъэщIащ. Аущ жеIэри: „Адэмрэ сэрэ дызщ“.

Аущ лIахэм къахэтэджыкIыжа нэужь уафэм дэкъуеижащ, Тхьэ Адэм бгъэдэтIысхьэжын папщIэ. Дэ Абы къытхуигъэкIуащ Абыхэм хуэдэкъабзэу Тхьэуэ щыт Псэ ЛъапIэр. А Псэ ЛъапIэр яхэлъщ Аущ Христос зи фIэщ хъу цIыхухэм.

Ауэ, дауэ щымытми, Тхьэуэ щыIэр зыщ. Иджы ди

нэгу къыщIэдгъэхьэну дыхущIэкъунщ зи гугъу тщIа щыр зы Тхьэу зэрыщытынкIэ хъунур. Феплъыт къазудзым. Ар къапщIиищу зэхэтщ, ауэ а къапщIищри зы тхьэмэщ зэрыхъур. Е къэтщтэнщ псалъэм папщIэ псыр. Абы зэрыхабзэу ткIуаткIуэ теплъэщ иIэр. Ауэ щыIэ хъумэ мэщтри мыл мэхъу, къагъавэмэ бахъэ мэхъу. Ауэ псыри, мылри, бахъэри я зэхэлъыкIэкIэ зыщ. А щапхъэхэр дэ тIэкIу дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуфынущ Тхьэр щыуэ зэрызэхэтыр къыдгурыIуэнымкIэ, ауэ ар икIым нэсу щызэхэтщIыкIынур уафэрщ.

Ар тщIэным мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ Аущ зэры-Тхьэр зи фIэщ мыхъу куэд щыIэщ. Ар Тхьэуэ щымытамэ, Ар ди КъегъэлакIуи хъуфынутэкъым.

„Щыуэ зэхэт“ зи гугъу тщIыр икIэм нэсу къывгурымыIуэми фымыгузавэ. Арыншэуи фэ Тхьэм фыхуэIурыщIэфынущ, Абы и унафэхэр вгъэзащIэкIэрэ.

*Узэджэнур:* ХъыбарыфIыр Марк КъызэрыжиIар 1:9-11, ХъыбарыфIыр Иуан КъызэрыжиIар 16:7-15

*УпщIэхэр:* 1. Дэ дгъэлъапIэр зы Тхьэ хьэмэрэ зыбжанэ хъурэ?
2. Ди Тхьэр щыуэ зэхэтщ. Абыхэм я цIэр къыпхуиIуэн?

*ТхьэелъэIур:* Тхьэуэ ин, ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ! Уэ уи инагъыр нэсу зэхэтщIыкIыну зэфIэкI диIэкъым. Ауэ дэ фIыщIэ пхудощI, Уэ фIыуэ дыкъызэрыплъагъум папщIэ. Нэхъри нэхъыфIыжу утлъагъунымкIэ, нэхъ пщIэшхуэж пхуэтщIынымкIэ къыддэIэпыкъу. Аущ Христос и цIэкIэ абыкIэ дынолъэIу. Iэмин.

## 6. СЫТ ТХЬЭМ ЦIЫХУР КЪЫЩIИГЪЭЩIАР?

Сыт дэ Тхьэм дыкъыщIигъэщIар, дыщIэпсэури сыт? Тхьэм дэ дыкъыщIигъэщIар Езыр фIыуэ тлъагъун, Абы пщIэ хуэтщIын щхьэкIэщ. Ар къыпоплъэ дэ фIыщIэ хуэтщIыну, икIи Ар хуейщ апхуэдэ гущIэгъу зыхэлъ Тхьэ ин зэрыдиIэм папщIэ дэ дыгуфIэну. Абы къимыдэкIэ Ар хуейщ дэ Абы къытхуиIэ лъагъуныгъэшхуэм дригъэгупсысыну. Ди гуэныхь псори ипшыныжу дэ ди пIэкIэ тазыр зыхьа Аущ Христос, Езым и Къуэр, къызэрытхуигъэкIуамкIэ наIуэ къытщищIащ Абы къытхуиIэ лъагъуныгъэр. Ди гум къыбгъэдэкIыу Тхьэм фIыщIэ хуэтщIыпхъэщ Абы и быну дыщытыну Iэмал къызэрыдитым папщIэ. Апхуэдэу Ар мэгугъэ дэ ди благъэхэм, гъунэгъухэм фIылъагъуныгъэкIэ дабгъэтыну. Тхьэм фIыуэ дыкъызэри-

лъэгъуамкIэ дэ къару къыдет адрейхэр дэ апхуэдэу тлъагъуну.

Къывгуры1уа иджы Тхьэм цIыхур къыщIигъэщIар? Абы дэ псори къытхуищIащ. Иджы дэ Абы и цIэр дгъэлъапIэфынущ, Ар фIыуэ тхуэлъагъунущ, Ар зыхуейхэр тхуэлэжьынущ.

Плъагъурэ уэ Ар фIыуэ? Аращ уэ Абы гъащIэ къущIитар.

Сэ къысхуаIуэтэжащ Тхьэр фIы дыдэу зылъагъуу щыта гуэрым и гугъу. Абы гукъыдэжышхуэ иIэу Тхьэм хуауса уэрэдхэр жиIэрт, ахэр Тхьэм зэрыфIэфIыр ищIэрти. И макъыр зэрымыщIагъуэм щхьэкIэ языныкъуэхэм абы къыжраIэрт а уэрэдхэр жимыIэмэ нэхъыфIу. Ауэ абыхэм жэуапу къаритыжырт мыпхуэдэу: „Си Адэ лъапIэу уафэм щыIэр си уэрэдым къыщогуфIыкI, къуаргъым нэхърэ мынэхъ щIагъуэу ар жысIэми“.

Тхьэр фIыуэ тлъагъумэ, а лъагъуныгъэр нэрылъагъуу икIи зэхэпхыу щытын хуейщ. Тхьэм ар и гуапэ мэхъу.

*Узэджэнур:* Псалтыр 146

*УпщIэхэр:*

1. Сыт дэ Тхьэм дыкъыщIигъэщIар?
2. Тхьэм дэ дыкъыщIигъэщIар Езым папщIэ дигъэпсэуну аращ. Ди щхьэ закъуэм дыхуэпсэуж хъуну пIэрэ-тIэ?
3. Фэ дауэ феплъэрэ, дахэ-дахэу уэрэд тхужымыIэми Тхьэм ди уэрэд зэхихыну хуейуэ пIэрэ?



*ТхьэелъэIур:* Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ, уэ къытхуэпщIэр фIыщIэ зыщIыфын дыщI. КъыддэIэпыкъу Уэ удгъэлъэпIэнымкIэ, Уи щIыхьым папщIэ дыпсэунымкIэ! Аущ Христос и цIэкIэ абыкIэ дынолъэIу. Iэмин.

## 7. ТХЬЭШХУЭМ ПАПЩIЭ ИДЖЫРИ НЭХЪЫБЭЖ

Уэ куэд пщIэрэ? Уэ машынэхэм, кхъухьлъатэхэм теухуауэ зыгуэрхэр уощIэ, уэ тхэкIэ, къеджэкIэ уощIэ, нэгъуэщI гуэрхэми зыгуэр хыбощIыкI. Ауэ уи адэ-анэм уэ нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэ ящIэ. ЦIыхур и гъащIэ псом зыгуэрым хуеджэ мэхъу. Ауэ абы къищIэну хунэмысу Iэджэ къонэ.

Ауэ щыIэщ псори зыщIэ Гуэр: Тхьэр. Аращ псори къэзыгъэщIар, ауэ щыхъукIэ псори и нэIуасэщ. Уеблэмэ иджыпсту уэ узэгупсысым щыгъуазэщ Ар. Илъэс мин Iэджэ япэкIэ щыIахэри ещIэ Абы, дяпэкIэ къэхъунухэми щыгъуазэщ. Тхьэм апхуэдэу ещIэ уэ Ар фIыуэ плъагъуми умылъагъуми. Тхьэм зыри щыбгъэпщкIуфынукъым, щубзыщIыфынукъым, сыту жыпIэмэ Ар дэни щыIэщ, псори ещIэ икIи зыри щыгъупщэркъым.

Тхьэм апхуэдэу щӀапхъэу къилъытэ псори зэрищӀэн къарурэ зэфӀэкӀрэ иӀэщ. Абы хузэфӀэмыкӀын щыӀэкъым. Тхьэм сымаджэр узыншэ хуэщӀыжынущ. Абы борэн къызэщӀиӀэтэфынущ, щыхуейми ар хуэгъэужьыхыжынущ. Тхьэ иным цӀыхухэм я гуэныхьхэр яхуегъэгъури абыхэм мыкӀуэдыжын гъащӀэ къарет.

Тхьэм иджыри и зы нэщэнэ тщӀэну ди дежкӀэ сэбэпщ: Тхьэм зихъуэжыркъым. Ар дапщэщи – дыгъуаси, ноби, игъащӀэкӀи а зэрыщытщ. Зэи ар нэхъ жьы, нэхъ къарууншэ хъунукъым. Уэ уиӀэнкӀэ хъунщ жьы, къарууншэ хъуа анэшхуэрэ адэшхуэрэ. ЦӀыхухэм захъуэж. Я щӀалэгъуэм щыгъуэ ахэр къаруфӀэхэщ, узыншэхэщ, жьы хъуа нэужь кхъахэ мэхъухэр. Тхьэр абыхэм хуэмыдэу дапщэщи а зы щытыкӀэм итщ.

Тхьэм дэ фӀыуэ дыкъелъагъу. Абы къыхэкӀыуи ди къэкӀуэнум щхьэкӀэ дыщӀэгузэвэни дыщӀэшынэни щыӀэкъым. Дэ ди Тхьэр телъыджэщ икӀи лъэщщ.

*Узэджэнур:* Псалтыр 8

*УпщӀэхэр:* 1. Тхьэм и ӀэрыкӀхэм щыщу зыбжанэм я цӀэр къиӀуэт.
2. Тхьэм фӀэкӀа нэгъуэщӀым имынэӀуасэ гуэрым и цӀэ къиӀуэт.
3. Тхьэр жьы хъункӀэ хъуну?

*ТхьэелъэӀур:* МыкӀуэдыжын гъащӀэ зиӀэ ди Тхьэ телъыджэ, уафэм щыӀэ ди Адэ лъапӀэ! ФӀыщӀэ пхудощӀ Уэ къару, зэфӀэкӀ мыкӀуэщӀ узэриӀэм папщӀэ, апхуэдэу зэи зэрызумыхъуэжым папщӀи. ФӀыщӀэ ин пхудощӀ Уэ Уи лъагъуныгъэм папщӀэ икӀи дынолъэӀу: ди гъащӀэмкӀэ Уи щӀыхьыр тӀэтыфу дыгъэпсэу. Ӏэмин.



## 8. МЭЛЭӀЫЧХЭР

ЦӀыхухэр къигъэщӀын япэ Тхьэм уафэр псэупӀэ зыхуищӀа псэ зыпыт гуэрхэр къигъэщӀащ. Абыхэм Библиер зэреджэр мэлэӀычщ. Дэ ахэр къытхуэлъагъунукъым, абыхэм депсэлъэфынукъым. Ауэ езыхэм дэ дыкъалъагъу. Абыхэм языныкъуэхэр дэ ди гъунэгъу дыдэщ. Абыхэм дэ дыкъахъумэ, щӀэгъэкъуэн къытхуохъухэр.

Ауэ абы, дауикӀ, къикӀыркъым дэ дяпэкӀэ зыри къытщыщӀынкӀэ мыхъуну. Арыншамэ дэ ди щхьэ къихьэнкӀэ хъунут дяпэкӀэ Тхьэншэуи дыпсэуфыну. Тхьэм дэ зэи дыкъигъэгугъакъым гъащӀэ шынагъуэншэкӀэ, ауэ Абы Езым и мэлэӀычхэм я пщэ ирилъхьащ И бынхэр я нэӀэ щӀагъэтыну.

Языныкъуэ мэлэӀычхэм увыпӀэ хэха яубыд. Псалъэм папщӀэ, Тхыгъэ ЛъапӀэм дэ дыкъыщоджэ ДжэбрэӀил мэлэӀычым и гугъу. А мэлэӀычыр Тхьэм и лӀы-

кІуэ хэхауэ щытщ. Даниил бегъымбарыр зэкІэлъыпыту махуэ зыбжанэкІэ Тхьэм щелъэІуам щыгъуэ, Тхьэм абы а мэлэІычыр къыхуригъэхауэ щытащ. Нэхъ иужькІэ а мэлэІыч дыдэр Иуан ПсыщІэгъауэм и адэ Зэхарие къыхуэунэхуауэ щытащ. Апхуэдэу а ДжэбрэІил мэлэІичыр Мэрем и пащхьэ къыщыунэхури Тхьэм ар Ауц Христос и анэ хъуну къызэрыхихар къыжриІэгъащ.

Дэ апхуэдэу дыкъоджэ Михаил мэлэІыч пашэм и хъыбар. Ар Тхьэм и мэлэІыч нэхъ зэфІэкІ ин зиІэхэм ящыщ зыщ. Вифлеем и губгъуэхэм зы мэлэІыч гуп псо къехауэ щытащ. Абыхэм Іэхъуэхэм хуаІуэтащ КъегъэлакІуэр къызэралъхуамкІэ хъыбар гуфІэгъуэр икІи Тхьэр зыгъэлъапІэ уэрэд ягъэІугъащ.

МэлэІычхэри дэ дыкъызэригъэщІам ещхьыркъабзэу Тхьэм къигъэщІауэ аращ, абы къыхэкІкІи Тхьэм ещхьу ахэр дгъэлъэпІэну дэ хуитыныгъэ диІэкъым. Уэ зэгуэр уегупсысагъэнкІэ хъунщ, мэлэІычу сыщытамэ сехъулІатэкъэ, жыпІэу. Ауэ ипэжыпІэкІэ уэ узэрыщытым хуэдэу ущытыныр ІэджэкІэ нэхъыфІщ. МэлэІычхэр Тхьэм и ІуэхутхьэбзащІэхэу аращ. Дэ Тхьэм дырибынщ. Тхьэм и быну ущытыныр – ар насыпышхуэщ! Дэ дыгуфІэн хуейщ Тхьэм ажал мыухыжыр зэрытщхьэщихам папщІэ. Абы дэ дыкъигъэгугъащ Езым и деж игъащІэкІэ дыщыІэну дишэну.

Сэ вжесІэжынщ мэлэІыч зыбжанэ зылъэгъуа ныбжьыщІэм и хъыбар. А щІалэщІэр Елисей бегъымбарым и ІуэхутхьэбзащІэт. Тхьэм а бегъымбарым и пщэ кърилъхьат Езым и гуращэхэр цІыхухэм яхуиІуэтэн хуейуэ. Абы цІыхухэр ямылейуэ игъэгубжьт – ахэр хуейт дяпэкІи гуэныхь зыпылъ Іуэхухэр ялэжьу псэуну. Ауэ бегъымбарым кІуапІэ къаритыртэкъыми, мохэри хущІэкъурт Елисей зыгуэркІэ зэран хуэхъуну. Абы щыгъуэ пащтыхьым мурад ищІащ бегъымбарым тазыр трилъхьэну. Ар къаубыду ягъэтІысын щхьэкІэ зы дзэ псо хъун бегъымбарыр а зэманым зыдэса къалэм игъэкІуащ. Зэгуэр пщэдджыжьым жыуэ бегъымбарым и ІуэхутхьэбзащІэм къилъэгъуащ къалэр зэрыщыту зауэлІхэм къызэратІысыхьар. ЗауэлІ минхэр къэкІуат Елисей яубыдыну! ІуэхутхьэбзащІэр бегъымбарым деж жэри кІиящ:

– Сыт тщІэнур? ЗауэлІхэм даубыдыну дыкъаувыхьащ!

Ауэ бегъымбарым жиІащ:

– Умышынэ! Тхьэр дэ къыддощІ. МэлэІычхэр ди хъуреягъкІэ зэхэтщ, дыкъахъумэри.

Елисей Тхьэм елъэІун щІидзащ: „Зиусхьэн, кхъыІэ, си ІуэхутхьэбзащІэм и нэхэр зэтехи дыкъахъумэн папщІэ къытхуэбгъэкІуа мэлэІычхэр къегъэлъагъу“. Зиусхьэнми ахэр яхъумэну къигъэкІуа шыгу мафІэхэр ІуэхутхьэбзащІэм илъагъун хуэдэу нэрылъагъу ищІащ. ЗауэлІхэр нэхъ гъунэгъу къыщыхъум, Елисей Тхьэм елъэІуащ Абы ахэр пІалъэкІэ нэф ищІу езымрэ и ІуэхутхьэбзащІэмрэ къаримыгъэгъуэтыну. А лъэІури Тхьэм игъэзэщІащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ Елисей бегъымбарымрэ абы и ІуэхутхьэбзащІэмрэ ажалым щыхъума хъуахэщ.

*Узэджэнур:* Апостолхэм ялэжьа Іуэхухэр 12:5-17

*УпщIэхэр:* 1. МэлэIычхэм ятеухуауэ дэ сытым дыщыгъуазэ?

2. Нэхъ мэлэIыч пашитIым хэт зэреджэхэр?

3. ЦIыхур мэлэIыч хъуфынкIэ хъуну?

4. Уэ къызэрыпфIэщIымкIэ, нэхъыфIыр дэтхэнэра: мэлэIычу ущытыныра е Тхьэм и быныр ара?

*ТхьэелъэIур:* Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ! Уэ мэлэIычхэр къэбгъэщIащ абыхэр къыпхуэлэжьэн папщIэ. ФIыщIэ пхудощI Уэ Уи мэлэIычхэм дызэребгъэхъумэм папщIэ. Апхуэдэу фIыщIэ пхудощI Уэ Уи быну дызэрыщыбгъэтым папщIэ. Iэмин.

## 9. ШЕЙТIАНЫР ХЭТ ХЪУНУ?

ШейтIаныр дэ къытхуэлъагъунукъым, ауэ ар дунейм тетщ, зэпымыууи дэри Тхьэми зэран къытхуэхъуну хущIокъу. Ар Тхьэм и мэлэIыч нэхъ инхэм ящыщу къежьащ. Ар Тхьэм и IуэхутхьэбзащIэ нэхъыщхьэт икIи Абы и унафэхэр игъэзащIэрт.

Ауэ зэгуэр абы Тхьэр фIыуэ имылъагъуж, Тхьэм жиIэхэр имыгъэзэщIэж хъуащ. МэлэIычыр жыIэмыдаIуэ щIэхъуами, апхуэдэ гупсыс абы къыщIыпкърыхьам и щхьэусыгъуэми дэ дыщыгъуазэкъым. МэлэIычым Тхьэм ефыгъуэу къиублат икIи Тхьэм хуэдэ езыри хъуну игу къихьат. Апхуэдэ щIыкIэкIэ шейтIаныр Тхьэм и бий хъуащ икIи абы лъандэрэ Абы зэран сыткIи зэрыхуэхъуным хэтщ.

Ауэ, и чэзур къэсмэ, Тхьэм Езым и бийм тазыр трилъхьэнущ. ЖыхьэнэмэкIэ еджэу щIыпIэ гуэр щыIэщ, шейтIанымрэ абы хуэлажьэхэмрэ мис а щIыпIэм игъащIэкIэ бэлыхьымрэ хьэзабымрэ щагъэву исынухэщ.

Языныкъуэ мэлэIычхэр шейтIаным и лъэныкъуэ хъуахэщ. Апхуэдэ мэлэIыч хэукъуахэм Тхьэм и Псалъэр жинкIэ йоджэ. Ахэр езы шейтIанми хуэдэу жинхэщ икIи ди хъуреягъкIэ ахэр щыIэхэщ. Ауэ Ауэ фIыуэ тлъагъумэ, Ар дигу илъмэ, абыхэм я зэран къыдагъэкIыфынукъым. ШейтIани жинхэри хуабжьу Аущ щошынэхэр, зэгуэр Абы ахэр мафIэ мыункIыфIыжым зэрыхигъэхьэнур ящIэри.

ШейтIаныр зэрыхузэфIэкIкIэ хущIокъу дэ Iуэху Iейхэм дыхигъэхьэну. Абы къыхэкIкIи мыр дигу идгъэлъыпхъэщ: шейтIаным едаIуэм гуэныхь елэжь!

ШейтIаным нэхъ укъыщигъэпцIэфыну щIыпIэхэм сыткIи запыIудзын хуейщ. ЩыIэщ абы дэуэршэр цIыхухэр (абыхэм „спиритисткIэ“ йоджэхэр). Абыхэм щыгъуэ шейтIаным уи Iыхьлы дунейм ехыжахэр къопсалъэ хуэдэу къыпфIегъэщI. Тхьэм и Псалъэм дэ быдэу къытхуегъэув апхуэдэ цIыхухэр пэшэгъу дымыщIыну. ШейтIани абы и дэIэпыкъуэгъухэри гъэпцIакIуэхэщ.

Зы къуажэ гуэрым щыпсэурт шейтIаным зи фэр хуабжьу ирих щIалэ цIыкIу. ЩIалэ цIыкIум Аущ Христос ицIыхуртэкъым. Зэгуэр щIалэ цIыкIум и адэм зэхихащ Аущ абыхэм я къуажэм пэмыжыжьэу щыIэу. Абы и къуэ цIыкIур Абы и деж ишэри елъэIуащ щIалэ цIыкIум и гум жин фIыцIэр ирихуну. Аущ абы и хьэтыр къилъэгъуащ икIи шейтIаным унафэ хуищIащ щIалэ цIыкIур къибгынэну икIи абы и деж зэи къимыгъэзэну.

ШейтIаныр Аущ пэлъэщынукъым, сыту жыпIэмэ Аущ Христос Тхьэщ.

*Узэджэнур:* Исай бегъымбарым итха тхылъыр 14:12-17; ХъыбарыфIыр Матфей къызэрыжиIар 17:14-18

*УпщIэхэр:*

1. Сыт жыхьэнэмэ зищIысыр?
2. ШейтIаныр хэт хъуну икIи ар япэм хэту щыта?
3. Хэт нэхъ лъэщыр: шейтIаныр хьэмэрэ Тхьэр ара?
4. ШейтIаныр зыхущIэкъур сыт?

*ТхьэелъэIур:* Тхьэуэ Лъэщ, уафэри щIылъэри КъэзыгъэщIа! ФIыщIэ пхудощI Уэ дызэрыуибыным къыхэкIыу шейтIаным и IэмыщIэ дызэрыримыгъэхуэфым папщIэ. ФIыщIэ пхудощI Уэ жин фIыцIэ псори ди КъегъэлакIуэ Аущ Христос зэрыщышынэхэм папщIэ. КъыддэIэпыкъу Уэ ди гъащIэр духыхункIэ уэ дыпхуэпэжу дыкъэнэнымкIэ. Ди Зиусхьэн Аущ Христос и цIэкIэ абыкIэ дынолъэIу. Iэмин.

## 10. ТХЬЭМ IЭДЭМРЭ ХЬЭУАРЭ КЪЫЗЭРИГЪЭЩIАР

Дэ тщIэркъым Тхьэм вагъуэхэр, щIыр, хьэкIэкхъуэкIэхэр, адрей псор къыщигъэщIар дапщэщми. Ауэ Абы а псор зэрилэжьа щIыкIэм ущыгъуазэу пIэрэ? Абы щхьэкIэ Ар зы Iэмэпсыми хуей хъуакъым. Тхьэм псори Езым и ПсалъэмкIэ къигъэхъуащ. Дыгъэм къэнэхуну унафэ хуищIри къэнэхуащ. Тхьэм апхуэдэу къигъэщIащ псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр, бдзэжьейхэр, къуалэбзухэр, жыгхэр, удзхэр. Тхьэм къигъэщIа дунейр дахащэт. Абы къуаци бани щыIэтэкъым, хьэкIэкхъуэкIэхэри мамыру зэдэпсэут, зыр адрейм еIусэртэкъым.

А псом яужькIэ Тхьэм япэ цIыхур – Iэдэм – къигъэщIащ. Библием ар къызэрекIуэкIар мыпхуэдэу щытхыжащ: Тхьэм ятIагъуэ къищтэри абы цIыху IэпкълъэпкЪ къыхищIыкIащ, итIанэ Ар абы епщэри псэ хилъхьащ. КъызыфIэвгъэщIыт Iэдэм мы дуней дахащэм ар къызэрыщыхъуар! А псори Тхьэм щIи-

щIар цIыхурат. Тхьэр уеблэмэ цIыхум къепсэлъащ. Iэдэм Тхьэм еупщIагъэнщ, сыкъызэрыбгъэщIар дауэ, жиIэу, Тхьэми Iуэхур зэрекIуэкIар къыхуиIуэтагъэнщ.

ИкIи мис, зэман дэкIри, Тхьэм мурад ищIащ иджыри зы цIыху – Хьэуа – Iэдэм и дэIэпыкъуэгъуу къигъэщIыну. Iэдэмрэ Хьэуарэ насыпыфIэ дыдэу зэдэпсэууэ къыщIэкIынут. Абыхэм гупсысэ Iей лъэпкъ ягу къэкIыртэкъым, бзаджагъэ жыхуаIэри яхэлътэкъым. Тхьэм ахэр фIыуэ къилъагъуырт, езыхэми Тхьэр фIыуэ ялъагъут.

Тхьэм цIыхухэр къигъэщIри ахэр адрей къигъэщIа псоми я тепщэ ищIащ. ЦIыхумрэ адрей псомрэ я къэгъэщIыныгъэр телъыджэщ икIи щэху ин дахащэщ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ телъыджэр – ар дэ ди зэхэщIыкIкIэ Тхьэр къызэрыдгурыIуэрщ икIи дигукIэ Ар фIыуэ зэрытлъагъуфырщ.

*Узэджэнур:* Мусэ бегъымбарым итха япэ тхылъыр 2:7-25

*УпщIэхэр:*
1. Сыт Тхьэм Iэдэм къызыхищIыкIар?
2. Дапхуэдэ щIыкIэкIэ Тхьэм ЩIыр къызэригъэхъуар?
3. ЦIыхур къызэригъэщIа щIыкIэм дэ сытым дыхуиущииифыну?

*ТхьэелъэIур:* Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ! ФIыщIэ пхудощI Уэ уафэмрэ щIылъэмрэ къызэрыбгъэщIам папщIэ. ФIыщIэ пхудощIыр Уи лъагъуныгъэмрэ Уи лъэкIыныгъэшхуэмрэ папщIэ. КъыддэIэпыкъу Уэ узищIысыр нэхъыфIу къыдгурыIуэнымкIэ икIи нэхъыфIыжу утлъагъунымкIэ. Iэмин.



## 11. ГУЭНЫХЬЫР МЫ ДУНЕЙМ КЪЫЗЭРЫТЕХЬАР

ШейтIаныр Тхьэм хуэжыIэщIэтэкъым икIи абы къыхэкIыу абы афIэкIа Абы хуэлэжьэфынутэкъым. ШейтIаныр зэгуэпырт Iэдэмрэ Хьэуарэ зэрынасыпыфIэм, абыхэм Тхьэр фIыуэ зэралъагъум щхьэкIэ. Арати абы мурад ищIащ Iэдэмрэ Хьэуарэ жыIэмыдаIуэ ищIыну. Абы ищIэрт и мурадыр къехъулIэмэ цIыхухэм я насыпыр абдеж зэрыщиухынур. ИтIанэ Тхьэм абыхэм тазыр ятрилъхьэн, ахэр жэнэтым игъащIэкIэ кърихун хуей хъунут.

Тхьэм цIыхухэм яхуигъэуват жыг хадэм ит жыгхэм ящыщ гуэрым пыт пхъэщхьэмыщхьэ яшх мыхъуну. ШейтIаныр Хьэуа деж къакIуэри къыжриIащ ахэр Тхьэм и жыIэм фIэкIми Абы тазыр лъэпкъ яримыгъэшэчыну. Абы жиIэрт а жыгым пыт пхъэщхьэмыщхьэхэр егъэлеяуэ IэфIу икIи абы щыщ зышхым псори ищIэу хъуну. Ар пцIы узижагъуэнт, ауэ Хьэуа

шейтIаным жиIэрт и фIэщ хъуащ. Абы пхъэщхьэмыщхьэ къыпичри ишхащ, илIми иритри абыи иригъэшхащ.

ИкIи къэхъуар фщIэра? А яшх мыхъуну пхъэщхьэмыщхьэр зэраIухуэу Iэдэмрэ Хьэуарэ лIэн щIадзащ. Абы иужькIэ иджыри зыкъомрэ псэужа пэтми, абыхэм я гъащIэр япэм хуэдэу насыпыфIэжтэкъым, зы махуэм нэхърэ адрей махуэм ахэр нэхъ жьы, нэхъ къарууншэ, нэхъ нэщхъей хъухэрт. Тхьэм ахэр жыг хадэ дахащэм кърихуащ афIэкIа абы ягъэзэжыну хуимыту. Иджы дэнэкIи къыщыкIыу щIадзат банэ, ежьужь зэмылIэужьыгъуэхэм икIи Iэдэм и дежкIэ хьэлъэт и губгъуэр къабзэу зэрихьэныр. А псори къыщIэхъуар Тхьэм зэремыдэIуахэрт. ИужькIэ абыхэм я бынхэри я бынырылъхухэри жыIэмыдаIуэ хъуахэщ. Дэ псори Тхьэм хуэмыжыIэщIэ дыхъуахэщ.

Уи нэгу къыщIэгъэхьэт мы дунейм афIэкIа зыми Iей лъэпкъ щимылэжьыж хъуауэ щытамэ, ар фIы зэрыхъунутэр. Уи дыгъуакIуи, уи цIыхуукIи, уи зауи щыIэжынухэтэкъым. Дэтхэнэ зыри щэныфIэнут, зыр адрейм сыткIи дэIэпыкъунут.

Ауэ а махуэм къэхъуащ цIыхум и тхыдэм и къэхъугъэ нэхъ шынагъуэ дыдэр: цIыхухэр езыхэр Къэзыгъэщ1ам пэщIэувэжахэщ. А жыIэмыдаIуагъэм Библиер зэреджэр гуэныхьщ.

Iэдэмрэ Хьэуарэ щыгугъащ яшх мыхъуну пхъэщхьэмыщхьэр яшхкIэ зыри къащымыщIыну. Арат ШейтIани зыхуейр.

Ар сыт щыгъуи хущIокъу цIыхухэр къигъэпцIэну икIи хуейкъым дэ Тхьэм дыхуэжыIэщIэну. Абы жеIэ Тхьэм демыдаIуэмэ дэ нэхъ насыпыфIэ дыхъуну. Ауэ ар пэжкъым. Тхьэм емыдаIуэхэм тазыр ятрелъхьэ. Iэдэмрэ Хьэуарэ я щхьэкIэ ягъэунэхуащ ар, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, кIасэIуэущ ар къащыгурыIуар.

*Узэджэнур:* Мусэ бегъымбарым итха япэ тхылъыр 3:1-19

*УпщIэхэр:*
1. ШейтIаным Тхьэр фIыуэ илъагъурэ?
2. Уэ Тхьэр фIыуэ плъагъуну хуей ар?
3. Сыт шейтIаным Хьэуа жриIар?
4. Яшх мыхъуну пхъэщхьэмыщхьэр яшха нэужь, Iэдэмрэ Хьэуарэ къащыщIар сыт?

*ТхьэелъэIур:* Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ! Дэ хуабжьу дыхущIогъуэж Уэ дыщыпхуэмыжыIэщIэ куэдрэ къызэрыхъуам. КъыддэIэпыкъу Уэ дыпхуэжыIэщIэу дыщытынымкIэ. КъыддэIэпыкъу апхуэдэу шейтIаным жиIэр ди фIэщ мыхъунымкIэ. Ауэ Христос и цIэкIэ абыкIэ дынолъэIу. Iэмин.

## 12. ТХЬЭМ И ГУРАЩЭЩ ПШЫНЫЖАКIУЭ КЪИГЪЭКIУЭНУ

Дэ зэхэтхкIэщ Iэдэмрэ Хьэуарэ гуэныхьщIакIуэ щыхъуа махуэ Iейм и хъыбар. Ахэр езым я биим, шейтIаным, жиIэм едаIуэри насыпыншэ дыдэ хъуахэщ.

Ауэ ахэр фIыуэ къэзылъагъу Тхьэр хуейтэкъым цIыхухэм я гум Iей къинэну. Абы япэ цIыхухэм тазыр ятрилъхьат, ауэ дауэ щымытми иджыри ахэр фIыуэ къилъагъурт. Уэри фIыуэ укъелъагъу Тхьэм, IуэхущIафэ мыхъумыщIэхэмкIэ мызэ-мытIэу Абы и жагъуэ пщIа пэтми.

ИкIи Тхьэр хуейщ уэри сэри тазырым дыщихъумэну. Абы мурад ищIащ а тазырыр Езым къищтэну икIи Езым и Къуэ Ауэ Христос щIым, цIыхухэм ди деж, къигъэкIуэну. Аущ щIым къеха нэужь, цIыху псоми я гуэныхь псоми папщIэ тазыр ишэчын хуейт.

Абы къыхэкIкIэ Аущ Сабий цIыкIуу Вифлеем къыщалъхуащ. Ар адрей цIыкIухэми ещхьу хэхъуэрт, ин хъурт, ауэ Абы зэи гуэныхь илэжьыртэкъым, мыхъумыщIагъэ лъэпкъи IэщIэщIэртэкъым. Тхьэм Езым и Къуэм тазыр трилъхьащ уэрэ сэрэ ди гуэныхьхэм папщIэ. ЦIыху бзаджащIэхэм Аущ яубыдри Ар жорым кIэраIулIащ, икIи дэ псоми папщIэ Ар лIащ. Дэ ди нэгу къытхущIэгъэхьэнукъым дэ щхьэкIэ Аущ ишэча хьэзабым и инагъыр. Езым фIэфIу дэ щхьэкIэ гугъу зригъэхьащ Абы. Мис аращ езыр Абы дэ къытхуиIэ лъагъуныгъэр зищIысыр.

Зэгуэр цIыху гуэр зэрыдыгъуам папщIэ ягъэтIысат. Ар хеящIэм хуашащ. ХеящIэм къицIыхужащ къыхуашар – ар зэгуэр абы и ныбжьэгъуат. Ауэ абы ар и ныбжьэгъуу зэрыщытам щхьэкIэ иутIыпщыж хъунутэкъым – хуэфащэ тазыр трилъхьэну и къалэнт. Арати и унафэр ищIащ: къидыгъуа ахъшэхэр къызыфIидыгъуам иритыжын, езыр зы мазэкIэ лъэхъуэщым исын хуейт.

– А ахъшэ къэздыгъуар сиIэжкъым! – къыхэкIиикIащ дыгъуакIуэр.

ИкIи абдеж хеящIэм гъэщIэгъуэн ищIащ.

– Ерэхъу, – жиIащ абы. – Сэ пхуэспшынынщ уи щIыхуэр.

ИкIи хуитыжащ абы и ахъшэр.

– Иджы, – пищащ хеящIэм и псалъэм адэкIэ, – сэ уэ уи пIэкIэ лъэхъуэщым ситIысхьэнщ. Уэ кIуэжи уи унагъуэм яхэтIысхьэж.

ИкIи хеящIэр мазэ псокIэ исыну лъэхъуэщым кIуащ, мыдрей дыгъур яутIыпщыжри и унагъуэм яхыхьэжащ.

Мис апхуэдэ дыдэущ Тхьэри дэ къызэрыддекIуэкIар. Ди гуэныхьхэм щхьэкIэ дэрат тазыр зышэчыжыпхъэр. Апхуэдэ тазыру дэ къэтхьт бэлыхь мыухыж – игъащIэкIэ Тхьэм пэIэщIэ дыхъуныр. Ауэ дэ ди пIэкIэ Аущ ди тазырыр ипшынащ икIи дэ мыкIуэдыжын гъащIэ диIэн щхьэкIэ ди гуэныхьхэм папщIэ лIащ.

Си гугъэщ Абы и лъагъуныгъэ иныщэм хуэфэщэн

фIыщIэ дэ Абы зэи хуэдмыщIыжыфыну. Уэ дауэ уеплърэ?

*Узэджэнур:* ХъыбарыфIыр Лука КъызэрыжиIар 22:39-46, 23:27-38

*УпщIэхэр:* 1. Тхьэм уэ къыпхуиIэ лъагъуныгъэм дапхуэдиз и инагъыу пIэрэ?
2. Уэ Тхьэр дапхуэдизу фIыуэ плъагъурэ?
3. Тхьэр уэ фIыуэ зэрыплъагъум и инагъыр сыткIэ нэрылъагъу пхуэщIыну?

*ТхьэелъэIур:* Ди Адэ лъапIэ уафэм щыIэ! Дэ дощIэ ди Зиусхьэн Аущ Христос апхуэдизу фIыщэу дыкъилъагъути, дэ щхьэкIэ жорым зэрыкIэрылIыхьар. КъыддэIэпыкъу, кхъыIэ, дэри дигукIи ди псэкIи Аущ фIыуэ тлъагъунымкIэ. Дэ дыхуейщ дигъащIэ псор Уэ дыпхуэлэжьэным теду-хуэну, дигукIи ди псэкIи Уэ уи закъуэ ууейуэ дыщытыну. Iэмин.



## 13. ДИ МЭЛЫХЪУЭФIЫР

Аущ уафэм щищIэм ущыгъуазэу пIэрэ уэ? Ар къащхьэщож Езыр я фIэщ хъууэ гукIэ къэзыщта псоми папщIэ Тхьэм йолъэIур. ШейтIаныр Тхьэм деж кIуэуэ дэ зэхэтщIыхьахэр щыхуиIуэтэжкIэ, Аущ жеIэ: „Сэ абыхэм папщIэ жорым сыкIэрылIыхьащ“, – жеIэри.

Абы Езым и Псэ ЛъапIэр къытхуегъакIуэ, Абы ди щыуагъэхэм гу лъыдигъэтэжу ахэр дгъэзэкIуэжын щхьэкIэ.

Аущ дэ ди мэлыхъуэфIыщ. Ар къыддоIэпыкъу Тхьэм и бынхэр зэрыпсэупхъэм хуэдэу дыпсэунымкIэ.

Ауэ зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым Аущ дэ димызакъуэу адрей цIыхухэри фIыуэ зэрилъагъур. Ар дэ къыддоIэпыкъу адрей цIыхухэм Тхьэм и хъыбар яхуэтIуэтэнымкIэ. Абы фIэфIщ Аущ Христос абыхэм папщIэ зэрылIар дэни щыдгъэхъыбарыну. Абы Езым и бынхэр щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм егъакIуэ адрей цIыхухэм яIущIэн папщIэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ цIыху куэдым зэхах къызэрелахэм теухуа хъыбар гуфIэгъуэр. Аущ цIыху псори фIыуэ елъагъу, уеблэмэ Абы теухуауэ зыри зыщIэну хуэмейхэри яхэту.

*Узэджэнур:* Апостол Павел Рим къалэм дэсхэм яхуитха тхылъыр 8:35-39

*УпщIэхэр:* 1. Сыт Аущ дэ щхьэкIэ уафэм щилэжьыр?

2. Аущ дэ къытхуиӀэ лъагъуныгъэр дэнэ щытлъагъурэ?

3. Сыт дэ цӀыхуу хъуам яхуэтӀуэтэн хуейр?

*ТхьэелъэӀур:* Ди Адэ лъапӀэу уафэм щыӀэ, фӀыщӀэ пхудощӀ Уэ Уи лъагъуныгъэ иным папщӀэ, апхуэдэу дэ Уэ Уи Ӏэхэм зыми дакъызэрыӀэщӀимыхыфынум папщӀэ. КъыддэӀэпыкъу Уэ фӀыуэ утлъагъунымкӀэ, Уи жыӀэр дгъэзэщӀэнымкӀэ. КъегъэлакӀуэм и хъыбар адрей цӀыхухэм зэрахуэтӀуэтэфын къарурэ зэфӀэкӀрэ къыдэт. Ди Зиусхьэным, Аущ Христос, и цӀэкӀэ абыкӀэ дынолъэӀу. Ӏэмин.

## 14. АУЩ ДИ ЩХЬЭМ И КЪЕГЪЭЛАКӀУЭ ХЪУНУ ДЕЛЪЭӀУМЭ, КЪЭХЪУНУР СЫТ?

Тхьэр игъащӀэ лъандэрэ щыӀэщ. Абы пэщӀэдзи кӀэухи иӀэкъым. ЩыӀащ цӀыхуи, езы ди щӀыри щыщымыӀа зэман. Тхьэр игъащӀэ лъандэрэ зэрыщыӀэм икӀи зэрыщыӀэнум нэмыщӀкӀэ Абы икӀи псоми хещӀыкӀ, псоми щыгъуазэщ. Уэ укъалъхуным Ӏэджэ зэман иӀэу Абы укъызэралъхунур ищӀэрт икӀи абы щыгъуэ фӀыуэ укъилъагъурт.

Ауэ Тхьэр апхуэдэ дыдэу щыгъуазэкӀэт уэ зэгуэр блэжьыну гуэныхьхэми. Мис ар Абы и жагъуэ хъурт. Абы ищӀэрт а гуэныхь уэ пӀэщӀэщӀэнухэм щхьэкӀэ тазыр къыптрилъхьэн хуей зэрыхъунур. Ауэ Тхьэр хуейтэкъым уэ тазыр уигъэшэчынуи, уи гуэныхьхэр Езым пхуипшыныжыну мурад ищӀащ. Аущ Христос уэри сэри ди пӀэкӀэ тазыр ихьын папщӀэ и Адэм и унэ уафэм итыр къибгынэу мы ди щӀым къэкӀуэну мурад ищӀащ. Ар къыщыхъуар илъэс минитӀ япэкӀэщ. Аущ цӀыху псоми папщӀэ лӀащ. Иджы уэ Абы уелъэӀу хъунущ уи щхьэм и КъегъэлакӀуэ хъуну.

Ар зэрыпщӀэнум ущымыгъуэзэнкӀи хъунщ. Абы гугъуехь лъэпкъ хэлъкъым. Дэ ди гуэныхьхэр зытедгъэкӀыжыну дызэрыхуейм дэ жыдмыӀэ щӀыкӀэ Езы Аущ щыгъуазэщ. Ауэ апхуэдэу щыт пэтми, Ар хуейщ дэ Абы лъэӀукӀэ зыхуэдгъазэу ди гум илъыр жетӀэну. Псалъэм папщӀэ мыпхуэдэу: „Аущ лъапӀэ, сэ си гъащӀэм къриубыдэу мыхъумыщӀагъэ куэд сӀэщӀэщӀащ, абыкӀи щӀэх-щӀэхыурэ Уи жагъуэ сщӀащ. Къысхуэгъэгъу! Уэ мы щӀым укъехри си гуэныхьхэм папщӀэ си пӀэкӀэ тазыр пшэчащ. Сэ щхьэкӀэ Уэ Уи гъащӀэр птащ. Сэ мыкӀуэдыжын гъащӀэ сиӀэн щхьэкӀэ Уэ жорым укӀэрылӀыхьащ. ФӀыщӀэ пхузощӀ Уэ апхуэдэу укъызэрысхуэгуапэм щхьэкӀэ. Сэ зэи си щхьэ сыдэӀэпыкъужыфынтэкъым, ауэ Уэ игъащӀэкӀэ сыкъебгъэлащ. ФӀыщӀэ пхузощӀыр Уэ. Ӏэмин“.

ДауикӀ Ӏэмал имыӀэу щыткъым мы къэтхьа щап-

хъэм утемыкIыу утетыну. Уэ езым уи псалъэхэмкIи уелъэIу хъунущ Ауэщ.

Ди гуэныхьхэр къытхуигъэгъуну дыщелъэIум деж, Ауэщ мэгуфIэ. УелъэIуакIэу пIэрэ уэ Абы? УемылъэIуамэ, мис иджыпсту занщIэу абы иужь уихьэ хъунущ. Зиусхьэныр къыпоплъэ уэ Абы зыщыхуэбгъэзэнум.

*Узэджэнур:* ХъыбарыфIыр Иуан КъызэрыжиIар 3:1-18

*УпщIэхэр:* 1. Хэт уи гуэныхьхэм папщIэ тазыр зышэчар?
2. Ауэщ ди КъегъэлакIуэ хъун папщIэ сыт длэжьын хуейр?

*ТхьэелъэIур:* ФIыуэ дыкъэзылъагъу Ауэщ! Сэ сощIэ мыкIуэдыжын гъащIэ сэ зыкIи къызэрысхуэмылэжьынур. Ауэ Уэ фIыщIэ пхузощI сыкъызэребгъэлым папщIэ. Апхуэдэу фIыщIэ пхузощI Уэ Уи гъусэу игъащIэкIэ уафэм сызэрисынумкIэ. Iэмин.



## 15. СЫТ СЭ АУЩ СЫКЪЫЩIРИГЪЭЛАР?

Зы цIыху гуэрым хьэ иIэт. Абы ар зыхуей хуигъазэрт, игъашхэрт, икIи ахэр дапщэщи зэщIыгъут. Зэгуэр а цIыхур кхъухькIэ къэкIухьакIуэ ежьат, и хьэри абы и гъусэт. Иужь иту къижыхьурэ кхъухьым къихури псым хэхуащ. Хьэр зейр кхъухьтетым деж жащ кIийуэ:

– Си хьэр! ФIыуэ слъагъу си хьэр кхъухьым ихуащ! ИкIэщIыпIэкIэ кхъухьыр къэвгъэувыIэ! Ар псым итхьэлэнущ!

Кхъухьтетыр абы и жэуапу дыхьэшхащ:

– Зы хьэжь цIыкIу гуэр щхьэкIэ дыкъэувыIэ хъурэ дэ?

– ЦIыху ихурэ псым хэхуамэ, абы щыгъуэ къэвгъэувыIэнут кхъухьыр?

– ДауикI, шэч хэмылъу, – къритыжащ жэуап кхъухьтетым.

Абдеж хьэр зейр палубэм телъадэри кхъухьым епкIащ. Ар кърагъэлын щхьэкIэ кхъухьыр къагъэувыIэн хуей хъуащ. ТIури, лIыри абы и хьэри, псым къыхахыжащ.

А лIым и хьэр зэрилъагъум нэхърэ IэджэкIэ нэхъыфIу дыкъелъагъу Дэ Ауэщ. Ауэщ гуэныхьхэм я тенджызу дэ дызытхьэлэм „зыкъыхидзэри“ дыкърыгъэлащ.

МэлэIыч псоми, апхуэдэу шейтIанми абы и Iуэхут-

хьэбзащIэхэми ялъагъу Тхьэм и лъагъуныгъэм и дахагъэр. Ар апхуэдизкIэ инщи, дэ дыгуэныхьщIакIуэ пэтрэ, дыкъещтэ. Абы Аущ Христос фIыуэ зылъагъу гущIэхэр къыдет. Уафэм ис мэлэIыч псоми Тхьэм фIыщIэ хуащI Абы дэ къытхуищIахэм щхьэкIэ. Ахэр мэгуфIэ уэри Аущ фIыуэ зэрыплъагъум щхьэкIэ.

Ауэ гуауэщ дэ иджыри Тхьэм дызэрыщцытыну фIэфIым хуэдэ дыдэу дызэрыщымытыр. Дэ иджыри Iей куэд долэжь. Ауэ Тхьэм иджыпстуи дэ дыкъызэрилъагъур лIахэм дакъыхэтэджыкIыжа нэужь дызэрыщытынум ещхьущ. Аущ Христос зэрылIамкIэ дэ псори къытхуэгъуащ. Дэ тщIэн хуейуэ къытхуэнэжыр ди КъегъэлакIуэр ди фIэщ хъун хуейуэ аркъудейщ, итIанэ гуэныхьи щыщIэныгъи димыIэу Тхьэм и пащхьэ дыкъихутэжынущ.

*Узэджэнур:* ХъыбарыфIыр Лука КъызэрыжиIар 15:3-7, 11-24

*УпщIэхэр:*
1. ГуэныхьщIакIуэхэр езыр-езыру Тхьэм и бын хъуфыну пIэрэ?
2. Хэт дэ Тхьэм и бын дызыщIыфынур?
3. Дауэ Тхьэм и бын ухъуфыну?

*ТхьэелъэIур:* ФIыщIэ пхузощI Уэ, Аущ Христос, сэ щхьэкIэ, си гуэныхьхэм щхьэкIэ узэрылIам папщIэ. Iэмин.



# 16. ЦIЫХУФIУ СЫЩЫТЫНУ СЫХУЩIЭКЪУМЭ, АУЩ СЫКЪРИГЪЭЛЫНУ ПIЭРЭ?

ФщIэуэ пIэрэ фэ, дэ дауэ дыхущIэмыкъуами, Тхьэм игу дызэрырихьыным хуэдизу фIыуэ дызэрыщымытыфынур? Языныкъуэ сабийхэр мыпхуэдэу йогупсыс: „Си адэ-анэм жаIэм дапщэщи седаIуэмэ, адрей цIыкIухэм сафIэмынэмэ икIи семызауэмэ, сэ нэхърэ нэхъ къарууншэхэм я жагъуэ сымыщIмэ – уафэм сыкъыщыхутэнущ“.

Ауэ Iуэхур зытетыр нэгъуэщI зыгуэрщ. Езым и зэфIэкI къудейкIэ зыри жэнэтым кIуэфынукъым. Iуэхур зэрыщытыращи, къытедгъэзэжурэ мызэу икIи мытIэу ди Зиусхьэным и жагъуэ хъун гуэрхэр жыдоIэ икIи долэжь. Дапхуэдизу дыхущIэмыкъуами, дэ тщыщ дэтхэнэми махуэм къриубыдэу зы псалъэ Iей нэхъ мыхъуми къыжьэдоху е зы гупсысэ Iей и щхьэм къоощхьэрыуэ. Абы къегъэлъагъуэ ди гум иджыри Iей куэд зэрилъыр.

ДяпэкIи дапщэщи тэмэму дыгъуэгурыкIуэфыну дощIри, итIани блэкIа зэманым и гуэныхьыр къытхуонэ. Дауэ зытедгъэкIыжа хъуну ар? Иджыри нэгъуэщI зы упщIэ: сыт хуэдиз гуэныхь IэщIэщIа нэужь цIыхум Тхьэм тазыр къыщцытрилъхьэр? ГуэныхьипщI хьэмэрэ гуэныхьища? Хьэуэ, зы гуэныхь закъуэми ирикъунущ.

Абы къимыдэкIэ, япэ цIыхухэм – Iэдэмрэ Хьэуарэ – Тхьэм и жыIэм ебакъуэри Едем хадэм гуэныхь щалэжьащ. Абы лъандэрэ цIыху псори гуэныхьщIакIуэхэщ. Абы къыхэкIкIэ я нэхъ цIыкIу дыдэхэри я адэ-анэм едаIуэхэркъым, зэфIонэхэр, уеблэмэ зозауэхэр.

Дапхуэдизк Iэ яужь димытами, сыт дымылэжьами, дэ ди IуэхущIафэкIэ жэнэтыр къытхуэлэжьынукъым. Тхьэр захуэщ, абы къыхэкIыуи гуэныхь зылэжьа цIыхум Абы тазыр иригъэшэчын хуейщ.

Ауэ Тхьэм цIыхухэр фIыуэ къелъагъу. Абы къыхэкIкIи Абы дэ ди пIэкIэ езым и Къуэ закъуэм тазыр трилъхьащ, ди гуэныхь псори абы иригъэпшынащ. Аущ Христос уэри сэри ди гуэныхьхэм папщIэщ щIэлIар. Дэ къэдлэжьа тазырыр абы ишэчащ. Еплъыт Абы, Аущ апхуэдизу фIыщэу укъилъагъурти, и гъащIэр уэ щхьэкIэ итыну арэзы хъуащ!

*Узэджэнур:* Апостол Павел Рим къалэм дэсхэм яхуитха тхылъыр 3:10-18, 23

*УпщIэхэр:* 1. Iей щыблэжь къыпхуихуакъэ уэ? Зы щапхъэ, щапхъитI къэхьыт.
2. Жэнэтым уимыхуэн щхьэкIэ гуэныхь дапщэ блэжьын хуейр?
3. УмыкIуэдэу Тхьэм укъригъэлын папщIэ сыт уэ пщIэну пхузэфIэкIынур?

*ТхьэелъэIур:* Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ! Дэ псоми Уэ Уи пащхьэм гуэныхь щыттелъщ. Ауэ Уэ ди гуэныхьхэм папщIэ Уи Къуэр бгъэлIащ. Ди гумрэ ди псэмрэ къабгъэдэкIыу фIыщIэ пхудощI Уэ жэнэтым унапIэ зэрыщытхуэбгъэхьэзырам папщIэ. Iэмин.



## 17. ПАЩТЫХЬЫМ И БЫНХЭР

ЩыжытIэ щыIэщ чристэныр Тхьэм и бынщ, жытIэу. Ауэ абы къикIыу пIэрэ дэ ди адэ-анэм драмыбыныжу? ДауикI, къикIыркъым. Тхьэм дэ адэ-анэр къыдитащ, ахэр къыткIэлъыплъын, фIыуэ дыкъалъагъун щхьэкIэ. Ауэ Тхьэм абыхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэ къытхуещIэ, сыту жыпIэмэ Абы куэдкIэ нэхъыфIу дыкъелъагъу.

Абы и Къуэр фIыуэ тлъагъумэ, Ар ди фIэщ хъумэ, Тхьэм Езым и унагъуэм дыхешэ икIи Езым и бын дещI. Ар хъуэпсэгъуэкъэ?

Сыту пIэрэ Тхьэм дэ Езым и бын дыщIищIыр? Сыт Абы япэм гуэныхь зыIэщIэщIахэр Езым и быну къыщIищтэр? Ди дежкIэ а упщIэр жэуапыншэу къоныр, ауэ Тхьэм и Псалъэм жеIэр Тхьэр дэ Езым и бынкIэ къыдэджэным зэрытемукIытыхьыр. Абы дэ зэи дызыпыIуидзыркъым. ДыщымыжыIэдаIуэм дежи Зиусхьэным дэ фIыуэ дыкъелъагъу. Абы зэхэгъэж ищIыркъым, къыхигъэщхьэхукIыу зыри нэхъ игъафIэркъым,

нэхъ гъунэгъу зыхуищIыркъым. Къэдлэжьауэ зэзэмызэ тазыр къыттрилъхьэми, Абы дэ фIыуэ дыкъелъагъу, сыту жыпIэмэ дэ Абы дрибынщ.

Тхьэр уафэм щыпсэу ди Адэмэ, Ауэ Христос – Тхьэм и Къуэр – игу псомкIэ фIыуэ дыкъэзылъагъу ди Къуэш нэхъыхьщ.

Аращ Тхыгъэ ЛъапIэми Ауэ дэ Езым и къуэшрэ и шыпхъукIэ къыдэджэну къыттемукIытыхьу щIыжиIэр. Дэ Езым и къуэш, Тхьэм и унагъуэшхуэм щыщ дищIын щхьэкIэщ Ар щIэлIари. ИкIи иджы Ауэ Езым и Адэу уафэм щыIэм кърита псомкIи дэ къыддогуашэр. Ауэ дэ къыдет мыкIуэдыжын гъащIэ. Зэгуэр дэ Абы уафэм дыдришеинурэ абы Езым и гуфIэгъуэр щызу къыдитынущ. Абы гуэныхь жыхуаIэр щыIэжынукъым.

Дэ Пащтыхьым дыщIрибын Тхьэм Езым и унагъуэм щыщ дищIащи аращ. Ар дэ Iэзагъ дахэ куэдкIэ къытхуэупсащ, икIи дэ зэгуэр Абы щIыгъуу адрей дунейм дыщыIэнущ.

*Узэджэнур:* Апостол Павел Рим къалэм дэсхэм яхуитха тхылъыр 8:14-17

*УпщIэхэр:* 1. Апхуэдизу дэ дыфIу ара Тхьэм Езым и бын дищIыну щIыхуейр?
2. Гуэныхь щытщIэм дежи Тхьэм фIыуэ дыкъилъагъуу пIэрэ?
3. ДыщымыдаIуэм деж Тхьэм сыт хуэдэ тазыр къыттрилъхьэрэ?
Абы щыгъуи фIыуэ дыкъилъагъуу пIэрэ Абы?
4. Тхьэр ди Адэу щытмэ, Абы и Къуэ Ауэ Христос ди сыт?

*ТхьэелъэIур:* Ди Зиусхьэн ЛъапIэ! Дэ дрогуфIэ Уэ Уи бын дызэрыпщIам. ФIыщIэ пхудощI Уэ апхуэдэу фIыуэ укъызэрытхущытым папщIэ. Апхуэдэу фIыщIэ пхудощI Уи Къуэ Ауэ Христос щхьэкIи. Iэмин.

## 18. АУЭ ЕЗЫР КЪЫЩАМЫЛЪХУМ ДЭНЭ ЩЫIА?

Христос къыщалъхуа махуэшхуэм дэ Ауэ Христос къызэралъхуам теухуа уэрэдхэр жыдоIэ, хъыбархэр доIуатэ. Дэ тфIэгъэщIэгъуэну дыщIодэIу мэлэIычхэм абы теухуа хъыбар гуфIэгъуэр Iэхъуэхэм къыжраIауэ зэрыщытам.

Ауэ пщIэуэ пIэрэ уэ Ауэ Христос Езыр къалъхун ипэкIи зэрыпсэуар? Ар Езым и Адэм щIыгъуу уафэм исащ. Ауэ дапщэщи Тхьэм уафэм щигъусащ: Ар Езыри Тхьэкъэ?

Псом япэу Тхьэм дунейр къигъэщIащ. ИтIанэ Абы къигъэщIащ япэ цIыхухэр – Iэдэмрэ Хьэуарэ. Ауэ

Іэдэмрэ Хьэуарэ Тхьэм хуэжыІэщІэхэтэкъым. МыжыІэдаІуэм сыт щыгъуи тазыр къелэжь. Аущ хуейтэкъым дэ тазыр тхьынуи, Абы мурад ищІащ щІым къехыу ди гуэныхь псоми я тазырыр Езым ихьыну.

ИкІи мис, икІэм-икІэжым, Аущ щІым къыщыщалъхуа махуэр къэсащ. Уи нэгу къыпхущІэгъэхьэну пІэрэ Сабийуэ къалъхуу цІыхухэм яхэсу псэуну арэзы хъун щхьэкІэ Абы лъагъуныгъэу къытхуиІэн хуеям и инагъыр?

Мыбы уэ шэч къыщІытепхьэн щыІэкъым: Аущ уэ дунейм укъыщытемыхьэм щыгъуи фІыуэ укъилъагъурт. Иджыпстуи фІыуэ укъелъагъу уэ Абы. УлІа нэужьи фІыуэ укъилъагъунущ Аущ. Уигурэ уи псэкІэ Аущ ухуэлажьэмэ, уэ Абы и деж уафэм игъащІэкІэ увыІэпІэ щыбгъуэтынущ.

*Узэджэнур:* ХъыбарыфІыр Иуан КъызэрыжиІар 14:1-12

*УпщІэхэр:*
1. Аущ илъэс дапщэ япэкІэ къалъхуами пщІэуэ пІэрэ уэ?
2. Къалъхун ипэ дэнэ Аущ здэщыІар?
3. Сыт Аущ уафэр къибгынэу ди щІым къэкІуэну щІытриухуар?
4. Уэ дауэ уеплърэ: фІыуэ укъилъагъуу пІэрэ Аущ?
5. Уэ езым фІыуэ плъагъурэ Аущ?

*ТхьэелъэІур:* Аущ ЛъапІэ! ФІыщІэ пхудощІ Уэ уафэр къыубгынэу мы щІым укъызэрыкІуам щхьэкІэ. ФІыщІэ пхудощІ Уэ дэ псом щхьэкІи узэрылІам папщІэ. Уи щІыхьым дыхуэпсэунымкІэ къыддэІэпыкъу. Іэмин.



## 19. АУЩ-САБИЙР АДРЕЙ САБИЙХЭМ СЫТКІЭ КЪАЩХЬЭЩЫКІРЭТ?

ПщІэуэ пІэрэ уэ Аущ къыщалъхур мыкъызэрыгуэкІыу, щэхугъэ хэлъу зэрекІуэкІар. Аущ и анэу щытар Мэремщ. Ауэ Мэрем илІ Исуф Аущ и адэу щытакъым. Аущ цІыхукъым и адэу щытар, адрей сабийхэм емыщхьу, Абы и Адэр Тхьэрат.

Аущ и Адэр Тхьэр зэрыарам мыхьэнэшхуэ щІиІэр сыт? Исуф Аущым и адэу щытамэ, сытыт къэхъунур? Аущ и Адэр Тхьэр арауэ щымытамэ, Аущ уэри сэри тхуэдэу цІыху къызэрыгуэкІыу щытынут. ИтІанэ Аущи, адрей цІыху псоми яхуэдэу, и гур зэкІуэкІауэ щытынут. Аущ и гур уэри сэри дигухэм ещхьу щытамэ, Абы ди гуэныхьхэм папщІэ лІэну хузэфІэкІынутэкъым. Ар Езым и гуэныхьхэр ипшыныжын щхьэкІэ лІэн хуей хъунут. Ауэ Аущ щІэлІар Езым и гуэныхькъым – Абы апхуэдэ гуэныхь лъэпкъ телъакъым.

Аущ къызэралъхуам гъэщІэгъуэн куэд хэлъащ.

Абы щIым щыщ адэ зэримыIаращ дэ Аущ Мэрем хъыджэбзым къилъхуауэ щIыжытIэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Абы фIэкIа нэгъуэщI зыри къалъхуакъым. Адрей сабий псоми щIым щыщ адэ яIащ е яIэщ. Аущ Езы Тхьэр и Адэу щыщыткIэ, Ар щIым щыщ адэ хуэныкъуэтэкъым.

Зэгуэр зы цIыху гуэр хъумпIэцIэджхэм якIэлъыплъырт. Абыхэм я ужь иувэри ар хъумпIэцIэджыгъуэшхуэм ирашэлIащ. Абы хъумпIэцIэдж мин бжыгъэхэр щыпсэурт. ЦIыхур мыпхуэдэу егупсысащ: „ХъумпIэцIэджхэм сепсэлъэну сигу къихьамэ, сытыт сщIэнур. Сэ сыт хуэдизкIэ сымыкIиями, абыхэм сакъыгурыIуэнутэкъым. Тхыгъэ яхуэстхкIи ахэр къеджэфынутэкъым“. ИкIи ар мыпхуэдэ гупсысэм хуэкIуащ: „ХъумпIэцIэджхэм сызэхащIыкIыну сыхуеймэ, сэри хъумпIэцIэдж сыхъун хуейщ“.

ИтIанэ а цIыхур егупсысащ: „Ардыдэращ Тхьэм ищIар. ИщхьэмкIэ къытету дэ, цIыхухэм, къытхэплъэн къудейм къыщызэтемыувыIэу Абы мурад ищIащ дэ тщыщ зы хъуну. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Тхьэм къыдгуригъэIуэфащ Езым и лъагъуныгъэр. Аращ Аущ Сабий цIыкIуу къалъхуу ЦIыху щIэхъуар. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Абы цIыхухэм яхуиIуэтэфащ Тхьэм и лъагъуныгъэр, а лъагъуныгъэр зэрыщыIэр нэрылъагъу ящищIыфащ. Абы щхьэкIэ Ар дэ псоми папщIэ лIащ“.

*Узэджэнур:* ХъыбарыфIыр Матфей КъызэрыжиIар 1:18-25

*УпщIэхэр:*
1. Хэт Аущ и анэу щытар?
2. Хэт Аущ и Адэр?
3. Исуф хэт хъуну?
4. Аущ и адэр Исуфу щытамэ, дэ дауэ дыхъунут?

*ТхьэелъэIур:* Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ! Сыту гъуэзэджэ Аущ Уэ узэри-Къуэр! ФIыщIэ пхудощI Уэ Абы гуэныхь зэрытемылъам икIи Ар дэ ди гуэныхьхэм щхьэкIэ зэрылIам папщIэ. Апхуэдэу фIыщIэ пхудощI Уэ дызэрызыбгъэдэпшэм икIи Уи бын дызэрыпщIым папщIэ. Iэмин.

## 20. АУЩ ИЛЭЖЬА ТЕЛЪЫДЖЭХЭР

Аущ щIым щилэжьа телъыджэхэм щыщ гуэрхэм уэри ущыгъуазэ къыщIэкIынщ. Псалъэм папщIэ, Аущ зэгуэрым кхъуафэжьейкIэ псыхъурей иным зэрызэпрыкIауэ щытам и гугъу зэхэпхауэ пIэрэ? Зэуэ жьышхуэ къыкъуэуащ. И гъуэгу ирикIуэхэр хуабжьу шынахэ, гужьеяхэ щхьэкIэ, езы Аущ къыхэмыщтыкIыу жейрт. Мыхэр жраIэурэ я ЕгъэджакIуэр къагъэушыну яужь итт: „Умылъагъуу ара ди кхъуафэжьейр зэрыщIилъафэр, дэ псори дызэрыхэкIуадэр? Щхьэ укъыд-

дэIэпыкъуу дыкъомыгъэлрэ?“ И гъуэгу ирикIуэхэм я фIэщмыхъуныгъэр щилъагъум, Ауэ хуабжьу къэнэщхъеящ. Ауэ дауэ щымытми Абы жьымрэ толъкъунхэмрэ мамырыжыну унафэ яхуищIащ. Борэныр занщIэу теуащ, толъкъунхэри етIысэхыжащ.

ЕтIуанэ гъуэгу Ауэ нэхъ телъыджэшхуэж илэжьащ. Абы и ныбжьэгъу Лазар сымаджэ хьэлъэ хъури лIат. И Iыхьлыхэм ар щIалъхьэжащ. МахуиплI хъуат ар кхъэлэгъунэм зэрыщIэлъэ. Ауэ Лазар и шыпхъухэр фIэгуэныхь хъуащ – а зы дэлъху закъуэрат абыхэм яIэр. Кхъэлэгъунэм бгъэдыхьэри Ауэ ину Лазар еджащ. ИкIи мис: мащэм Лазар псэууэ къокIыж! Ауэ ар лIауэ къигъэхъужат!

Мис иджыри зы телъыджэ! Зэгуэр Ауэ деж цIыху минитхум щIигъу щызэхуэсат. Махуэ псокIэ ахэр едэIуащ Ауэ и ущиехэм. Пщыхьэщхьэ щыхъум ирихьэлIэу псори къэмэжэлIахэщ, ауэ щIакхъуэ къащэхуну апхуэдэ Iэмал яIэтэкъым. Зы щIалэ цIыкIу гуэрым иIыгът щIакхъуэ пIащIитхурэ бдзэжьей цIыкIуитIрэ. Ауэ Тхьэ елъэIури и гъуэгу ирикIуэхэм унафэ яхуищIащ ар псоми хуагуэшыну. Псоми я ныбэ изу яшхащ, абы ищIыIужкIи яхуэмышхыу къадэхуащ.

Зэгуэр Ауэ хъыджэбз цIыкIу гуэр лIауэ къигъэхъужауэ щытащ. Уи нэгу къыщIэгъэхьэт абы и адэанэм гуфIэгъуэу зэрахьар!

НэгъуэщI телъыджэ Iэджи илэжьащ Ауэ. ЦIыхухэм апхуэдэ ящIэфынукъым. Телъыджэ зыхуэлэжьынур Тхьэм и закъуэщ. Зы дохутыри щыIэкъым напIэзыпIэм сымаджэр хуэгъэхъужу. Ауэ хузэфIэкIа телъыджэ къомыр я щыхьэтщ Ар Тхьэм зэри-Къуэм.

Ауэ уафэм дэкIуеижа нэужь, Абы и гъуэгу ирикIуэхэми Езым и цIэкIэ телъыджэ яхузэфIэкI ищIащ. Аращ апостол Петр зи лъэ къыдэмыбзыжым лъакъуэкIэ къэуву къикIухьыну Ауэ и цIэкIэ унафэ хуищIу щIигъэхъужыфар.

ИужькIэ а апостол Петр дыдэр Ауэ и хъыбар зэриIуатэм щхьэкIэ къаубыдри хьэпсым ирадзауэ щытащ. Жэщым Тхьэм абы и деж и мэлэIычыр къигъэкIуащ, абы Петр Iэхъулъэхъухэр кърихыжри хьэпсым кърришыжауэ щытащ. Ар телъыджэ инт.

ЦIыху куэд щыIэщ Ауэ и телъыджэхэр я фIэщ ящIыну хуэмейуэ. Абыхэм жаIэ Ауэ телъыджэ лъэпкъ имылэжьауэ, а псори нэщыпхъуэ зиIэ гуэрым цIыхухэм къафIигъэщIауэ арауэ. Ауэ Ауэ нэщыпхъуэ иIыгъыу аракъым, Ар – Тхьэщ. Аращ Абы уеблэмэ лIахэри къыщIыхуэгъэхъужыр, абыхэм гъащIэщIэ щIаритыжыфыр. Уэ ущIэупщIэнкIэ хъунщ: „Ноби къэхъурэ апхуэдэ телъыджэхэр?“ – жыпIэу. ДауикI, къохъу! Ауэ Езым и Псалъэм абыкIэ дыкъыщигъэгугъащ. Язынықъуэхэм деж дохутырхэм сымаджэ зыри хуащIэжыфыркъым, ауэ Тхьэр зи фIэщ хъухэм я тхьэелъэIукIэ Ауэ ар егъэхъуж. ДауикI Абы сымаджэр дохутырхэми иригъэгъэхъужыфынущ. Пэжым ухуеймэ, Тхьэ дыщелъэIукIэ дэ дапщэщи Абы телъыджэ илэжьыну дыщогугъ. Дэ дыщогугъ дэ тхузэфIэмыкIыр Абы ищIэну.

Дэ телъыджэ илэжьыну делъэIуху къэс Тхьэм телъыджэ илэжьрэ? Хьэуэ. Иныкъуэхэм деж Абы дэ

дыщIелъэIур къыдимытмэ нэхъ тэмэму къелъытэ. Абы къыдитыну зыхуейр пэж дыдэу дэ хуабжьу дызыхуэныкъуэрщ. Абы къыхэкIкIэ дэ дыкъыхэмыщтыкIыу ди дзыхь Абы едгъэз хъунущ.

*Узэджэнур:* ХъыбарыфIыр Марк КъызэрыжиIар 6:32-44

*УпщIэхэр:*
1. Сыт телъыджэ хъужыр?
2. Аущ Христос и телъыджэхэм ящыщ зым тепсэлъыхьыт.
3. Нэщыпхъуэ зыIыгъ жыхуаIэр сыт хуэдэ? Абы телъыджэ хуэлэжьу пIэрэ?
4. Тхьэм уелъэIуа нэужь Абы къыпхуищIа телъыджэ гуэр тепсэлъыхьыт.

*ТхьэелъэIур:* Ди Зиусхьэн лъапIэ! ЩIым ущыщыIэм блэжьа телъыджэ псоми щхьэкIэ Уэ фIыщIэ пхудощI. Апхуэдэу фIыщIэ пхудощI Уэ ноби ди тхьэелъэIухэр зэрызэхэпхым икIи Iуэху телъыджэхэр зэрыблэжьым папщIэ. Тхьэ дыщелъэIукIэ Уэ укъызэрыддэIэпыкъунур быдэу ди фIэщ хъунымкIэ къыддэIэпыкъу! Iэмин.



## 21. АУЩ ХРИСТОС И ЛIЭНЫГЪЭР

Иджы дытепсэлъыхьынщ ди тхыдэм щыщу нэхъ шынагъуэ дыдэм, ауэ икIи нэхъ мыхьэнэ ин дыдэ зиIэм.

ПщIэжрэ япэ цIыхухэу Iэдэмрэ Хьэуарэ яшх мыхъуну пхъэщхьэмыщхьэр зэрашхауэ щытар? Абы щыгъуэ япэ дыдэ гуэныхьыр цIыхум и гум ихьащ, цIыхухэри Тхьэм емыдэIуэж хъуахэщ. Абы щегъэжьауэ ахэм яшхын къалэжьын папщIэ лэжьыгъэ хьэлъэ ящIэн хуей хъуащ, узхэмрэ ажалымрэ щышынэ хъуахэщ. ХьэкIэкхъуэкIэхэри бий къахуэхъуащ. А псори къызыхэкIар Iэдэмрэ Хьэуарэ Тхьэм и пащхьэ зэрыщыкъуаншарщ.

Ауэ абы нэхърэ нэхъ шынагъуэж къэхъуащ: Тхьэм абыхэм къажриIащ ахэр Езым пэIэщIэу псэун зэрыхуейр.

Ауэ зыщомыгъэгъупщэ Тхьэм уэрэ сэрэ фIыуэ дыкъызэрилъагъум ещхьыркъабзэу Iэдэми Хьэуаи илъагъуу зэрыщытар. Уэри сэри гуэныхь тIэщIэщIащ икIи япэ цIыхухэм ещхьу дэри тазыр тшэчыну къэдлэжьащ. Ауэ Тхьэм дэ фIыуэ дыкъилъагъути ди пIэкIэ Езым и Къуэ Аущ Христос тазыр трилъхьэну триухуащ.

Дэ тщыщ зыри нэгъуэщI цIыхухэм я гуэныхьым папщIэ лIэфынукъым, сыту жыпIэмэ дэ езыхэр дыгуэныхьыщIакIуэщи. Дэ тазыр тхьын хуейт дэ езыхэм ди гуэныхьыжхэм папщIэ. Ауэ Тхьэм и Къуэ Аущ гуэ-

ныхьыншэт, икIи а Зыр арат уэ, сэ, адрей цIыхухэм ди гуэныхьхэм папщIэ лIэфынур.

Аущ зылъагъу мыхъу цIыхухэм Ар жорым кIэраIулIащ. А жорым кIэрылIыхьащ Ар. Рим зауэлIхэм Абы и Iэхэмрэ илъакъуэхэмрэ гъущI Iунэ гъумхэмкIэ щыкIэраIулIэм, ди Зиусхьэным уз Iей дыдэхэр ишэчын хуей хъуащ. Тхьэ Адэм япэ дыдэу Ар къыщибгынэм, а жорым кIэраIулIауэ дауэ къыщыхъуауэ пIэрэ Аущ? Аущ и закъуэу къэнат. Аущ Езым фIэфIу уэрэ сэрэ щхьэкIэ ажалым хуэкIуащ, зыми Ар хигъэзыхьакъым апхуэдэу ищIэну. Ар хуейт уэрэ сэрэ длэжь хабзэншагъэхэм къапэкIуэ тазырыр тщхьэщихыну.

Иджы Тхьэм уэ уи гуэныхьхэр пхуигъэгъуфынущ. Аущ Христос зи фIэщ зыщI дэтхэнэ зыми Тхьэм я гуэныхьыр ящхьэщихынурэ гъащIэ мыкIуэдыжынкIэ къахуэупсэнущ. Абы щхьэкIэ фIыщIэ хуэпщIакIэу пIэрэ уэ Аущ Христос?

*Узэджэнур:* Исай бегъымбарым итха тхылъыр 53:1-12

*УпщIэхэр:*
1. Тхьэм емыдэIуэж хъуа нэужь, Iэдэмрэ Хьэуарэ сыт къащыщIар? Мы дунейм гуэныхь темытамэ, цIыхухэр зэмызэгъыу щытыну пIэрэт?
2. Адрей цIыху фIы дыдэу тлъагъухэм я гуэныхьхэм папщIэ къалэжь тазырыр дэ абыхэм я пIэкIэ тшэч хъуну?
3. Сыт щIэмыхъунур?



*ТхьэелъэIур:* Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ! Дэ долъагъу сабийхэрэ пэтрэ КъегъэлакIуэ зэрыхуэныкъуэхэр, сыту жыпIэмэ ахэр щымыжыIэдаIуэ куэдрэ къохъури. ФIыщIэ пхудощI Уэ, Аущ, дэ щхьэкIэ узэрылIам щхьэкIэ. ДигукIи ди псэкIи фIыуэ утлъагъунымкIэ къыддэIэпыкъу. ФIэщхъуныгъэ быдэ къыдэт икIи Уэ дыпхуэжыIэщIэнымкIэ къыддэIэпыкъу. Аущ Христос и цIэкIэ абыкIэ дынолъэIу. Iэмин.

## 22. АУЩ ЛIАХЭМ КЪАЗЭРЫХЭТЭДЖЫКIЫЖАР

Петр, Якъуб, Иуан, адрей гъуэгу ирикIуэхэр Аущ зэрылIам хуабжьу иринэщхъейхэрт. Ахэр щыгугъат Ар Израилым и Пащтыхь хъуну. Сыт хуэдиз яхуищIат Абы цIыхухэм фIыуэ, сыт хуэдиз телъыджэ илэжьат. Абы къыхэкIкIэ абыхэм ягъэщIэгъуат пхъэ жорышхуэм щыкIэраIулIэм щыгъуэ Ар зэрапэщIэмыувар. Абыхэм я гум гурыщхъуэ къихьат: атIэ Христос Тхьэм и Къуэу щымытауэ пIэрэ, жаIэу. Ауэ цIыхуфI къызэрыгуэкI къудейуэ арауэ пIэрэт?

МахуищкIэ Христос и гъуэгу ирикIуэхэм къалэр къаущыхьу дэтахэщ. Илъэсищ зэрызэгъусам кърину-

быдэу ахэр апхуэдизкIэ Аущ есахэти, иджы Арыншэу ящIэнур ящIэртэкъым. Тхьэмахуэ зэхуакум и япэ махуэм, иджы тхьэмахуэкIэ дызэджэм, ахэр Аущ зыщIалъхьа кхъэлэгъунэм кIуахэщ. Нэхъ гъунэгъуу щыбгъэдыхьэхэм, гъуэгу ирикIуэхэм ягъэщIэгъуащ: кхъэлэгъунэр нэщIт. Аущ и хьэдэр здагъэтIылъам иджы зыри щылъыжтэкъым. Зыгуэрым идыгъуауэ пIэрэ Ар е нэгъуэщI щIыпIэ ягъэIэпхъуа? Абы тепсэлъыхьу зэхэт гъуэгу ирикIуэхэм я пащхьэ мэлэIычитI къыщыхутэри абыхэм къыжраIащ Аущ лIахэми къазэрыхэтэджыкIыжар, Тхьэм Ар къызэригъэхъужар. Мыгувэу Ар абыхэм я деж къэкIуэнурэ къахэпсэлъыхьынущ.

ДауикI гъуэгу ирикIуэхэм ар къэмыхъун Iуэхуу ялъытэрт. Ауэ мыгувэу Аущ пэж дыдэу и гъуэгу ирикIуэхэм къахыхьащ. И теплъэкIэ Ар япэми зэрыщытам хуэдэт. Ауэ Абы и пкъым зихъуэжат. Иджы Абы и дежкIэ уеблэмэ блын Iувхэри лъэпощхьэпотэкъым. Бжэхэр гъэбыдами, Ар иджы пэшым къыщIыхьэфынут. Апхуэдэ дыдэу псынщIэу блыным пхыкIыу щIэкIыжыфынут.

Тхьэм Езым и бынхэр къигъэгугъащ лIахэ нэужь къигъэхъужыну. Уэ ущIэупщIэнкIэ хъунщ:„Ярэби, ар къэхъункIэ хъуну?“ – жыпIэу. Ауэ Тхьэм хузэфIэмыкIын щыIэкъым. Аущ къыщигъэхъужыфакIэ, Абы и гъуэгу ирикIуэ псори Тхьэм къыхуэгъэхъужынущ. Аущ ХристоскIэ фIэщхъуныгъэ зыхэлъ псоми Тхьэм мыкIуэдыжын гъащIэ ярет.

ЦIыху куэд щIоупщIэ: „Фэ дэнэ щыфщIэрэ Аущ пэж дыдэу лIахэм къахэтэджыкIыжауэ?“ – жаIэри. Ар Абы и гъуэгу ирикIуэхэм я зыщIыкIэм къегъэлъагъуэ. Аущ щылIам, ахэр хуабжьу нэщхъейуэ щытахэщ. Иджы, Ар псэууэ къалъэгъуа нэужь, ахэр нэгъуэщI зыгуэр хъуахэщ: нэщхъыфIэхэщ, гушхуэныгъэ яхэлъхэщ. Гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ куэд нэхъ иужькIэ яукIахэщ Аущ лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжар дэни щаIуатэу къызэракIухьым къыхэкIыу. Ар мыпэжу щытамэ, абы щхьэкIэ абыхэм я гъащIэр ятынтэкъым.

Аущ лIэри махуищ дэкIауэ Абы и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщитI Ерусалим къыдэкIауэ къуажэ гъунэгъум кIуэхэрт. ДауикI ахэр зытепсэлъыхьыр Аущрэ Абы и лIэныгъэмрэт. Сыт Ар щIэлIар? Ахэр щыгугъатэкъэ Ар игъащIэкIэ псэуну икIи я Пащтыхь хъуну? Апхуэдэу зэдэуэршэрурэ здэкIуэм, абыхэм гъусэ къахуэхъуащ ещанэ ГъуэгурыкIуи. Абыхэм жаIэм фIэгъэщIэгъуэну щIэдэIури ахэр апхуэдизу щIэнэщхъейм къыщIэупщIащ. Мыдрей тIум щIэнэщхъейм и щхьэусыгъуэр къыщыжраIэм, Ар абыхэм къеупщIащ: „Фэ фыщымыгъуазэу ара Христос хьэзаб куэд игъэву итIанэ лIэн хуейуэ Тхьэм и Псалъэхэм зэрыхэтым? Езыр тепсэлъыхьу щытакъэ зэрылIэнум?“ ИкIи „Пасэрей Зэзэгъыныгъэм“ (Ветхий Завет) итхэм къыщыщIидзэри Абы къагуригъэIуащ Аущ и лIэныгъэр зэрымыщIэкIэ къэхъуа Iуэхуу зэрыщымытыр. Тхьэм Езым и Къуэр мы щIым къыщIигъэкIуари аращ – цIыху псоми я гуэныхьхэм папщIэ лIэн щхьэкIэщ. Христос жорым кIэрымылIыхьауэ щытамэ, зым и гуэныхьи къыхуэгъунутэкъым.

Апхуэдэу зэдэуэршэрхэурэ къуажэм нэсахэщ. Гъуэгу ирикIуэхэм ямыцIыхур унэм ирагъэблэгъащ, зэманыр зэрыгувам къыхэкIыу къанэу нэху къыщекIыну елъэIуахэщ. ЯмыцIыхур абыкIэ арэзы хъуащ. Пщыхьэщхьэшхэ ящIыну щытIысхэм, гъуэгу ирикIуахэм ямыцIыху жыхуаIэр я ЕгъэджакIуэр зэрыарар къацIыхужащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, апхуэдэу гурыIуэгъуэу и лIэныгъэм и щхьэусыгъуэр къагурызыгъэIуар Езы Аущ Христост. Ар ягъэщIэгъуэн яухыу зыкъащIэжыхункIэ, – Аущ бзэхыжащ.

Сытым хуэдэу насыпыфIэт ахэр Аущ къэхъужауэ зэралъэгъуам щхьэкIэ! Иджы псори нэгъуэщI хъужат: ахэр нэщхъеижхэтэкъым икIи афIэкIэ зыми щышынэжхэртэкъым, сыту жыпIэмэ я ЕгъэджакIуэр псэут! Ерусалим ягъэзэжри псори адрей цIыхуу Аущ и гъуэгу ирикIуэхэм хуаIуэтэжащ.

*Узэджэнур:* ХъыбарыфIыр Иуан КъызэрыжиIар 20:1-18. ХъыбарыфIыр Лука КъызэрыжиIар 24:13-32

*УпщIэхэр:*

1. Кхъэлэгъунэ нэщIыр щалъэгъуам, гъуэгу ирикIуэхэм апхуэдизу щIагъэщIэгъуар сыт?
2. Аущ сытыт къыщыщIар?
3. Аущ и Iэпкълъэпкъыр Ар къэхъужа нэужь уэрэ сэрэ ди Iэпкълъэпкъым сыткIэ къыщхьэщыкIрэт?
4. Аущрэ Абы и гъуэгу ирикIуитIымрэ ятеухуа хъыбарыр пхужыIэжыну пIэрэ?

*ТхьэелъэIур:* Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ! ФIыщIэ пхудощI Уэ Аущ Христос лIахэм къазэрыхэбгъэтэджыкIыжам щхьэкIэ. Апхуэдэу фIыщIэ пхудощI Уэ дэ игъащIэкIэ Аущ щIыгъуу дызэрыпсэунум папщIэ. КъыддэIэпыкъу Уэ нэхъ щIэх-щIэхыурэ фIыщIэ хэлъу Уи лъагъуныгъэмрэ Уи лъэкIыныгъэмрэ дигу къэдгъэкIыжынымкIэ. Дэ Уэ абыкIэ дынолъэIу Аущ Христос и цIэкIэ. Iэмин.

## 23. АУЩ И АДЭМ ДЕЖ ЕГЪЭЗЭЖ

Уэ къыпхуимыхуауэ пIэрэ махуэ зыбжанэкIэ уи адэанэр къыубгынэу зыщIыпIэ уежьэну? Уи благъэхэм, уи анэшым апхуэдэу зэи ущыIакъэ? УщыIамэ, унэм ухуэпIащIэу къызэрыбгъэзэжыр пщIэжу къыщIэкIынщ.

Илъэс 33-рэ хуэдизкIэ щыIащ Аущ мы щIылъэм. Уи нэгу къыщIэгъэхьэт Абы унэм, Езым и Адэмрэ мэлэIычхэмрэ, я деж игъэзэжыну и нэ къызэрыхуикIыу щытам и инагъыр. Ауэ мис а и унэм – уафэм – щигъэзэж хъуну зэманыр къэсащ.

Абы и гъуэгу ирикIуэхэр зыщIигъури бгым дэкIащ. И гъуэгу ирикIуэхэм епсэлъэн имыух щIыкIэ пшэшхуэм Ар щIиуфэри и гъуэгу ирикIуэхэм ящигъэпщкIуащ.

Аущ уафэм игъэзэжри Тхьэм и тахътэм тIысыпIэ щиубыдащ. ДауикI а уафэр дэркIэ нэрымылъагъущ. Ауэ зэгуэр АущкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэу Абы хуэлажьэ псори Аущ щIыгъуу абы щыIэнухэщ.

Дэ ди нэгу къудей къытхущIэгъэхьэнукъым Аущ щигъэзэжам уафэгум гуфIэгъуэу щызэрахьам и инагъыр. МэлэIыч мелуанхэр Абы къежьэхэрт икIи уэрэд дахащэхэр Ар ягъэлъапIэу жаIэхэрт. Абыхэм Аущ щхьэщэ къыхуащIырт, Абы цIыхуу щIылъэм тет псоми яхуиIэ лъагъуныгъэ абэрагъуэр ягъэлъапIэу. Уэрэ сэрэ дыкъригъэлын щхьэкIэ Абы и щIыхьыр къигъанэри ЦIыху хъуащ. Иджы Абы и унэ игъэзэжащ! Ар къызэрыкIуэжам щыгуфIыкIыу Езы Тхьэ Адэм фIэхъус кърихащ.

Аущ иджыпстуи уафэм исщ. Абы дэ увыIэпIэ щытхуегъэхьэзыр. Ар дэ къытпоплъэ икIи хуейщ цIыху псоми АбыкIэ фIэщхъуныгъэ яхэлъ хъуну. Хэт Ар и фIэщ хъуми, Абы мыкIуэдыжын гъащIэ къаритынущ.

Аущ Христос пхуэдэу дэ щхьэкIэ Тхьэм йолъэIур.

Ауэ Аущ иджыри зэ уафэр къибгынэнущ, Абы хуэлажьэхэр Езым и деж ишэн папщIэ.

*Узэджэнур:* Апостолхэм ялэжьа Iуэхухэр 1:9-14

*УпщIэхэр:*

1. Сыт хуэдиз зэманкIэ щыIа Аущ мы щIылъэм?
2. Езым и Адэу уафэм щыIэм деж уафэм дэкIуеижын щхьэкIэ Аущ Езым и гъуэгу ирикIуэхэм зэрахэкIыжауэ щытар къыжыIэжыт.
3. Уэ узэреплъымкIэ, Аущ уафэм щигъэзэжам, мэлэIычхэм сыт ящIар?
4. Иджыпсту дэнэ щыIэ Аущ?
5. Сыт Аущ уафэм щищIэр?

*ТхьэелъэIур:* Аущ Христос, Уэ иджы уафэм уисщ икIи дэ дыкъыболъагъу; ди тхьэелъэIур зэхэх. Дэ Уэ фIыщIэ пхудощI апхуэдизу фIыщэу дыкъызэрыплъагъум икIи зэгуэр Уэ пщIыгъуу игъащIэкIэ дызэрыпсэунум щхьэкIэ. Уэ узэрыхуейм хуэдэу дыпсэунымкIэ къыддэIэпыкъу. Iэмин.

## 24. АУЩ ИДЖЫРИ ЗЭ КЪЭКIУЭНУЩ

Аущ иджыри зэ къэкIуэнущ. Ар къыщыхъунур дапщэщми дэ дыщыгъуазэкъым, ауэ дощIэ Ар къэкIуа нэужь Езым и бынхэр Езым щIыгъуу уафэм зэрыдришеинур. Ар махуэ хъуэпсэгъуэу щытынущ! ИкIэм-икIэжым дэ ди нэкIэ тлъагъунущ ди Зиусхьэн Аущ Христос. Абы дапщэщ къэкIуэнуми къыщIыд-

жимыIар дэ зэпымыууэ Ар къыщыкIуэнум дежьэн папщIэкIэщ. Апхуэдэу Ар хуейщ дэ зэпымыууэ тэмэму дызэрыпсэуным дыхущIэкъуну. Аущ къыщыкIуэну зэманыр и щхьэ течауэ къыджиIауэ щытамэ, дэ махуэ къэс Абы и гуращэхэр зэрыдгъэзэщIэным апхуэдизу делIэлIэну къыщIэкIынтэкъым. Длэжьын хуей псори иужьрей махуэм хуэдгъэтIылъынт куэдым. ИкIи икIэм-икIэжым тэмэму Тхьэм зэрыжиIэм хуэдэу дыпсэуну яужь дихьэми кIасэIуэ хъуауэ къыщIэкIыжынт.

Мис аращ Аущ Христос къыщыкIуэнур дапщэщми къыщIыджимыIари.

Ар къызэрыкIуэну щIыкIэм теухуауи мащIэщ дэ дызыщыгъуазэр. Ауэ дауэ щымытами Христос и къэкIуэныгъэм теухуауэ дызрикъуным хуэдиз Тхьэм и Псалъэхэм яхэтщ. Библием дэ дыкъыщоджэ дэ Езым и деж дыдришеин щхьэкIэ Аущ къызэрыкIуэнум, апхуэдэу Абы щIылъэщIи уафэщIи къызэригъэщIынум я хъыбар. Мы щIылъэмрэ иджыпсту ди нэкIэ тлъагъуу щыIэ псомрэ зэгуэр кIуэдыжынущ. Тхьэм псори щIэрыщIэу къигъэщIынущ. Абы щыгъуэ шыни, гуэныхьи щыIэжынукъым. Ди Зиусхьэныр къэкIуа нэужь, псоми зэрызахъуэжынур дауэми уи нэгу къыщIэбгъэхьэну къудейуэ яужь уихьэми къикIынуIакъым. Иджыпсту ди дежкIэ нэхъыщхьэр Абы и къэкIуэныгъэм хуэхьэзыру дыпсэуныр аращ.

Аущ Христос уIуплъэну ухуей? Уэ Абы и пащхьэ зыщыбгъэщхъыу уэ укърherгъэлын щхьэкIэ Зи гъащIэр зытам щхьэщэ хуэпщI хъунущ. Ар дапщэщ зэмани къэкIуэнкIэ хъунущ, къэкIуа нэужьи Езым и деж игъащIэкIэ ущыIэну уздишэнущ.

*Узэджэнур:* Апостол Павел Фессалоникэ къалэм дэсхэм яхуитха тхылъыр 4:13-18; 5:1-6

*УпщIэхэр:* 1. Дапщэщ Аущ аргуэру къыщыкIуэнур?
2. Аущ дапщэщ зэмани къэкIуэнкIэ зэрыхъунур дэ тщIэным сыт ди дежкIэ мыхьэнэуэ иIэр?

*ТхьэелъэIур:* Дэ Уэ фIыщIэ пхудощI, Зиусхьэн, иджыри зэ мы щIылъэм укъызэрыкIуэнум щхьэкIэ. КъыддэIэпыкъу махуэ къэс Уэ дыпщIэгупсысынымкIэ икIи Уи къэкIуэныгъэм хуэхьэзыру дыщытынымкIэ. Iэмин.

## 25. ТХЬЭМ И ПСЭ ЛЪАПIЭР

Дэ дытепсэлъыхьакIэщ Тхьэуэ зы фIэкIа зэрыщымыIэм, ауэ Ар Щыуэ зэрызэхэтым. Мис а Щым язщ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр. Дэ Абы Тхьэ Псэ ЛъапIэкIэ доджэр. Абы нэмыщIкIэ щыIэхэщ Тхьэ Адэмрэ Тхьэм и Къуэмрэ.

Псэ ЛъапIэр дапщэщи щыIащ. Дунейр къэгъэщIыным а зи гугъу тщIа Щыри хэтахэщ.

Ауэ Езыр лIэным куэд имыIэжу и гъуэгу ирикIуэхэм къажриIэгъащ Ар Езым и Адэу уафэм щыIэм деж зэрыкIуэжынур. Абы ахэр къигъэгугъащ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къахуигъэкIуэну. Ауэ уафэм дэкIуеижу махуипщI дэкIа нэужь, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр гъуэгу ирикIуэхэм я гум изу къихьауэ щытащ. Зэгуэр, гъуэгу ирикIуэхэр Тхьэ елъэIуу зэхэсу, жьышхуэ къыкъуэуам ещхьу, Iэуэлъауэ къэIуащ. Къэхъуар къагурымыIуэу гъуэгу ирикIуэхэр зыр адрейм еплъащ икIи псоми я щхьэщыгум мафIэ бзийм ещхь гуэр къащхьэщыту къалъэгъуащ. Ар Ауэ Христос къахуигъэкIуа Тхьэм и Псэ ЛъапIэрт. МафIэ бзийхэр мыгувэу бзэхыжащ, ауэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр гъуэгу ирикIуэхэм я гум къинащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри зэуэ имыщIэ бзэ ирипсэлъэф хъуащ. Языныкъуэхэм уеблэмэ сымаджэр яхуэгъэхъуж, лIар къахуэгъэтэджыж хъуащ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм фIэщхъуныгъэ зыхэлъхэр насыпыфIэ ищIащ икIи абыхэм къару къахилъхьащ уеблэмэ Христос зэрыхуэпэжхэм щхьэкIэ зэхэзехуэн щащIым, щаубэрэжьым дежи уэрэд жаIэну.

Ауэ Христос къэзыщтэ дэтхэнэми Христос щхьэкIэ псэунымкIэ къыдэIэпыкъуну Тхьэм и Псэ ЛъапIэр тыгъэу игъуэтынущ. Уэри чристэну ущытыр пэжмэ, уигуми Ар илъщ. ГупсысэфI, хъуэпсапIэфI псори къызыбгъэдэкIыр Аращ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэр дэ къыддоIэпыкъу Зиусхьэным дыщыгугъынымкIэ, Абы дыхуэжыIэщIэнымкIэ. Апхуэдэу Ар уэ къыбдоIэпыкъу нэщхъыфIэу, цIыху пэжу ущытынымкIэ. Абы и фIыгъэщ уэ уи гум илъ лъагъуныгъэр, гуфIэгъуэр, насыпыр. Уэ уи гур Абы и псэупIэщ.

Тхьэм и Псэ ЛъапIэр чристэнхэм я гум илъ къудейкъым, Ар дэни а зы зэманым щыIэщ. Уэ Зиусхьэным зэрызыхуэбгъэзэну псалъэхэр щумыгъуэт, Абы узэрепсэлъэну щIыкIэр щызыпхухэмыгъэкI къэхъу къыщIэкIынщ. Апхуэдэхэм деж Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къокIуэри ди тхьэелъэIу махэхэм къару къахелъхьэ, ди псалъэхэр екIуу зэрегъэзахуэ. Езыр Тхьэуэ зэрыщытыращ Ар Тхьэм Iэмал имыIэу зэхихыу жэуап къыдитын хуэдэу елъэIуну къару щIиIэр. Тхьэ уелъэIунымкIэ Езы Тхьэр къызэрыбдэIэпыкъур телъыджэкъэ?

Тхьэм и Псэ ЛъапIэр зыдэIэпыкъур уи закъуэкъым, Ар ядоIэпыкъу иджыри Тхьэр къэзымыщта цIыхухэми, абыхэм я гум Тхьэм хуэгъэза лъагъуныгъэ къыщегъэуш. Ауэ абыхэм къахуищIар къагурыIуэнымкIэ сэбэп яхуохъу.

Тхьэм и Псэ ЛъапIэр апхуэдэу уэ Тхьэм и Псалъэхэм ущеджэкIэ ар къыбгурыIуэнымкIэ къыбдоIэпыкъу. Уи дежкIэ иджыри мыгурыIуэгъуэ куэд щыIэмэ, Тхьэ елъэIу Абы а щэхухэр къыпхузэIуихыну.

*Узэджэнур:* ХъыбарыфIыр Иуан КъызэрыжиIар 16:7-15

*УпщIэхэр:*
1. Хэт хъуну Тхьэм и Псэ ЛъапIэр?
2. Дэнэ Ар здэщыIэр?

3. Абы илэжьхэм ящыщ зытIущым я цIэ къиIуэт.

4. Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къыддэIэпыкъуну щыхэткIэ, абы зэран дыхуэхъункIэ хъуну? Дауэ?

*ТхьэелъэIур:* Зиусхьэн лъапIэ, фIыщIэ пхудощI ди Iуэхухэр дэкIынымкIэ къыддэIэпыкъуну Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къызэрытхуэбгъэкIуам щхьэкIэ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэр дигухэм щылэжьэфын хуэдэу дыпсэунымкIэ къыддэIэпыкъу. Iэмин.

## 26. ЧРИСТЭНХЭМ МЫТЭМЭМ ГУЭР ЯЛЭЖЬЫНУ ХУИТЫНЫГЪЭ ЯIЭ?

Дэ иджы дощIэ мыкIуэдыжын гъащIэ къридлэжьын хуэдизу фIыуэ дызэрыщымытыфынур. Ауэ Христос зэрылIамрэ Ар лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжыфамрэщ дэ дыкъезыгъэлыфыну щыIэр. Ауэ къикIыу пIэрэ абы дэ дауэ дунейм дытетми абы мыхьэнэ имыIэу? Дегъэгупсысыт: дэ чристэн дыщыхъуар Христос ди КъегъэлакIуэ хъуну делъэIуа нэужькIэщ; атIэ абы иужькIэ гуэныхь длэжь хъужыну?

Зиусхьэныр ди гум къыщихьэкIэ, Ар хуейщ дэ фIы дыхъуну. Мыпхуэдэ упщIэ къэмыувынкIэ Iэмал иIэкъым: сыттIэ а псом иужькIэ дэ щIэх-щIэхыурэ Iуэху мытэмэм щIэдлэжьыр?

Ар шейтIанщ зэхэзыщIыхьыр. Ар лъэрызехьэщ; уеблэмэ я нэхъ мэлэIыч лъэщхэри шейтIаным къарукIэ пэхъухэркъым. Абы ещIэ дэ дыкъызэригъэпцIэнури, дигухэм хъуэпсапIэ Iейхэр къызэрыщигъэуушынури. Уафэм дыдэкIуеижа нэужь, Тхьэм дэ гущIэ къыдитынущ – гуращэ Iей зэи къызэрымыхьэну гу.

Ауэ щIылъэм дыщыIэхункIэ гуэныхь тIэщIэщIэнкIэ шынагъуэр щыIэщ. Зиусхьэныр ди гум къызэрихьэу, Абы гуэныхьхэм дыпэщIэтынымкIэ зыкъытщIигъакъуэу щIедзэ. Ауэ дэ зэи зэпыдмыгъэууэ Ауэ делъэIун хуейщ Абы ди гъащIэр Езым и IэмыщIэ ирилъхьэу шейтIаныр Iуихужыну.

Зиусхьэным гущIэ къыдита нэужь сытым хуэдэу фIы хъуну! ИтIанэ дэ зыми Iейм дыхуриджэнукъым, зыми дыкъызэщIигъэстынукъым.

Зэи зыщумыгъэгъупщэ Ауэ Христос шейтIаным нэхърэ куэдкIэ нэхъ зэрылъэщыр икIи шейтIаныр Абы хуабжьу къызэрыщышынэр. Зиусхьэным дэIэпыкъуныгъэкIэ зыщыхуэдгъазэкIэ шейтIаныр икIуэтыжын хуей мэхъу.

*Узэджэнур:* Апостол Павел Рим къалэм дэсхэм яхуитха тхылъыр 6:1-10

*УпщIэхэр:*
1. ШейтIаныр зыхущIэкъур сыт?
2. Уэ шейтIаным нэхърэ унэхъ лъэщ?

3. Хэт шейтIаным нэхърэ нэхъ лъэщыр?
4. ШейтIаным гуэныхь уимыгъэлэжьын щхьэкIэ сыткIэ зэран ухуэхъуфыну?

*ТхьэельэIур:* Аущ Христос лъапIэ, фIыщIэ пхудощI Уэ Тхьэуэ узэрыщытым икIи псоми, уеблэмэ шейтIанми, нэхърэ нэхъ узэрылъэщым папщIэ. КъыддэIэпыкъу дигухэр Уэ къабзэу пхуэтхъумэнымкIэ. Iэмин.

## 27. УИ ГУМ И ТАХЪТЭМ ХЭТ ТЕСЫР?

Тахътэр зищIысыр пщIэуэ пIэрэ? Ар хэкум и унафэ зыщI пащтыхьыр зэрыс шэнтжьей гъэщIэрэщIарщ.

ПщIэуэ пIэрэ уигуми тахътэ зэритыр икIи абыи зыгуэр зэрытесыр? Сыщогугъ абы тесыр уэ езыр арауэ къыщIэмыкIыну. ДауикI, сэ иджыпсту зи гугъу сщIыр тахътэ дыдэкъым. Дэ дигуми исщ Пащтыхь дыдэ, тэмэму дунейм зэрытетын хуейр Тхьэм и бынхэм къажриIэу. Апхуэдэ Пащтыхьу щытыр Христосщ.

Ауэ а тахътэмису унафэ къытхуащIыну я нэ къикIыу иджыри тIу щыIэщ. А тIум языр шейтIанщ, адрейр – ди „сэрщ“. ПыухыкIауэ Аущ зыгуэр къыщыпхуигъэувым, ауэ уэ абы и пIэкIэ нэгъуэщI зыгуэр щыблэжьым деж, абы къокI а зэманым тахътэм тесыр мы-Христосу. Абы къикIыр уэ Зиусхьэныр Ар зытесын хуей тахътэм къытепхуауэ аращ. Уэ уигу иплъхьауэ аращ уэ езыр упащтыхьыну. Апхуэдэу щыпщIэкIэ, шейтIан щIогуфIыкI. Абы ещIэ: тахътэм Зиусхьэныр темысмэ, абы IуэхущIафэ мыхъумыщIэхэр уигъэлэжьыфынущ: укъигъэгубжьыфынущ, уигъэфыгъуэфынущ, нэгъуэщI Iей куэдым ухишэфынущ. Зиусхьэныр тахътэм тесу унафэ имыщIмэ, а псори ищIэным шейтIаным дежкIэ гугъуехь лъэпкъ хэлъкъым.

Уи гум и тахътэм уэ езыр утесыжу уи гъащIэм ущрипащтыхьыжым деж, шейтIаным уи гум и унэм хуит щыхъуауэ къыщеущыхь псори къызэригъэдзэкIыу, щхьэкIэ иритIэу. Абы ещIэ ар уэ нэхърэ нэхъ зэрылъэщыр икIи къыпщодыхьэшх, сыту жыпIэмэ ипэжыпIэкIэ апхуэдэхэм деж пащтыхьыр уэракъым, аращ, икIи абы сыт хуейми хуэщIэнущ.

Ауэ тахътэм тесыр Зиусхьэныр арамэ, шейтIаным Iей гуэр зэхищIыхьыну тегушхуэркъым. Уэ аргуэру тахътэм утетIысхьэну мурад пщIыхункIэ абы зегъэпщкIу.

Ди Зиусхьэныр хуабжьу тэмакъкIыхьщ, гущIэгъулыщ икIи щэджащэщ. Ауэ ар тахътэм щытесынур уэ апхуэдэу ищIэну уелъэIуа нэужьщ. ИкIи, учристэнмэ, уэ зэпымыууэ тахътэр Абы лъыбгъэсыпхъэщ. УелъэIуу щытмэ, Тхьэр апхуэдэу пщIэнымкIэ къыбдэIэпыкъунущ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм ар зэпымыууэ уигу къигъэкIыжынущ.

Хэт уи гъащIэм и пащтыхьыр? Хэт уи гум и тахътэм тесыр? Уэ езыр абы утесу шейтIаным уи гъащIэм и унафэ ищIыну Iэмал епту пIэрэ е абы тесыр Зиусхьэныр ара?

*Узэджэнур:* Апостол Павел Рим дэсхэм яхуитха тхылъыр 6:14-23.

*УпщIэхэр:*
1. Хэт уи гум и тахътэм тесыну зи нэ къикIыр?
2. Дэ езыр тахътэм дыщытесым деж шейтIаным ищIэр сыт?
3. Тахътэм тесыр Зиусхьэныр арамэ, шейтIаным сыт ищIэр?

*ТхьэелъэIур:* Тхьэуэ псори зыхузэфIэкI, ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ! Дэ уи дэIэпыкъуныгъэ дыхуэныкъуэщ икIи Аущ Христос долъэIу ди гум и тахътэм тетIысхьэу шейтIаным гуэныхь дигъэлэжьыну яужь щихьэкIэ абы зэран хуэхъуну. ФIыщIэ пхудощI Уэ Аущ шейтIаным нэхърэ зэрынэхъ лъэщым папщIэ. Iэмин.



# 28. ПАЩТЫХЬЫР ДАПЩЭЩИ УИ ТАХЪТЭМ ТЕСЫН ХУЕЙЩ

ПщIэжмэ, дэ уи гум ит тахътэм дытепсэлъыхьащ. Апхуэдэу уэ ущыгъуазэ абы тесыну хущIэкъу пащтыхьищыр хэтми? Абыхэм ящыщ зыр – Пащтыхь нэсыр – Аущ Христосщ, адрей тIур шейтIанымрэ уи „сэмрэщ“. Уэ езым тахътэр бубыду узэрыфIэфIу псори пщIэну зэрыщIэбдзэу, шейтIаныр уи гум щэхуу къохьэри уи Iуэхуу хъуар зэIищIэрэ игъэутхъуэу итщ. Ауэ уи гум и тахътэм тесыр Аущ Христосмэ, шейтIаным зигъэпщкIун хуей мэхъу. Абы щыгъуэ уэ унэжэгужэ, уфIэрафIэ хъунущ. Аущи уи адэ-анэри уэ блэжь псоми щогуфIыкI. Зиусхьэныр уи гум щытепщэхукIэ, псори тэмэмщ, ауэ уэ уи щхьэзыфIэфIагъкIэ Iуэху блэжьын зэрыщIэбдзэу псори зэIохьэ, узэрыхуэмей мэхъу.

Зиусхьэным дэ къытхуищIа псом яужькIэ Абы ди гъащIэм и унафэр дэ дигъэщIыжыну уелъэIуныр мыакъылыншагъэу пIэрэ? ДауикI акъылыншагъэщ, ауэ итIани дэ ар дощIэ.

Пащтыхьу тахътэм Аущ фIэкIа нэгъуэщI темыс дауэ тхуэщIыну? Зиусхьэныр нэхъыфIу зэрызэбгъэцIыхуным хущIэкъу, итIанэ уэ Ар уигукIи уи псэкIи фIыуэ плъагъунщ икIи Абы фIэкIа нэгъуэщI уи гум щытепщэну ухуэмейуэ ухъунщ.

Зиусхьэныр нэхъ гъунэгъуу къэтцIыхухункIэ, дэ Ар нэхъыфIыжу долъагъу, нэхъ дзыхь худощI икIи ди

гъащIэр Абы и IэмыщIэ идолъхьэ. Ар нэхъ гъунэгъуу къэтцIыхухункIэ, дэ нэхъри дыхущIокъу Абы фIэкIа нэгъуэщI ди гум и тахътэм темысыным.

Куэдрэ дэ къытхэтыж макъитI зэхыдох. Зым „Ар умыщIэ“, – жи, адрейм „Абы Iей лъэпкъ хэлъкъым“, – жеIэ. А тIум дэтхэнэр Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и макъми, дэтхэнэр шейтIаным и макъми дауэ зэхэдгъэкIа хъуну? Сабий цIыкIум пасэ дыдэу и анэм и макъыр адрей псоми къахицIыхукIын щIедзэ, икIи нэхъ ин хъухункIэ а макъыр нэхъ шэч къытримыхьэжу сыт хуэдиз макъ зэхэтми къахегъэщхьэхукI. Дэри мис апхуэдэу Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и макъым досэри ар шейтIаным и макъым хэдгъэгъуащэркъым.

ПщIэрэ апхуэдэм деж пщIэну нэхъыфIыр? Абы уепсэлъэн хуейщ. ЦIыхур нэхъ гъунэгъуу къэпцIыхуну ухуейкъэ – абы дэуэршэр. Ауэ дэ Зиусхьэныр ди нэкIэ щыдмылъагъукIэ, дауэ Абы дызэрепсэлъэнур? Дэ Абы допсалъэ Тхьэ дыщелъэIукIэ. ДауикI, дэ Ар къытхуэлъагъунукъым, ауэ Абы дэ дапщэщи дызэхех, уеблэмэ цIыху къыдбгъэдэтхэм нэгъунэ дызэхамыхыу щэху дыдэу зыщыхуэдгъазэкIи.

Тхьэр нэхъ гъунэгъуу къызэрыпцIыхун нэгъуэщI зы Iэмали щыIэщ: Абы къыджиIэну зыхуейм щIэдэIуэн хуейщ. Дауэ Зиусхьэныр дэ къызэрыдэпсалъэр? Ар дэ къыдопсалъэ Библием дыщеджэм деж. Библиер Абы и Псалъэщи, дэ Тхьэм къыджиIэр зэхыдох. Абы дэ къыджиIэну зыхуейр къыщыдгурымыIуи къохъу, ауэ зэуэ псо дыдэри къыдгурыIуэну Iэмал имыIэу щыткъым. Библием дыкъеджэрэ дызэджам къыикIым дегупсысмэ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр дэ Iэмал имыIэу къыддэIэпыкъунущ Зиусхьэныр нэхъ гъунэгъуу къэтцIыхунымкIэ.

*Узэджэнур:* Апостол Павел Рим къалэм дэсхэм яхуитха тхылъыр 12:1-3

*УпщIэхэр:*
1. Уи гум зэуэ пащтыхь дапщэ щытепщэфыну?
2. Зиусхьэныр нэхъ гъунэгъуу зэдгъэцIыхун щIыхуейр сыт?
3. Дауэ Зиусхьэныр нэхъ гъунэгъуу зэрызэбгъэцIыхунур?

*ТхьэелъэIур:* Зиусхьэн лъапIэ, дэ Уэ нэхъ гъунэгъуу укъэтцIыхуну дыхуейщ икIи дыщогугъыкI Уи деж дыкъакIуэу тхьэелъэIукIэ Уэ дызэрынопсэлъэфым. КъыддэIэпыкъу Уэ иджыри нэхъыфIыжу утлъагъун, нэхъри ди дзыхь нэхъ уэдгъэз хъун щхьэкIэ нэхъ гъунэгъужу укъэтцIыхунымкIэ. Iэмин.

## 29. СЭБЭП ХЪУН

ЩIалэ цIыкIу гуэрым, и адэм щIыгъуу къыздикIухьым, жыг лъабжьэм щIэлъ къудамэ гъуар къилъэгъуащ.

– Сядэ, – къыхэкIиикIащ ар, – еплъыт мы къудамэм! Ар сэ унэм нэсхьынщи хэссэнщ; пщIэнукъым, тхьэмпэхэр, уеблэмэ мыIэрысэхэр къыпыкIэнкIэ хъунщ!

– Хьэуэ, – идакъым адэм, – а къудамэр гъуащ. Абы зэи афIэкIа тхьэмпи мыIэрыси къыпыкIэжынукъым.

– АтIэ абы аргуэру пхъэщхьэмыщхьэ къыпыкIэ пщIыжыну Iэмал лъэпкъ щымыIэу ара? – щIэупщIащ щIалэ цIыкIур.

– ЩыIэкъым, – къритыжащ жэуап и адэм, – абы псэ хэтыжкъым. Iэмал закъуэу щыIэращи, Зиусхьэным абы гъащIэщIэ къритыжауэ щытамэ, а къудамэр жыгым аргуэру гуэкIэжынт.

Дэри мис а къудамэм ещхьу псэншэу дыщытащ, Ауш – гъащIэм и жыгщ. Дэ ди щхьэ зыкIи дыдэIэпыкъужыфынутэкъыми, Тхьэм дэ къудамэ гъуам ещхьу дыкъищтэри псэ къытхилъхьэжащ, жыгым дыдигъэкIащ. Иджы дэ фIыгъуэ къытпокIэ – гуфIэгъуэ, лъагъуныгъэ, зышыIэныгъэ къытпкърокI.

Дэ IуэхуфIхэр щIэдлэжьыр, сэбэп дыщIэхъур Христос фIыуэ зэрытлъагъур аращ. Дэ дещхьу щыташ мис а къудамэ гъужам, ауэ Зиусхьэным дэ гъащIэщIэ къыдитыжащ.



*Узэджэнур:* ХъыбарыфIыр Иуан КъызэрыжиIар 15:1-8

*УпщIэхэр:*
1. Къудамэ гъужам аргуэру пхъэщхьэмыщхьэ къыпыкIэжынкIэ хъуну?
2. Библием жеIэ гуэныхьщIакIуэхэр я гуэныхьхэм къыхэкIыу псэншэу. Сыт ахэр къудамэ гъужам щIыхуэдэр?
3. ЦIыхухэр кърыгъэлын папщIэ сыт Зиусхьэным илэжьар?

*ТхьэелъэIур:* Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ! Дэ дощIэ ди гуэныхьхэр пшыныжа хъун щхьэкIэ КъегъэлакIуэ дызэрыхуэныкъуэр икIи фIыщIэ пхудощI Уэ дыкъебгъэлу Ауш Христос дигум щыщ зэрыхъуам щхьэкIэ гъащIэщIэ къызэрыдэптамкIэ. Къыддэпыкъу сэбэп дыхъуу дыпсэунымкIэ. Iэмин.

## 30. ЦIЫХУМ ЗИУСХЬЭНЫР ФIЫУЭ ИЛЪАГЪУРЭ ИМЫЛЪАГЪУРЭ ДАУЭ КЪЭПЩIЭНУ?

Уэ къыпхуихуа къыщIэкIынщ, мыбы Христос пэж дыдэу фIыуэ илъагъуу пIэрэ, жыпIэу цIыху гуэрым

щхьэкIэ ущегупсыса. Ар езым уемыупщIыуи къыпхуэщIэнущ. Ар фIыуэ зэрытлъагъум и инагъыр зэрызэхэдгъэкIын щапхъэ щыIэщ, Езы Аущ къыдитауэ. Абы зэрыжиIэмкIэ, ар къэпщIэфынущ цIыхум и IуэхущIафэхэмкIэ. Зиусхьэныр фIыуэ ялъагъуу жызыIэхэм икIи Ар ягъэгуфIэн папщIэ яхузэфIэкI псори зылэжьхэм пэж дыдэу Христос фIыуэ ялъагъу. Ауэ цIыху урохьэлIэ Христос фIыуэ илъагъуу жиIэу, ауэ Ар къызэрыщыгугъым щыщ зыри имыгъэзащIэу. Апхуэдэм Ар фIыуэ илъагъур пэжкъым.

Зиусхьэным худиIэ лъагъуныгъэр сытым къыхэщынкIэ хъуну? Япэрауэ, дэ псори фIыуэ тлъагъун, псоми нэфIэгуфIэу дахущытын хуейщ. Апхуэдэу дыщытыным дэ унагъуэм зыщедгъэсэфынущ, ди адэ-анэм я псалъэр тIэужыIэ едмыгъэщIу дахуэжыIэщIэкIэрэ.

Псалъэм и хьэтыркIэ, дэ ди къуэш, ди шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIухэр зэрыджэгу хьэпшып гуэр диIэмэ абыхэм ириджэгуну хуит тхуэщIынущ, еджапIэм къыщыддеджэ ди ныбжьэгъухэм зыгуэркIэ защIэдгъэкъуэфынущ. Уэ езыми, шэч хэмылъу, бгъуэтынщ фIы гуэркIэ узыхуэупсэн.

Ауэ адрейхэм уахуэнэщхъыджэмэ, уахуэщIыIэмэ, абы къикIыр уэ Аущ Христос нэхърэ уи щхьэр нэхъыфIу плъагъужу station.

ДауикI, ар апхуэдэу Iуэху тыншкъым. Абы зыхуэгъэсэн хуейщ. Пшынэ уеуэфу е псым уесыфу ухъун папщIэ, мащIэ-фащIэ зегъэсэн хуей? ЖыIэдаIуэ ухъунми мис апхуэдиз дыдэкIэ зыхуэгъэсэн хуейщ. Дэ зыдгъэсэн хуейщ зыр адрейм дыхуэнэфIэгуфIэфу, дыхуэгуапэфу. Зыгуэр къыптекIиемэ, псом нэхърэ нэхъ тыншыр абы ущIэкIиежу зэфIэбгъэкIынырщ. Ауэ дэ зедгъэсапхъэщ кIий-гуом кIий-гуокIэ дыпэмыувыжу дапщэщи цIыху гуапэу дыщытыным. Библием жеIэр адрей цIыхухэм фIылъагъуныгъэкIэ къазэрыдэгъуэгурыкIуэ чристэныр зэрычристэным и нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщу. ИкIи абы къыхэкIкIэ цIыхум и зыщIыкIэмкIэ абы Тхьэр фIыуэ зэрилъагъум и инагъыр къыпхуэщIэнущ.

Дэ дымынэфIэгуфIэмэ, дымыгуапэмэ, дауэ адрейхэм Аущ Христос фIыуэ ялъагъуну ягу къихьэн?

*Уздэджэнур:* Апостол Иуан итха япэ тхылъыр 2:3-14

*УпщIэхэр:*

1. ЦIыху гуэрым Аущ Христос фIыуэ илъагъурэ имылъагъурэ дауэ зэхэбгъэкIыфыну?
2. Адрей цIыхухэм дауэ уахуэгуапэфыну?
3. Пшынэ уеуэн е псым уесын щхьэкIэ абыхэм зыхуэгъэсэн хуей?
4. Гуапэу, нэфIэгуфIэу ущытынми зыхуэгъэсэн хуейуэ пIэрэ?
5. Зыгуэр гущIыIэу, мыгуапэу къыпхущытмэ, уэ сыт пщIэн хуейр?

*ТхьэелъэIур:* Зиусхьэн лъапIэ, Уэ укъытхуэгуапэт, лъагъуныгъэшхуэ къытхууиIэти, дыкъебгъэ-

лащ. Иджы дэ Уэ дынолъэIуну дыхуейщ дэри адрейхэм дахуэгуапэу, ныбжьэгъугъэкIэ дабгъэдэтыфу дыбгъэсэну. Уэ Уи лъагъуныгъэр дэ къыддырелъагъуи адрей цIыхухэри Уэ Уи бын ирехъухэ. Iэмин.

## 31. ТХЬЭМ И БЫНЫМ ГУЭНЫХЬ ЩИЛЭЖЬЫМ ДЕЖ СЫТ КЪЭХЪУР?

Зиусхьэныр фIыуэ плъагъу пэтми, Абы и жагъуэ зэрыпщIыр къыщыбгурыIуэжым деж сыт пщIэн хуейр? Аущ ди Зиусхьэн хъуамэ, абы къикIыркъым дэ абдеж щыщIэдзауэ гугъуехь лъэпкъ дыхэмытыжыну. ШейтIаныр япэхэми хуэдэу IуэхущIафэ мыхъумыщIэхэр зэхыдигъэщIыхьыным пылъынущ. ИкIи зэзэмызэ, ирикъун хуэдизкIэ дымысакъмэ, абы ар къехъулIэнущ.

Сыт-тIэ дэ тщIэн хуейр? Абы и жэуапыр Библием къыдет: дэ ди гуэныхьхэмкIэ Аущ и пащхьэм зыщыдумысыжын хуейщ, итIанэ Абы дэ къытхуигъэгъунущ икIи Тхьэмрэ дэрэ аргуэру фIыуэ дызэхущыт хъужынущ. ДяпэкIэ гуэныхь дымыщIэн щхьэкIэ Аущ зэзэмызэ тазыр къыттыримылъхьэу хъунукъым. Псалъэм папщIэ, япэм фIэфIыпсу къытхуищIэну щыта гуэр иджы дыхигъэкIыжынкIэ хъунущ.

Ауэ дэ дапщэщи Iэмал диIэщ Аущ деж дыкIуэу гуэныхь къызэрытхьар жетIэну, къызэрытхуигъэгъум папщIи фIыщIэ хуэтщIыну. ИтIанэ дэ аргуэру зыхэтщIэнущ абы лъагъуныгъэ къытхуиIэр. Ар зэбгъэщхь хъунур уи адэ-анэм уахуэмыжыIэдаIуэу тазыр къыпралъхьэн хуей щыхъурщ. Апхуэдэхэм деж уэ уи мызакъуэу уи адэ-анэри нэщхъейщ. Ауэ фызэкIужа нэужь, псоми гухэхъуэ фогъуэтыж.

Зы цIыхуи щыIэкъым уи гуэныхьхэр птрихыфыну. Ар зыхузэфIэкIынур Тхьэм и закъуэщ. Тхьэм къыджеIэр Абы и деж дызэрыкIуэфынур, дыкIуэни зэрыхуейр. Ди къуаншагъэр хуиIуэтэну дэ ди цIэкIэ нэгъуэщI гуэр дгъакIуэ хъунукъым Абы и деж. Ар хуейщ дэ езыр Абы и деж дыкIуэну.

*Узэджэнур:* Апостол Иуан итха япэ тхылъыр 1:8-2:3

*УпщIэхэр:*
1. Гуэныхь щыIэщIэщIам деж Тхьэм и быным сыт ищIапхъэ?
2. Тхьэм дауэ дэ зэзэмызэ тазыр зэрыдигъэхьыр?
3. Сыт Абы тазыр къыщIыттрилъхьэр?

*ТхьэелъэIур:* Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ, куэду фIыщIэ пхудощI Уэ ди гуэныхьхэр зэрыттепхым папщIэ. ЗыгуэркIэ гуэныхь тэщIэщIауэ ар къытхуэбгъэгъуну дыщынолъэIум деж Уэ ар къызэрытхуэбгъэгъур дапщэщи дигу игъэлъ. Уи лъагъуныгъэм папщIэ фIыщIэ пхудощI. Iэмин.

# 32. СЫТ ДЭ ЗЭЗЭМЫЗЭ ТАЗЫР ТХЬЫН ЩІЫХУЕЙР?

Уэ дауэ уеплъгрэ, уи адэ-анэм тазыр къыптралъхьэмэ, абы къикІрэ ахэр цІыху бзаджэу? ДаущкІ, къикІыркъым! Ахэр Тхьэм жиІэм тету аращ – Абы жиІакъэ мыжыІэдаІуэ псоми тазыр яхьын хуейуэ? Тхьэм Библием щыжеІэ тазырыр дэ зэрытфІэмыфІынур, ауэ ар дэ тэмэм дыхъужынымкІэ сэбэп зэрыхъунур. Бынын адэ-анэм яхуэжыІэщІэн хуейщ, яхуэмыжыІэщІэмэ, адэ-анэм абыхэм тазыр тралъхьапхъэщ.

Тазырыр сэбэп мэхъу. Уэ иджыри зэгуэр Іей гуэр блэжьыну уигу къихьэмэ, ухуей-ухуэмейми уэ уигу къэкІыжынущ абы щхьэкІэ тазыр пхьауэ зэрыщытар икІи абы укъызэтригъэувыІэнущ. Тазырым апхуэдэу дэ дигу къегъэкІыж дызэрымыжыІэщІэмкІэ ди Зиусхьэным и жагъуэ дапщэрэ тщІыми.

Іей зылэжь сабийхэм тазыр ямыхьмэ, сыт къэхъунур? Апхуэдэ сабийхэр я адэ-анэм жаІэм щедаІуэр езыхэр щыхуейм дежщ; ахэр егъэджакІуэхэми едэІуэнукъым, иужьым щІэпхъэджащІэ дыдэ хъунухэщ. Зэи тазыр зрамыгъэхь сабийхэр щІэпхъэджащІэ шынагъуэ хъункІэ зыхуэІуа щыІэкъым, сыту жыпІэмэ ахэр хуабжьу щхьэзыфІэфІхэщ икІи адрей цІыхухэр зыкІи къафІэІуэхукъым.

Зэрыплъагъущи, уи адэ-анэм тазыр къыщыптралъхьэкІэ абыхэм уи Іей къалъыхъуэркъым. Ахэр уэ къыбдэІэпыкъуу аращ адрей цІыхухэр зыхуейзыхуэфІхэмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэмрэ уегупсысынымкІэ е Тхьэм къыпхуигъэувхэр къыбгурыІуэнымкІэ. Тхьэр хуейкъым уэ езым уигу къихьэм фІэкІа умыщІэу упсэуну. Тазырыр уэ щІэгъэкъуэн къыпхуохъу дяпэкІэ къэбгъэщІэну гъащІэм узыщрихьэлІэнкІэ хъуну гугъуехь куэдыр къызэбнэкІынымкІэ.

Ауэ, псом япэу, мыхьэнышхуэ иІэщ уи адэ-анэм, егъэджакІуэхэм, нэгъуэщІхэм уахуэжыІэщІэу зебгъэсэным, сыту жыпІэмэ абыхэм дедаІуэу зыдмыгъасэмэ, дэ Христос дедэІуэфынукъым. Ди адэ-анэм зыгуэр щхьэкІэ тазыр къыттралъхьэмэ, абыкІэ ахэр дэІэпыкъуэгъу къытхуохъу Аущ нэхъыфІу тлъагъунымкІэ, Абы къыджиІэр тщІэну хьэзыру дыщытынымкІэ. Ди адэ-анэм дахуэжыІэщІэкІэрэ дэ Тхьэми дыхуэжыІэщІэу зыдогъасэ.

Апхуэдэу щыщыткІэ, зи бын тазыр тезымылъхьэ адэ-анэхэр абыхэм Іейуэ зэран яхуохъу. Уи адэм е уи анэм дяпэкІэ тазыр къыщыптрилъхьэкІэ укъэмыгубжьу ахэр жыІэдаІуэ ухъунымкІэ къызэрыбдэІэпыкъум егупсыси нэхъыфІщ.

Хадэ зезыхьэр щыгъуазэщ хэпсар къэкІын, абы гъавэ къуитын щхьэкІэ зэпымыууэ абы илэжьыхьын, удзыжьхэр игъэкъэбзыкІын зэрыхуейм.

Дэ дигухэри хадэм ещхьщ. Абы къыхэкІкІи абы удзыжьхэр идгъэкъэбзыкІынымкІэ къыддэІэпыкъу ди адэ-анэм фІыщІэ яхуэтщІыпхъэщ.

*Узэджэнур:* Апостол Павел Ефес къалэм дэсхэм яхуитха тхылъыр 6:1-9

*УпщIэхэр:* 1. Тазыр къыттралъхьэм и сэбэп къызэрыдэкIыр дауэ?
2. Сабийхэм тазыр трамылъхьэмэ, сыт къэхъур?
3. Уэ дауэ уеплърэ, уи адэ-анэм я жыIэм уедаIуэу зебгъасэмэ, Тхьэми ухуэжыIэщIэфыну?

*ТхьэелъэIур:* Тхьэуэ псори зыхузэфIэкI, ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ! Дэ дощIэ Уэ узэрыди-Адэр икIи абы къыхэкIкIэ мытэмэм гуэр длэжьмэ тазыр къыттеплъхьэн зэрыхуейр. Ди щыуагъэхэм дерс къыхэтхыфу дегъасэ. Апхуэдэу къыддэIэпыкъу ди адэ-анэм дахуэжыIэщIэ, абыхэм пщIэ яхуэтщI дыхъунымкIэ. Ауэ и цIэкIэ абыкIэ дынолъэIу. Iэмин.

## 33. ТХЬЭМ КЪЫБГЪЭДЭКI ТХЫГЪЭ

Уи нэгу къыщIэгъэхьэт уи адэр Африкэм щыIэу: къопсэлъэфынут ар итIанэ? Хьэуэ, ар жыжьэIуэщ; уэ ар къыпхуэлъагъунукъым, и макъи зэхэпхынукъым, кIуэ телефонкIэ уемыпсалъэмэ. Ауэ апхуэдэу щыт пэтми ар зыгуэркIэ къыпхуеймэ, къызэрыпхуейр къызэрыпщIэн Iэмал щыIэщ. Абы тхыгъэ къыпхуигъэхь хъунущ.

Уи нэгу къыщIэгъэхьэт Тхьэр къопсэлъэну хуейуэ. Абы щхьэкIэ Езыр къэкIуауэ щытамэ, уэ Абы и щIыхьыр къыптехьэлъэнт! Ауэ Ар нэгъуэщI зэгуэруи къопсэлъэфынущ: Абы уэ Тхыгъэ кIыхь къыпхуитхащ икIи уэ абы укъеджэкIэрэ Абы къыбжиIэну зыхуейр къэпщIэфынущ. Апхуэдэ тхыгъэу щытщ Библиер. Абы куэд къеIуатэ Тхьэм, Абы и IуэхущIафэхэм, Ар къызэрыпщыгугъхэм ятеухуауэ. Абы и тхыгъэм укъеджакIэ уэ? Тхьэм а тхыгъэр итхын щхьэкIэ къэрэндащи, къэлэми, зэрытрадзэ машинки хуей хъуакъым. Абы Езыр ипэжыпIэкIэ фIыуэ къэзылъагъу цIыхухэр къыхишри Езым къажриIэурэ тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр яригъэтхащ, ахэр зэхагъэувэжри Библие хъуащ. Абыхэм къадэIэпыкъун папщIэ Тхьэм языныкъуэкIэрэ абыхэм пщIыхьэпIэхэр къаригъэлъагъурт е къэкIуэнум и сурэтхэр я нэгу къыщIигъэхьэрт. Мыдрейхэми а псори ятхыжырт. ИтIанэ Зиусхьэным и нэIэ тригъэтащ тха хъуа псори зэрымыкIуэдыным. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Библиер ди деж къэсащ.

Иныкъуэхэм деж а цIыхухэр тетхыхьащ абыхэм Тхьэр фIыуэ зэралъагъум, Абы теухуауэ ягу илъхэм. Апхуэдэт, псалъэм папщIэ, Даут пащтыхьыр; абы итхащ Библием иту тлъагъу Псалм куэдыр.

Адрей лIыхэм кълратхэкIыжащ езыхэм е я ныбжьэгъухэм я нэгу щIэкIахэр. Ахэр щатхым щыгъуэ абыхэм уеблэмэ ямыщIагъэнри хэлъщ а псори Тхьэм я щхьэ кърилъхьауэ зэраригъэтхыр.

ФщIэуэ пIэрэ фэ Библиер зэратхрэ дэкIа илъэс бжыгъэр? Илъэс 1500-м щIигъу!

А тхыгъэр къызэрытхуигъэнамкIэ Зиусхьэныр дэ хуабжьу къытхуэгуэпащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ дэ иджы куэд къытхуэщIэнущ уафэм, Аущ, Абы дэ къытхуиIэ лъагъуныгъэм ятеухуауэ.

Уи ныбжьэгъум тхыгъэ гуэр хуебгъэхьауэ ар абы къемыджэххамэ, уэ дауэ къыпщыхъунут? Си гугъэщ ар уэ уи жагъуэ дыдэ хъуну. Тхьэми уэ къыпхуигъэхьа тхыгъэм уемыджэххэу щилъагъум деж и жагъуэ мэхъу. Абы къыхэкIкIи Библием уеджэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы итхэм щыщ куэд къыбгурымыIуэнри хэлъщ, ауэ уэ зэхэпщIыкIыни итщ абы, нэхъ балигъ ухъухункIи нэхъыбэ къыбгурыIуэ хъунущ.

Узыншэу, къарууфIэу ущытын щхьэкIэ, уэ ушхэн хуейщ. Абы ещхьыркъабзэу Зиусхьэныр зыхэпщIыкIыу укъэхъун щхьэкIэ уэ Библием уеджапхъэщ.

| | |
|---|---|
| *Узэджэнур:* | Апостол Павел Тимофей хуитха етIуанэ тхылъыр 3:14-17; 4:1-2 |
| *УпщIэхэр:* | 1. Уи ныбжьэгъум уепсэлъэну Iэмал уимыIэмэ, абы дауэ зыгуэр жепIэ хъуну?<br>2. Езым и Псалъэр ди деж къэсын папщIэ Тхьэм сыт хуэдэ гъуэгу къыхихар?<br>3. Тхьэм къыпхуигъэхьа тхыгъэм уеджэу пIэрэ? |
| *ТхьэелъэIур:* | Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ, фIыщIэ пхудощI Уэ къытхуебгъэхьа тхыгъэм, Библием, папщIэ. КъыддэIэпыкъу абы ит псори дгъэзэщIэнымкIэ. Ди гъуэгуанэр зыгъэнэху нур ирехъу ар. Аущ Христос и цIэкIэ абыкIэ дынолъэIу Уэ. Iэмин. |



## 34. БИБЛИЕР ЗАХУЭУ ДЭНЭ ЩЫПЩIЭРЭ?

Библиер Тхьэм къыщытхутепсэлъыхькIэ, абы ди дежкIэ тхылъу мы дунейм тетым нэхърэ нэхъ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы дэ къытхуеIуатэ нэгъуэщI зы тхылъи идмыгъуэтэнухэр, псалъэм папщIэ: Тхьэм дунеймрэ япэ цIыхухэмрэ къызэригъэщIар. Дэ тщыщ зыри абы ирихьэлIакъым икIи ар езым и нэкIэ илъагъуну Iэмал иIакъым. А псор дэ тщIэнутэкъым Тхьэм Библием къыщытхуимыIуэтауэ щытамэ.

Языныкъуэ цIыхухэм жаIэ дунейр къыщигъэщIым дэ дыщримыхьэлIакIэ, а псор Тхьэм къигъэщIарэ къимыгъэщIарэ и пэжыпIэр къытхуэмыщIэну. Абыхэм Библием итыр я фIэщ хъуркъым. Дауэ къагурыдгъэIуэфыну апхуэдэхэм Библиер зэрызахуэр?

Псалъэм папщIэ, мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр къыпхуэгъэлъэгъуэнущ: язынықъуэ къэхъугъэхэр Библием ихуащ ахэр къэхъуным иджыри Iэджэ зэман иIэу. Библием къэхъугъэ куэд итщ къэхъуауэ, дяпэкIэ къэхъуну. Абы щытопсэлъыхь журт лъэпкъыр Палестинэм къызэрырахунум, Тхьэми ар абы зэригъэкIуэжынум. Иджы а псор ди зэманым йокIуэкI. Ар дэ ди нэкIэ къытхуэлъагъунущ икIи Библием итыр зэрыпэжыр текъузауэ тхужыIэнущ. Е: Библием куэдрэ я цIэ къреIуэ илъэс Iэджэ япэкIэ псэуа пащтыхьхэм. Библиер зи фIэщ мыхъухэм жаIэ апхуэдэ пащтыхьхэр щымыIауэ, ахэр къагупсысауэ. Ауэ щIыхэр къэзытIэщIыж еджагъэшхуэхэм къагъэлъэгъуащ а пащтыхьхэр Библием жыхуиIэ хэкум, абы жыхуиIэ зэман дыдэм зэрисахэр.

Библиер зэрыпэжым щыхьэт техъуэ нэхъ нэщэнэ нэIурыт дыдэ гуэри щыIэщ: абы итщ ди гуэныхьхэр къызэрытхуэгъур икIи ди гъащIэм зэрызихъуэжыр. Зыгуэрым игукIи и псэкIи Зиусхьэным зыщыхуигъазэкIэ абы и гъащIэм зэрызихъуэжыр къыпхуэлъагъунущ. Мис абы псом нэхърэ нэхъыфIу нэрылъагъу къытщещI Библиер зэрызахуэр.

Мис аращ Аущ ди гъащIэм и унафэр ищIыным мыхьэнэшхуэ щIиIэр; арыншауэ Библием иту хъуар зэрыпэжыр ди ныбжьэгъухэм къагурыIуэныр фIэщщIыгъуейщ.

*Узэджэнур:* Апостол Петр итха етIуанэ тхылъыр 1:16-21



*УпщIэхэр:*
1. Дунейр къыщигъэщIым хэт ирихьэлIа?
2. А псор зэрекIуэкIам тепсэлъыхьыжыфыну Закъуэр хэт?
3. Дэнэ дэ ар Тхьэм къыщытхуиIуэтэжыр?
4. Къэхъун ипэ Библиер зытетхыхьа гуэрым и цIэ къиIуэт.

*ТхьэелъэIур:* Ди Адэ лъапэу уафэм щыIэ, фIыщIэ пхудощI Уэ дапщэщ зэмани узэрыщыIам папщIэ. Апхуэдэу фIыщIэ пхудощI Библием ит псори зэрыпэжым щхьэкIэ. Абы пэжу деджэнымкIэ, ар къыдгурыIуэнымкIэ икIи дгъэзэщIэнымкIэ къыддэIэпыкъу. Iэмин.

## 35. БИБЛИЕМ ДЕМЫДЖЭМЭ, СЫТ КЪЭХЪУНУР?

Библием еджэнымрэ абы итхэр гъэзэщIэнымрэ апхуэдизу мыхьэнэшхуэ иIэр пэжу пIэрэ? Пэжщ! Ауэ пщIэрэ, щыIэщ цIыху, Библием еджэни, абы итхэр гъэзэщIэни хуэмейуэ ябжу. Абыхэм я гугъэщ зыхуей псори ящIэу. Абыхэм къагурыIуэркъым Тхьэр къэп-

цIыхуныр апхуэдэу зэрымыIуэху тыншыр. Библиеншэу дауэ абыхэм гуэныхьым Тхьэр зэрыщымэхъашэр къазэрыгурыIуэнур? Библиер хэмыту къахуэщIэну пIэрэ абыхэм Аущ абыхэм я гуэныхьхэм щхьэкIэ зэрылIар?

ДауикI, дэ Тхьэм теухуауэ зыгуэрхэр къытхуэщIэнущ, удзхэм, жыгхэм, природэм дакIэлъыплъурэ. А псоми дэ Тхьэм и инагъыр дагъэлъагъу. Дыгъэми, мазэми, вагъуэхэми къыджыIэ Тхьэр зэрыуардэр икIи зэрылъэщыр. Ауэ Абы дэ фIыуэ дыкъызэрилъагъур къыщытщIэфыну щыIэр Библием и закъуэщ.

Дэ Библием зэрыщыту дыкъеджэн икIи абы иту хъуар дгъэзэщIэн хуейщ. ДыщеджэкIэ дэ гу лъыттэнущ абы и Iыхьэ языныкъуэхэр илъэс Iэджэ япэкIэ псэуа цIыхухэм зэрыхуатхар. Псалъэм папщIэ, Iэщхэр къурмэн щащIыну къурмэнщIыпIэр зэрыбухуэнур щIатхар израил цIыхухэм папщIэщ. А къурмэнхэмкIэ Тхьэр хуейт абыхэм я гуэныхьхэр ящхьэщихыну. Нобэ дэ къурмэн щIэтщIыжын щыIэкъым, сыту жыпIэмэ Аущ – Тхьэм и Щынэр жорым щыкIэрылIыхьам Ар дэ псоми ди къурмэн хъуащ. Иджы дэ нэгъуэщI къурмэн дыхуэныкъуэжкъым. Ауэ нобэ дгъэзэщIэжын хуэмейуэ Библием итхэми уеджэныр сэбэпщ, сыту жыпIэмэ абыхэм къытхуаIуатэ Тхьэм и гуращэхэр, Абы и лъагъуныгъэмрэ Аущ Христосрэ дыщагъэгъуазэ. Аращи, Библием и дэтхэнэ напэкIуэцIыми мыхьэнэшхуэ иIэщ икIи ар джын, зыгурыгъэIуэн хуейщ.

Дэ махуэ къэс дызэупщIыжыпхъэщ мыпхуэдэу: нобэ дыкъызэджам сытым дыхуригъаджэрэ? НэгъуэщI зы лъэныкъуэкIи дэ мыпхуэдэу демыгупсысыным дыхуэсакъыпхъэщ: „Ауей, мыр сэ къызэхьэлIакъым. Мыр нэгъуэщI гуэр къыщIэкIынщ зыхуэгъэзар“. Ауэ ар щIатхар уэрамэ, едаIуэ: уфIэфIми уфIэмыфIми уэ уи къалэнщ Тхьэм уедэIуэну, БиблиемкIэ Абы къыбжиIэри бгъэзэщIэну. Уи мыгугъэ Библием жиIэр мыпэжу. Абы жиIэри Iумпэм умыщI! Библием ит псалъэхэм дэ зыри ящIыдгъу икIи якIэрыдгъэху хъунукъым.

*Узэджэнур:* Псалтыр 118:9-16

*УпщIэхэр:*
1. Тхьэм теухуауэ Библиеншэуи сыт дэ къытхуэщIэнур?
2. Тхьэм и нэщэнэхэу БиблиекIэ фIэкIа къытхуэмыщIэнухэр сыт хуэдэхэра?
3. Библием щыщу къурмэн щIыным теухуахэри дгъэзэщIэн хуей? Сыт щIыхуэмейр?
4. А зи гугъу тщIы щIыпIэхэми дэркIэ мыхьэнэ щIаIэр сыт?

*ТхьэелъэIур:* Аущ ЛъапIэ, фIыщIэ пхудощI Уэ Уи Псалъэ ЛъапIэхэм, Библием, папщIэ. ФIыщIэ пхудощIыр абы Уэ ди гуэныхьхэр къытхуэгъуауэ зэрыщыжыпIэм щхьэкIэ. КъыддэIэпыкъу Библием махуэ къэс дыкъеджэнымкIэ, абы итхэр дгъэзэщIэнымкIэ. Iэмин.

# 36. СЫТ СЭ ТХЬЭР КЪЫЗЭРЫСЩЫГУГЪЫР?

Сабийм ищIэн хуейуэ щыIэм я нэхъыщхьэр – ар Тхьэм хуэжыIэщIэнырщ. ИтIанэщ нэсауэ насыпыфIэ ущыхъуфынур.

Уэ бгъэщIэгъуэнкIэ хъунщ: „Тхьэр сыткIэ къысщыгугъми сэ дэнэ къыщысщIэнур?“ – жыпIэу. Абы и жэуапыр къыпIэрыхьэн щхьэкIэ, абыкIэ Зиусхьэным уеупщIын хуейщ. Ауэ жэуап къуитыну пIэрэ Абы? Къуитынущ. ФIэфIыпсу къуитынущ жэуап Абы. ЯпэщIыкIэ Зиусхьэным уеупщIыныр икIи Абы и жэуапым ущIэдэIуныр уэ къохьэлъэкIынкIэ хъунщ. Адэмрэ анэмрэ жаIэр уэ зэхыбох, ахэр уи нэкIэ уолъагъу, абыхэм уадэуэршэр мэхъу. Ауэ Тхьэр дэ тлъагъуркъым, и макъри зэхэтхыркъым! Ар къызэрытхуейр дауэ итIанэ къызэрытщIэнур?

ТIэкIу дегупсысмэ, а упщIэм жэуап ептыну гугъукъым. Тпэжыжьэ дыдэу псэу цIыхухэм я хъыбар дауэ къытIэрыхьа хъуну? Абы и гугъу тщIакIэщ: тхыгъэ къатхымкIэщ. Пощтзехьэм ар уэ къыпхуихьынщ, уэри абы укъеджэнщи къыпхуэзытхым сыт игу илъми, сыт къыбжиIэну хуейми къэпщIэнщ.

Тхьэм къытхуитхащ дэ тхыгъэ кIыхь: Библиер. Абы къеджэн щIэддзэмэ, гу лъыптэну гугъукъым ар адрей тхыгъэхэм къазэрыщхьэщыкIым. Ар тхыгъэ къызэрыгуэкIым нэхърэ куэдкIэ нэхъ кIыхьщ икIи куэдкIэ нэхъ гъэщIэгъуэнщ. Абы итщ Тхьэр сыткIэ къытщыгугъми, Ар сытым щымэхъашэми. Аращ Библием еджэным ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ щIиIэр.

Ауэ Зиусхьэным нэгъуэщI гъуэгухэмкIи къыдгурегъаIуэ Езыр сыткIэ къытщыгугъми. Ар хуейщ дэ гъуэгу тэмэм дытетыну, Iуэху Iей дымылэжьыну. Дэ езым зэхыдогъэкIыф Iеймрэ фIымрэ.

Гупсысэ Iей ди щхьэ къыщихьэкIэ е Iей гуэр щызэхэтщIыхькIэ нэщхъей икIи насыпыншэ дызыщI зыхэщIэныгъэ къытхилъхьащ дэ Тхьэм. Аращи, уэ зыгуэр пщIэну ухуеймэ икIи абы къыхэкIыу уи гур пIейтеймэ, зэгъащIэ, ар гуэныхь уимыгъэлэжьу узэтриIыгъэн щхьэкIэ Тхьэр къопсалъэу аращ. А зыхэщIэныгъэр Тхьэм и макъщ е нэгъуэщIу жыпIэмэ напэщ армыхъуа нэгъуэщIкъым.

НэгъуэщI щIыкIэкIи къыпхуэщIэнущ Тхьэм хуэжыIэщIэу узэрыщытыфынур икIи ар къызэрыпхуейр; абыкIэ еупщI уи адэм, уи анэм е Христос пэж дыдэу фIыуэ зылъагъу нэгъуэщI гуэрхэм.

Мыр хьэкъыу зыпхыгъэкI: уэ учристэныр икIи Аущ Христос фIыуэ плъагъур пэжмэ, уэ Тхьэм ухуэжыIэщIэну икIи Ар къызэрыпщыгугъыр хуэпщIэну ухуеймэ, абы щыгъуэ Тхьэр, шэч лъэпкъ хэмылъу, уэ къыбдэIэпыкъунщ Абы и гуращэр къэпщIэнымкIэ.

*Узэджэнур:* Мусэ бегъымбарым итха япэ тхылъыр 24:34-48

*УпщIэхэр:* 1. Уи сыт хуэдэ упщIэм Тхьэм жэуап къритыну ухуейт уэ?

2. Уэ жэуап къуитын щхьэкIэ Тхьэм мэлэIычыр къигъэсэбэпрэ?

3. Езым и гуращэр къуригъэщIэфыну Тхьэм иIэ Iэмал зыбжанэм я цIэр къиIуэт.

4. Дэ дыщелъэIукIэ, Зиусхьэным дапщэщи дызэхихрэ?

*ТхьэелъэIур:* Тхьэуэ псори зыхузэфIэкI, зи гугъэ псори Уи Къуэ Ауэ Христос езыхьэлIэ псоми я Адэ. ФIыщIэ пхудощI Уэ ди упщIэхэм жэуап къазэрептым папщIэ. ФIыщIэ пхудощI Уэ Уи гуращэр къызэрыдбгъащIэм папщIэ. Дэ, уи бынхэм, Уи гуращэхэр ди гъащIэм щыдгъэзэщIэнымкIэ къыддэIэпыкъу. Iэмин.

## 37. ЧРИСТЭНХЭР ЩЫЗЭКЪУЭМЫТИ ЩХЬЭ КЪЭХЪУРЭ?

Зэгуэр анэр и къуитIым елъэIуащ: „ФыкIуи, кхъыIэ, щIакхъуэ къэфщэху, сэ апщIэндэху хадэм сихьэнщ“, – жиIэри. ЩIалэ цIыкIухэми псалъэ къыхамыгъэкIыу я лъакъуэрыгъажэхэм шэсхэри тыкуэным жахэщ. Ауэ щIакхъуэр къащэхуным щынэсым, зэдауэ къикIащ: дапхуэдэ къащэхунур? Зым „дянэр зыхуейр щIакхъуэ хужьщ“ жиIэрт, адрейм фIыцIэу жиIэрт. А тIур зэрехьэжьауэ апхуэдизкIэ зэдауэрти, тыкуэным щIэт цIыхухэм жаIэнур ямыщIэу я щхьэхэр ягъэсысырт.

Библием ит гуэрхэми апхуэдэу къыщыщыхъу щыIэщ. Псалъэм папщIэ, дэ Библием дыкъыщоджэ фIэщхъуныгъэ зиIэ хъуахэм псыщIэгъауэ зрагъэщIын хуейуэ. Ауэ сыт абы къикIыр: псыщIэгъауэ уащIыным? Чристэн куэдыр абы зэреплъыр зэтехуэркъым. Языныкъуэхэм ар къазэрыгурыIуэр сабий цIыкIухэр псыщIэгъауэ щIын хуейуэщ, адрейхэм къызэралъытэмкIэ, псыщIэгъауэ щIын хуейр балигъ хъуа, ныбжь пыухыкIа гуэрым нэса икIи Ауэ Христос езым я КъегъэлакIуэу къэзыщтахэм я закъуэщ. Языныкъуэхэм жаIэ псыщIэгъауэ щыпщIкIэ ящIым и щхьэм псы тепкIэн хуейуэ, адрейхэм псым щIэгъэуэн хуейуэ ягъэув.

Зиусхьэным и Пщыхьэщхьэшхэм теухуауи Iуэхуеплъыкъэ зэмыщхьхэр щыIэщ.

Абы къыхэкIыуи зи IуэхуеплъыкIэ зэтемыхуэ цIыхухэр члисэ зэрызхэм макIуэ. Языныкъуэхэр баптисткIэ зоджэж, адрейхэр – лютеранкIэ е католиккIэ, нэгъуэщI члисэ зэтемыхуэ Iэджи щыIэщ.

Ауэ а члисэ зэщхьэщыкI псоми зэтехуэу зыгуэр яхэлъщ: дэ, чристэнкIэ зэджэж псоми, ди фIэщ мэхъу Ауэ Христос, ди гуэныхьхэр къытхуэзыгъэгъу, дыкъе-

зыгъэл Закъуэу зэрыщытыр. Ар псом нэхърэ нэхъыщхьэщ.

Аращи, члисэ зэмылIэужьыгъуэ псоми щыIэхэщ, фIэщхъуныгъэм и Iуэхугъуэ гуэрхэмкIэ я еплъыкIэхэр зэтемыхуэ пэтми, Зиусхьэныр фIыуэ зылъагъу, Абы ей цIыхухэр.

Ауэ Библиер зи фIэщ мыхъу икIи абы жиIэм темыт члисэхэри щыIэщ. Зи цIэ къитIуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэмкIи ахэр адрей чристэнхэм якъуэткъым. ДауикI, ахэр члисэ пэжкъым, апхуэдэ члисэхэм екIуалIэ цIыхухэм я нэхъыбэри чристэнкъым, абыхэм уеблэмэ ящIэркъым Аущ абыхэм папщIэ зэрылIа къудейр.

Къыщыхъу щыIэщ Аущ Христос и гугъу щащI члисэ нэсхэм къекIуалIэ цIыхухэм ящыщи, чристэнкIэ зэджэж щхьэкIэ, ипэжыпIэкIэ мычристэну къыщыщIидзи. Абыхэм къагурыIуэркъым Аущ Христос и лIэныгъэм абыхэм я дежкIэ мыхьэнэуэ иIэр. Ахэр члисэм щIекIуалIэр я адэ-анэр абы кIуэуэ зэрыщытам щхьэкIэщ икIи абыхэм къафIощI аркъудейм щхьэкIэ ахэр уафэм драшеижыну. Дэ апхуэдэ цIыхухэм папщIэ тхьэ делъэIупхъэщ икIи абыхэм дэ дыкъригъэлынымкIэ Тхьэм иIэ гуращэхэр къагурыдгъэIуапхъэщ.

*Узэджэнур:* Апостол Павел Рим къалэм дэсхэм яхуитха тхылъыр 14:1-13.

*УпщIэхэр:* 1. Ди хъыбарым хэт щIалэ цIыкIухэр сыт щIызэдауэр?

2. Чристэнхэм я IуэхуеплъыкIэр щызэтемыхуэм и щапхъэ зытIущ къэхьыт.

3. Чристэнхэр щызэакъылэгъуу сыт хуэдэ Iуэхугъуэ щыIэ?

4. Чристэн нэскIэ узэджэ хъунур хэт?

*ТхьэелъэIур:* Уафэм щыIэ ди Адэ лъапIэу псори зыхузэфIэкI, дэ Уэ фIыщIэ пхудощI къыпхуэжыIэщIэхэм псори къазэрыхуэпщIэм папщIэ. КъыддэIэпыкъу Уи Псалъэхэр зэхэтщIыкIынымкIэ икIи зи IуэхуеплъыкIэкIэ къыттемыхуэ чристэнхэм бэшэчу дахущытынымкIэ. Iэмин.

## 38. ГЪЭГЪУНЫМ СЫТ КЪИКIЫР?

Аущ дыхуеущий ди жагъуэ къэзыщIхэмрэ дыкъэзылъагъу мыхъухэмрэ яхуэдгъэгъуу дыщытыным. Гъэгъун жиIэмэ, уэ къуаншагъэ къыпкIылъызезыхьам гужьгъэжь хууиIэн хуэмейуэ аращ.

Зыгуэр къоуэ хъужыкъуэмэ, лIо уэ пщIэнур? Уеуэжыну? Хуэбгъэгъумэ, уеуэжынукъым. Библием мызэмытIэу щыжеIэ Iей къыдэзыщIэхэм яхуэдгъэгъун хуейуэ.

Аущ Езым и щапхъэмкIэ дигъэлъэгъуащ ди бийхэм дазэрыхущытыпхъэр.

Зэгуэр дин пашэ гуэр уэрамым дэту цIыхухэм Аущ и хъыбар яхуиIуатэрт. Абдеж абы и щIыбагъымкIэ зы цIыху гуэр щэхуу къыбгъэдыхьэри къеуащ. КъедаIуэу зэхэтхэр абы игъэгубжьри къеуар къаубыдащ, полицэри къраджащ. Полицэ къэкIуам еIуящIэр Iуашыну яужь щихьэм, дин пашэм ар имыдэу ину жиIащ:

– Къэвгъанэ, и гугъу фымыщI! – жиIэри.

МыдэкIэ зэхэтхэм ар ягъэщIэгъуащ:

– Сыт щхьэкIэ, абы уэ уиукIыну хэтакъэ? Тазыр ихьыпхъэщ абы!

– Хьэуэ, – къытригъэзэжри аргуэру жиIащ дин пашэм. – Аущ зи гугъу фхуэсIуэтам сэ унафэ къысхуищIащ згъэгъуну икIи си жагъуэ къэзыщIхэм гуапэу сахущытыну.

ИтIанэ абы и жагъуэ къэзыщIам дежкIэ зигъазэри пищащ:

– Сэ уэ пхузогъэгъу, ауэ зыщомыгъэгъупщэ; абыкIэ фIыщIэ зыхуэпщIыпхъэр сэракъым, Христосщ.

Абдеж щытхэм къэхъуар я фIэщ яхуэщIтэкъым. Абыхэм къалъытащ ар къэзыгъэхъуа Аущ ЦIыху телъыджэу икIи Абы теухуауэ иджыри нэхъыбэж къащIэну щIэхъуэпс хъуахэщ.

А дин пашэр а лIы къеуам щIэгубжьауэ щытамэ, къэхъунур сыту пIэрэт? ЦIыхухэр абы апхуэдэу гупсэхуу едэIуэжынхэтэкъым. ЦIыху къызэрыгуэкI дэтхэнэми ещхьу а дин пашэри губжьауэ щытатэмэ, абыхэм къалъытэнут чристэнымрэ диныншэмрэ зыкIи зэщхьэщымыкIыу.

Зыгуэрым уи жагъуэ къищIмэ, сыт пщIэну нэхъыфI? Зыбгъэгусэныр е угубжьыныр тыншщ, ауэ Аущ къыбдэIэпыкъунщ зыгъэгусэмрэ губжьымрэ епкъухынымкIэ. Ар тщIэну Христос къару къыдита нэужь дэ зыхэтщIэнущ Ар дапщэщи зэрыдигъусэр икIи абы дригуфIэнущ. Абы дэ тымакъкIыхь дещI, икIи абы и фIыщIэкIэ дэ яхудогъэгъуф дэ Iейуэ къытхущыт, ауэ дэ хуэдэкъабзэу Христос фIыуэ къилъагъу цIыхухэм.

| | |
|---|---|
| *Узэджэнур:* | ХъыбарыфIыр Матфей КъызэрыжиIар 18:21-35 |
| *Упщэхэр:* | 1. Уи жагъуэ къэзыщIым лIо епщIэнур?<br>2. Хуэдгъэгъуа нэужь, дэ ди жагъуэ къэзыщIам зыгуэр етщIэжыну ди гум илъ?<br>3. Ди жагъуэ къэзыщIым дапщэрэ хуэдгъэгъун хуей? |
| *ТхьэелъэIур:* | Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ, дэ фIыщIэ пхудощI, ди гуэныхьхэр зэрыхуэбгъэгъуам щхьэкIэ, уэ дэ тхуэбгъэгъуар куэдщ. Ди жагъуэ къэзыщIэхэм хуэдгъэгъунымкIи, ахэр фIыуэ тлъагъунымкIи, уэ ди хъыбар яхуэтIуэтэнымкIи къыддэIэпыкъу. Iэмин. |

## 39. ІЭХЬЫФІУ УАФЭМ ЩЫБГЪУЭТЫНУР

Уэ зэхэпхакъэ Аущ уэ ІэхьыфІ зэрыпхуигъэхьэзырар? Сыт ІэхьыфІ лъэпкъ ар? АбыкІэ сэ укъызэмыупщІ, сщІэркъым. Сюрприз ирехъу ар уэркІэ.

А ІыхьэфІыр къеІытхыну дэ къэдлэжьыркъым, сыту жыпІэмэ зэпымыууэ гуэныхь долэжь, Іей гуэрхэр зэхыдощІыхь. Ауэ Аущ Христос ар къилэжьащ икІи хуейщ абыкІэ дэ къыддэгуэшэну. Зы закъуэщ Ар дэ къызэрытщыгугъыр: Абы фІыщІэ зэрыхуэтщІыр ди гъащІэмкІэ къэдгъэлъэгъуэнырщ. А фІыщІэр дэ псом нэхърэ нэхъыфІу къридгъэлъэгъуэфынущ мы щІым щыдлэжь ІуэхущІафэ дахэхэмкІэ.

Аращ дэ дызэрыпсэу щІыкІэм мыхьэнэшхуэ щІиІэр. Мы щІым дэ дызэрытетыр зы мащІэ дыдэщ. А илъэс 60-70-р дэ кІыхьу къытщыхъункІэ хъунщ, ауэ мыухыжыныгъэм елъытауэ ар зырикІкъым, атІэ дэ дыщыгъуазэкъэ Тхьэм и бынхэм мыкІуэдыжын гъащІэ зэраІэм. Нэхъ ІэхьыфІ нэхъыщхьэу дэ къытпэплъэр – Христос игъащІэкІэ дызэригъусэнурщ. АтІэ гуузкъэ а мыкІуэдыжын ІэхьыфІым ухэкІыжауэ плъагъуныр? Ауэ ар иужькІэ плъагъуми, ар зэбгъэзэхуэжыну кІасэ хъунущ. ИджыпстукІэ иджыри зэман уиІэщ. Уи гъащІэ псор уи пащхьэ къилъщ, икІи уэ плъэкІынущ ар зэрыщыту Христос хухэпхыну. Усабий щІыкІэ Зиусхьэным пащІэ упсэуну тебухуэмэ, абы зэгуэр уригуфІэжынщ, насыпыфІэ урихъунщ.

Дэ уафэм дыкъыщыхута нэужь, Христос ди ІуэхущІафэу хъуар зэрытха тхылъыр къызэгуихынурэ хэт сыт хуэдэ ІэхьыфІэ яригъэгъуэтынум абы и унафэр ищІынущ. Уи фІэщ щІы абы щыгъуэ сюрприз Іэджэ зэрыщыІэнур. Тхьэм куэд дыдэ хуалэжьауэ къэзылъытэж цІыху гуэрхэм къалъагъунущ Ар ипэжыпІэкІэ фІыуэ ялъагъуу зэрыщымытам къыхэкІыу абыхэм зыри къызэрамылэжьар. Мыдрей зыри пэмыплъэхахэм ІэхьыфІ къратынущ. Дэ тщІэркъым сыт къытпэплъэми, ауэ дэ дыщыгъуазэщ Аущ къызэрыригъэлам папщІэ Абы хуащІ фІыщІэр я Іуэху дахэхэмкІэ къэзыгъэлъэгъуахэм гъащІэм и тажыр къазэрыІэрыхьэнум.

*Узэджэнур:* Апостол Павел Коринф къалэм дэсхэм яхуигъэхьа тхылъыр 3:11-17

*УпщІэхэр:*

1. Сыт хуэдэ ІэхьыфІ нэхъыщхьэ дэ уафэм къыщытпэплъэр?
2. Хэт а ІэхьыфІыр къыдэзытынур?
3. Хэт а ІэхьыфІыр зыхуагъэфэщэнур?
4. Христос укъызэрыригъэлам папщІэ хуэпщІ ІэхьыфІыр дауэ къызэрыбгъэлъэгъуэнур?

*ТхьэелъэІур:* Аущ ЛъапІэ, уафэм щытхуэбгъэхьэзыра ІэхьыфІым щхьэкІэ фІыщІэ пхудощІ. КъыддэІэпыкъу Уэ фІыуэ утлъагъунымкІэ, фІыщІэ пхуэтщІынымкІэ, Уи щІы-

хьыр тIэтынымкIэ. IуэхуфI длэжьхэмкIэ дапщэщи цIыхухэр дгъэгуфIэфу икIи апхуэдэ щIыкIэ Уи щIыхьыр тIэтыфу дыщI. Iэмин.

## 40. ЗИУСХЬЭНЫМ И МАХУЭ

Тхьэмахуэ махуэр – ар махуэ къызэрыгуэкIкъым. Тхьэм ар къигъэщIащ тхьэмахуэ зэхуаку псом дызыхэта лэжьыгъэмрэ гукъеяуэхэмрэ къэдгъанэу зыдгъэпсэхун щхьэкIэ. Тхьэмахуэ махуэм дэ еджапIэм дыкIуэн хуейкъым, ди адэ-анэри лэжьакIуэ кIуэхэркъым. Абы и пIэкIэ дэ ди ныбжьэгъухэм ящIыгъуу члисэм дыкIуэу Тхьэм и хьэлэлагъ псом папщIэ фIыщIэ хуэтщI хъунущ. Тхьэмахуэ махуэ тхьэелъэIур щымыIамэ, дэ ди дежкIэ нэхъ гугъу хъунт ди гум къыбгъэдэкIыу Зиусхьэным фIыщIэ хуэтщIыныр. Тхьэм фIэфIщ дэ адрей чристэнхэм дахэтыну икIи зэгъусэу Абы фIыщIэ хуэтщIыну. Тхьэмахуэ махуэм абы нэхъыфI тхуэщIэнкъым дэ. Абы къимыдэкIэ, тхьэмахуэ махуэм адрей махуэхэм елъытауэ адэ-анэм нэхъ зэман нэхъыбэ я бынхэм хухахыф.

А махуэм дэ нэхъыбэрэ Тхьэм дегупсысын хуейщ, Абы дыщыгуфIыкIын, фIыщIэ хуэтщIын хуейщ. Ар тщIэну тынштэкъым а махуэм дылажьэу щытамэ е, псалъэм папщIэ, махуэ псом топ дыджэгуамэ. Библием итщ, Тхьэм дунейри абы тет псори къигъэщIа нэужь, ебланэ махуэм зигъэпсэхужауэ икIи а махуэр лъапIэ ищIауэ. Аращ журт лъэпкъым щэбэтыр Тхьэм и унэм къурмэн щищIу щIыщигъэлъэпIар. Тхьэм Израилым унафэ хуищIащ: „Щэбэт махуэр лъапIэу пхъумэным фыхуэсакъ“, – жиIэри. Чристэнхэм щэбэтым ипIэкIэ Аущ лIахэм къащыхэтэджыкIыжа тхьэмахуэ махуэр ягъэлъапIэ. Дэ а махуэм дызэхуос, ди гуэныхьхэм щхьэкIэ лIэуэ мыкIуэдыжын гъащIэ IэхьыфI къытхуэзыщIа Христос и хъыбар гуфIэгъуэр адрейхэм захедгъэхкIэрэ, Зиусхьэным и цIэр дгъэлъэпIэн, Абы фIыщIэ хуэтщIын папщIэ.

| | |
|---|---|
| *Узэджэнур:* | Исай бегъымбарым итха тхылъыр 58:13-14 |
| *УпщIэхэр:* | 1. Тхьэмахуэ махуэм сыт пщIэну псом нэхърэ нэхъыфI?<br>2. Тхьэмахуэ зэхуакум щыщу тхьэмахуэ махуэ закъуэра дэ Тхьэм дегупсыс, Абы делъэIу щыхъунур?<br>3. Тхьэмахуэ махуэм зыдгъэпсэхуну Тхьэр щIыхуейр сытми пщIэуэ пIэрэ? |
| *ТхьэелъэIур:* | ФIыщIэ пхудощI Уэ, ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ, тхьэмахуэ махуэр IэхьыфI къызэрытхуэпщIам папщIэ. КъыддэIэпыкъу ар дгъэлъэпIэнымкIэ. Iэмин. |

## 41. ТХЬЭМ УЕКIУЖАУЭ ПIЭРЭ УЭ?

Библием мыхьэнэшхуэ зиIэ псалъэ гуэр итщ: зэкIужыныгъэ. А псалъэм къикIыр къыбгурызгъэIуэну сыхуейщ. Псалъэм папщIэ, уэ узэрыджэгу хьэпшып гуэр зыгуэрым икъутэмэ, уэ, дауикI, ар уи жагъуэ хъунущ е ар зыщIам ухуэгубжьынущ. Ауэ ар къыхуэбгъэгъуну къолъэIур, „сщIэну сыхуеякъым, зэрымыщIэкIэ къысIэщIэщIащ“, жиIэмэ, уэ абы хуэбгъэгъунущ икIи зыхуумыгъэгусэу дяпэкIи джэгуэгъу пщIынущ. Апхуэдэхэм деж жаIэ хабзэщ: „Уэ уи хьэпшыпыр зыкъутам уекIужащ“, – жаIэу.

Ауэ гурыIуэгъуэ хъунтэкъым уэ пщIар хуэбгъэгъуа нэужьи ар къыпхуэнэщхъыцэмэ. Ар арэзыуэ икIи гуфIэгъуэр и нэгум кърихыу щытыпхъэт! Ауэ апхуэди къохъур: уэ цIыхум хуэбгъэгъуа щхьэкIэ къэмынэу ар жагъуэгъум хуэдэу къыпхуэщIыIэу.

Мис абы ещхьщ Тхьэр зи фIэщ мыхъу цIыхумрэ Тхьэмрэ я зэхущытыкIэри. Тхьэм цIыхум гужьгъэжь хуиIэт IуэхущIафэ мыхъумыщIэ зэхищIыхьхэм щхьэкIэ. Ауэ иужьым Аущ Христос къакIуэри абы и гуэныхьхэм папщIэ лIащ, Тхьэми абы и фIыгъэкIэ Iэмал игъуэтащ абы къыхуигъэгъуу къекIужыну.

Ауэ цIыхур Тхьэм емыкIужамэ, Iуэхур щIагъуэкъым. Ар адэкIи Тхьэм хуэмыжыIэщIэу щытщ, Тхьэм абы къыхуигъэгъуну хэт пэтрэ. ЦIыхухэр Тхьэм поувхэр икIи щхьэзыфIэфIу езыхэр зыхуейхэр ялэжь.



Сыт апхуэдэ цIыхум Тхьэр къызэрыщыгугъыр?

ЦIыхум зиумысыжын хуейщ мытэмэму къызэрыгъуэгурыкIуамкIэ. Ар Тхьэм елъэIун хуейщ къыхуигъэгъуну. Апхуэдэу ищIмэ, абы занщIэу гу лъитэнщ Тхьэм зэрекIужам. Тхьэм ар куэд щIауэ фIыуэ къелъагъу, иджы езы цIыхуми фIыуэ елъагъур Тхьэр. Сыту гуфIэгъуэшхуэ ар! ЦIыхумрэ Тхьэмрэ зэкIужахэщ.

| | |
|---|---|
| *Узэджэнур:* | Апостол Павел Коринф къалэм дэсхэм яхуитха етIуанэ тхылъыр 5:17-21 |
| *УпщIэхэр:* | 1. „ЗэкIужын“ псалъэм къикIыр сыт?<br>2. Уи гуэныхьхэр къыпхуигъэгъуну Тхьэр щыхуейр сытым щыгъуэ?<br>3. Тхьэм къытхуигъэгъун щхьэкIэ, сыт тщIэн хуейр?<br>4. Тхьэмрэ уэрэ фызэкIужа? |
| *ТхьэелъэIур:* | Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ! Уэ дыпщыхьауэ дыпсэуныр сыту Iей. Уэ дапщэщи укъытхуэгуапэщ. КъыддэIэпыкъу Уэ фIыуэ утлъагъунымкIэ, сыту жыпIэмэ Уэ Езым фIы дыдэу дыкъыболъагъу. Аущ Христос и цIэкIэ абыкIэ дынолъэIу. Iэмин. |

## 42. ЧЛИСЭ ЗЭIУЩIЭМ ТЕУХУАУЭ

Зэпымыууэ члисэ зэIущIэм укIуэным мыхьэнэшхуэ щIиIэр сыт? ЩIиIэр Тхьэр дэ адрей чристэнхэм дахуэзэурэ Зиусхьэным къытхуищIар зэхуэтIуэтэну, апхуэдэу зэщIыгъуу Абы делъэIуну хуейщи аращ. Члисэ зэIущIэм дымыкIуэмэ, Ар дяпэкIи фIыуэ тлъагъуныр ди дежкIэ IэджэкIэ нэхъ гугъу хъунущ. ЦIыхухэм дахэтыным дыхуэныкъуэу дыкъигъэщIащ дэ Тхьэм.

Члисэ зэIущIэм ущыкIуэкIэ, уигу игъэлъ: Тхьэм уигъакIуэу аращ абы, Езым и лъагъуныгъэм теухуауэ нэхъыбэ къэпщIэн, ар адрейхэм яхуэпIуэтэн щхьэкIэ. Абы къыхэкIкIи уэ зыри блумыгъэкIыу абы щыжаIэхэм ущIэдэIун, адрей кърихьэлIахэми зыкIи зэран уазэрыхуэмыхъуным яужь уитын хуейщ.

ИтIанэ икъукIэ хъарзынэ хъунущ, члисэ зэIущIэм ущыкIуэкIэ, Христос и хъыбар зыри зымыщIэ хъыджэбз, щIалэ цIыкIухэр уи нэIуасэмэ, ахэр пщIыгъуу зыдэпшэмэ. Аущ теухуауэ иджыри мащIэ дыдэ фIэкIа щымыгъуазэ ныбжьэгъу уиIэхэ уэ? Мис ахэр здэпшэмэ, Тхьэм фIы дыдэу ахэр къызэрилъагъур къащIэнхэщ.

Сабийхэм я дежкIэ тыншкъым дин пашэм кIыхьу жиIэхэм едэIуэныр, псом хуэмыдэу ар мыгурыIуэгъуэу щыпсалъэм деж. Ауэ щэху цIыкIуу ущысын икIи уи тхьэкIумэр тегъэхуауэ удэIуэн хуейщ. Языныкъуэхэм деж дин пашэм мыгурыIуэгъуэ щIыпIэхэр къыхохуэри, ущысурэ абыхэм къарыкIым уегупсыс хъунущ.

Щэбэт махуэм пщэдей зэрытхьэмахуэр икIи уэ члисэ зэIущIэм узэрыкIуэнур уигу къэкIыжмэ, уэ Зиусхьэным уелъэIу хъунущ Ар нэхъыфIу зыхэпщIыкI уищIыну. Апхуэдэурэ уэ Iуэхум нэхъ хэпщIыкIыу ухъунущ, икIи сэ шэч къытесхьэркъым итIанэ уэ щэхуу ущысыныр къызэромыхьэлъэкIыжынум.

| | |
|---|---|
| *Узэджэнур:* | Апостол Павел еврейхэм яхуитха тхылъыр 10:24-25 |
| *УпщIэхэр:* | 1. Сыт Тхьэм члисэ зэIущIэм ущIэкIуэн хуейр?<br>2. Члисэ зэIущIэм узэрыкIуэмкIэ адрей сабийхэм уэ сыткIэ уадэIэпыкъуфыну?<br>3. Щэбэт махуэм щегъэжьауэ тхьэмахуэм члисэ зэIущIэм уегупсысыным сыт хуэдэ сэбэпынагъэ пылъ?<br>4. Щэхуу дыщымысыфмэ, члисэ зэIущIэм дыкIуэн хуей? |
| *ТхьэелъэIур:* | Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ, фIыщIэ пхудощI Уэ птеухуауэ узэпсалъэ хъун нэгъуэщI чристэн куэди зэрыщыIэм папщIэ. Дин пашэ псоми папщIэ фIыщIэ пхудощIыр Уэ. Ахэм фIыкIэ къахуэупсэ икIи тхьэмахуэ махуэ къыкIэлъыкIуэнум зыхуагъэхьэзырынымкIэ къадэIэпыкъу. |

КъыддэIэпыкъу дэ жаIэ псори къыдгурыIуэнымкIэ. Iэмин.

## 43. ИН УХЪУМЭ, ХЭТ УХЪУНУ УХУЕЙ?

Абы уегупсысакIэу пIэрэ уэ? Дунейм апхуэдизкIэ IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд тетщи, сыт къыхэпхыну нэхъыфIыми къыпхуэмыщIэнри хэлъщ. Уэ ухъуфынущ дохутыр е инженер, механик е дэрбзэр. Ауэ уэ узэрыхъунур ищIэу Зы щыIэщ. Ар Тхьэращ, икIи, и зэманыр къэсмэ, Абы фIэфIу къыбжиIэнщ уэ сыт хуэдэ IэщIагъэ къыхэпхым нэхъ тэмэмми. Аращи, абы уегупсысу гугъу зомыгъэхь!

Ауэ дауэ уэ ар Тхьэм къызэрыбжиIэнур? Ар къызэрыбжиIэн Iэмал и куэдщ Абы. Псалъэм папщIэ, талант уэ къыпхилъхьахэмкIэ. ЩIалэ цIыкIухэм IэпщIэлъапщIагъэр къызыдалъху яхэтхэщ, гъущI Iунэ къудей хэзмыукIэфи урохьэлIэ, дахэ дыдэу уэрэд жызыIи, макъамэ лъэпкъ зигу измыубыдэфи щыIэхэщ. Зыри IэкIэ пхуэмыщIу Тхьэм укъигъэщIамэ, Абы уэ, ,псалъэм папщIэ, конструктор ухъун хуейуэ ар IэщIагъэу пхухихынукъым. Ауэ Абы уэ къуитагъэнкIэ хъунщ шыкIэпшынэм е пианинэм узэреуэфын, музыкант цIэрыIуэ узэрыхъуфын Iэзагъ гуэрхэр къыпхилъхьагъэнкIи мэхъу. Е уэ электрик ухъуну хуабжьу уфIэфIмэ, ауэ дохутыр ухъуну зыкIи ущIэмыхъуэпсмэ, абыкIэ Тхьэм уэ уигъэлъагъуу аращ дохутыр уищIыну зэрыхуэмейр.

IэщIэгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр чэзууэрэ уи нэгу къыщIэбгъэхьэурэ абыхэм ящыщу дэтхэнэр уи гум нэхъ къищтэми уегупсысыну сэбэпщ. Ин ухъумэ, уэ а IэщIагъэ псом зы нэхъ пфIэгъэщIэгъуэну хэбубыдыкIынущ. Тхьэм уелъэIуу щытмэ, Абы къыбжиIэнщ а IэщIагъэр тэмэму къыхэпхарэ къыхыумыхарэ.

Языныкъуэ щIалэ цIыкIухэмрэ хъыджэбз цIыкIухэмрэ иджыпстуи ящIэ, ин хъуахэ нэужь, IэщIагъэу яIэнур; адрейхэм гъуэгу яхуэхъунур къыщыхахыр еджапIэр къаухын гъунэгъу щыхъуам дежщ. Иныкъуэхэм деж Тхьэм а гъуэгу тхуэхъунур къыдимыгъащIэурэ балигъ дыхъуху дызыпегъаплъэр. И зэманыр къэсмэ, ар дигъэлъагъунущ Абы, уэ Абы щыгугъ закъуэ!

*Узэджэнур:* Апостол Павел Коринф къалэм дэсхэм яхуитха тхылъыр 12:12-31

*УпщIэхэр:*

1. IэщIагъэ тхуэхъунур къыхэтхынымкIэ Тхьэр дапхуэдэ щIыкIэкIэ къызэрыддэIэпыкъур?
2. Тхьэм чэнджэщкIэ зыхуэдгъазэмэ, дэ щыуагъэкIэ зыгуэр длэжьыныр Абы къигъэхъункIэ хъуну?
3. Дапщэщи сабиигъуэм диту а упщIэм и жэуапыр къыдитрэ Тхьэм?

*ТхьэелъэIур:* Аущ лъапIэ, сэ сощIэ Уэ къалэн пыухыкIа гуэр зэрысхуэбгъэхьэзырар икIи ар Уи щIыхьыр ирисIэтын щхьэкIэ згъэзэщIэну сыхьэзырщ. КхъыIэ, балигъ сыхъуа нэужь гъащIэм щызиIэну увыпIэр сыгъэлъагъу. Сэ си фIэщ мэхъу и зэманыр къэсмэ Уэ си гъуэгур зэрызбгъэлъагъунур. Iэмин.

## 44. ТХЬЭМ ЕПСЭЛЪЭНУ ХЭТ ХУИТЫНЫГЪЭ ИIЭ?

Уэ къалащхьэм укъыдэхутауэ зэуэ къэралым и лIыщхьэм уепсэлъэну гукъыдэж пщIамэ, абы уепсэлъэфыну? ДауикI, уепсэлъэфынукъым! Уэ абы щхьэкIэ хуит укъащIауэ щытын хуейщ, сыту жыпIэмэ абы Iуэхушхуэ куэд и пщэ дэлъщ, къыдэуэршэрыну хуей псоми яхухихын зэман леи иIэкъым. Къэрал лIыщхьэм уригъэблэгъэныр щIыхьышхуэщ; ар цIыху куэдым къалъысыркъым.

Тхьэр къэрал лIыщхьэм нэхъри IэджэкIэ нэхъ лъагэжщ, икIи, уегупсысмэ, зыми хуитыныгъэ иIэтэкъым Абы епсэлъэну. Ауэ гъэщIэгъуэнкъэ! Тхьэм дапщэщи и гуапэщ Абы и деж дыкIуэну, Абы дэ дрегъэблагъэ сыт зэмани.



ГъэщIэгъуэнщ уэ укъэзыгъэщIам ухуеблэгъэныр, пэжкъэ? Хэт уэ укъэзыгъэщIар? Псори зыщIэм удэуэршэрын пфIэфIынтэкъэ? ДауикI, апхуэдэу урагъэблэгъамэ, уэ хуабжьу упIейтеинт. Аращ Тхьэм ищIэри. Псэ зыпыту мы дунейм тету хъуар КъэзыгъэщIар хуейщ уэ уи гъащIэри Езым и IэмыщIэ ирилъхьэу абы и унафэ ищIыну. Абы дапщэщи зэман иIэщ уэ уригъэблагъэу къыдэIун папщIэ.

Уэ пхузэфIэкIынущ мис апхуэдэу телъыджэу Тхьэм уIущIэну!

Ар къэхъуну пфIэфIмэ, уи нэхэр зэтепIэ, уи щхьэр гъэщхъи Тхьэм фIыщэу укъызэрилъагъум егупсыс! ИкIи псоми теухуауэ Абы епсалъэ! ЯпэщIыкIэ Тхьэм фIыщIэ хуэщI Ар къызэрыпхуэгуапэм щхьэкIэ. ИтIанэ уи гуэныхьхэм папщIэ лIа Аущ Христос фIыщIэ хуэщI. ФIыщIэ хуэщI щыгъын хуабэм папщIэ, уи адэанэм, уи ныбжьэгъухэм папщIэ. ФIыщIэ хуэщI Абы еджапIэ укIуэну Iэмал узэриIэм папщIэ – языныкъуэ къэралхэм щыпсэу сабийхэм ар яхузэфIэкIыркъым.

Абы лъэIу гуэр хуэуиIэмэ, гупсэхуу ар хуэпIуатэ хъунущ. Абы и гуапэ хъуну аращ, лъэIу гуэркIэ зыхуэбгъазэмэ.

Узэхихыну пIэрэ уэ Тхьэм? АтIэ. Ар уэ къыббгъэдэтщ икIи уэ жыпIэ псоми, узэгупсыс псоми щыгъуазэщ. Уеблэмэ Iэмал имыIэу щыткъым уи гупсысэхэр жьэкIэ къэпIуэтэным: Зиусхьэным ещIэр уэ уи гум щыхъэр.

Тхьэм фIэфIщ, уэ Абы и деж укIуэу Абы ущепсалъэр. Уэ Абы урибынкъэ! Ар уэ уи Ныбжьэгъущ икIи

уи Адэщ! Аращи, жеIэ Абы узыхуэныкъуэ псори, апхуэдэу Езым лъагъуныгъэ къыпхуиIэм папщIэ фIыщIэ хуэщI!

*Узэджэнур:* Апостол Павел еврейхэм яхуитха тхылъыр 4:16

*УпщIэхэр:* 1. Къэралым и лIыщхьэм ущыхуейм деж уепсэлъэфыну уэ?
2. ГурыIуэгъуэ къэщIыт Тхьэр сыт хуэдэ министрым нэхъри щIэнэхъ лъагэр.
3. Тхьэм деж кIэщI-кIэщIкIэрэ дыкIуэурэ депсалъэ хъуну? Сыт щIэхъунур?
4. Iэмал имыIэу Тхьэм хуэпIуэтэн хуейхэм ящыщ зыбжанэм я цIэр къиIуэт.

*ТхьэелъэIур:* Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ! ФIыщIэ пхудощIыр Уэ дэтхэнэ дакъикъэм дежи Уи деж дынакIуэу дызыхуэныкъуэхэмкIэ дынопсалъэ зэрыхъум папщIэ. Дегъасэ Тхьэ делъэIуфу икIи къыддэIэпыкъу Уэ уи инагъымрэ гущIэгъуу пхэлъымрэ зэи тщымыгъупщэнымкIэ. Псом щхьэкIи Уэ фIыщIэ пхудощI. Iэмин.



## 45. ПЦIЫР

Уи дежкIэ гъэщIэгъуэнкъэ Тхьэм игу лъагъу мыхъуныр илъынкIи зэрыхъунур? Дэ хабзэ тхуэхъуауэ дызэрегупсысымкIэ, Тхьэр – ар лъагъуныгъэм и Тхьэщ. Ар пэжщ. Ауэ Абы илъагъу мыхъуи щыIэщ: псалъэм папщIэ, пцIыр! Абы къыхэкIкIи пцIым дыкъыпыкIмэ нэхъыфIщ.

Тхьэр хуейщ Езым и бынхэр цIыхуфIу, я псалъэм тебгъуэтэжу щытыну. Ар хуейщ укъызэрагъэгугъэ псори зыгъэзэщIэж бынхэм. Псалъэм папщIэ, уи щэхур ямыIуэтэну псалъэ къуатэмэ, абыхэм хэт дапхуэдэу къаймылъэIуами ар яIуэтэнукъым.

Ауэ дапщэщи пэж фIэкIа жыдмыIэмэ гугъуехь дыхэмыхуэну пIэрэ? ДауикI, дыхэхуэнущ! Уэ мытэмэм гуэр блэжьрэ абыкIэ зыбумысыжамэ, тазыр къыптралъхьэнкIэ хъунущ. Ауэ тазыр къэблэжьар пшэчыжмэ нэхъыфIщ пцIы бупс нэхърэ. Зыбумысыжыным и пIэкIэ пцIы бупсмэ, тIэунейрэ Iуэху мытэмэм блэжьу аращ, Тхьэми тIум щхьэкIи тазыр уигъэхьын хуей мэхъу. Ауэ щыхъукIэ уи адэ-анэм я тазырыр пхьымэ нэхъыфIщ.

Дапщэщи пэж жызыIэ щIалэ цIыкIухэмрэ хъыджэбз цIыкIухэмрэ уи дзыхь зыбгъэз хъун цIыхуу къэхъунухэщ. Абыхэм жэуаплыныгъэ зыпылъ Iуэхухэр къыхуагъэфэщэнущ, сыту жыпIэмэ абыхэм уащыгугъ хъунущи.

Дэ зэзэмызэ къытщохъу мыпэж жытIэмэ дызыхуейр нэхъ псынщIэу зыIэрыдгъэхьэфыну. Ауэ Iуэхур зэрыщытыр аракъым. Дэ Тхьэм ди дзыхь едгъэзыпхъэщ. ЦIыху пэжу дыщытмэ, Ар дэ къыддэIэпыкъунущ.

*Узэджэнур:* Апостол Павел Ефес къалэм дэсхэм яхуитха тхылъыр 4:25; Колоссэ къалэм дэсхэм яхуитха тхылъыр 3:9; ХъыбарыфIыр Иуан КъызэрыжиIар 8:44.

*УпщIэхэр:* 1. Сабийхэм пцIы яупсмэ, хэт гуфIэр?
2. Язынықъуэхэм деж цIыхухэм пцIыкIэ куэд зыIэрагъэхьэф, ар зыми къыщимыщIи щыIэщ. АтIэ апхуэдэу щыщыткIэ пцIы дупсми хъуну пIэрэ? Хьэмэ мыхъунрэ? Сыт щхьэкIэ?
3. ПцIы дупсамэ, Зиусхьэным ар къытхуигъэгъуну? Мыпэж жытIауэ гу лъыттэжамэ, сыт тщIапхъэр?

*ТхьэелъэIур:* Зиусхьэн лъапIэ, фIыщIэ пхудощI Уэ дапщэщи ди щыуагъэхэр зэрыдбгъэлъагъужым папщIэ. Къытхуэгъэгъу икIи, язынықъуэхэм деж ар гугъуми, дапщэщи пэж фIэкIа жыдмыIэнымкIэ къыддэIэпыкъу. ФIыщIэ пхудощI Уэ укъызэрытхуэгуапэм щхьэкIэ. Iэмин.



## 46. ПСЭ ЗЫПЫТУ ЩЫIЭР КЪЭЗЫГЪЭЩIАР ХЭТ?

Зэгуэр ятIагъуэм е пшахъуэм зыгуэр къыхэпщIыкIауэ пIэрэ? Унэ дыдэ е псэущхьэ сурэт дахэ абыхэм къащыхэкIкIэ гъэщIэгъуэнщ, пэжкъэ? Ауэ зэгуэр уеплъа ятIагъуэм псэ зыпыт хьэ къыхэпщIыкIыфым? ДауикI, ар уэ къохъулIэнукъым. Тхьэм и закъуэщ псэ зыпыт къэзыгъэщIыфынур. ЗэикI зы цIыхуми хузэфIэкIакъым псэ зыпыт гуэр къигъэщIыну. Ар зылъэкIыну щыIэр Тхьэм и закъуэщ.

Дауэ гъащIэр къызэрыунэхуар? Дэнэ къикIа япэ хьэр? ЩIыр дауэ къэхъуа? Библием абы и жэуапыр кIэщIу къыдет: а псори Тхьэм дэ щхьэкIэ къигъэщIащ. Уэри сэри дощIэр Тхьэм фIэкIа нэгъуэщIым ар зэрыхузэфIэмыкIынур.

Ауэ мы дунейр Тхьэм къимыгъэщIауэ, Тхьэм щымыIэххэу жызыIэ цIыхухэри щыIэщ. Абыхэм я гугъэщ илъэс мелуан Iэджэ ипэкIэ зы ятIэ IэшкIэ цIыкIум езыр-езыру зиужьын щIидзэу гъащIэм абы къыщригъэжьауэ. Сыту делагъэ апхуэдэу уегупсысыныр! А цIыхухэм гъащIэр къызэрежьар ящIэркъым икIи я фIэщу жаIэр ар зи IэщIагъэр Тхьэр армырауэ.

Библием дэ къыджеIэ Тхьэм дунейр къигъэщIа нэужь Абы цIыхур къызэригъэщIар икIи абы епщэу гъащIэм и бэуэныгъэр зэрыхилъхьар. Тхьэм фIэкIа а гъащIэр къозытыфын зыри щыIэкъым.

ЗэныбжьэгъуитIым, Андрейрэ Петррэ, хы Iуфэм къыщакIухьырт.

– Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, мы дунейр къэзыгъэщIар Тхьэр арарэ армырарэ дэ зэи и пэжыпIэр тхузэхэгъэкIынукъым, – жиIащ Андрей.

Пэмыплъагъэххэу абыхэм пшахъуэм цIыху лъакъуампIэ халъэгъуащ.

– Мыбдеж нышэдибэ зыгуэрым къыщикIухьащ, – гу лъитащ Андрей.

– Пэжуи? Абы шэч къытепхьэркъэ? – къеупщIащ Петр.

– Уэ езым плъагъуркъэ? Мыбдеж лъакъуампIэ къыщынакIэ, зыгуэр щызекIуащ.

– Плъагъурэ! – жиIащ Петр. – Мис апхуэдэ къабзэу дэ шэч къытедмыхьэу жытIэ хъунущ щIыр Тхьэм къызэригъэщIар, сыту жыпIэмэ жыгхэри удзхэри, дыгъэри уэшхри Абы и лъэужьхэщ, абыхэм дагъэлъагъу КъэзыгъэщIыр зэры-Арар.

*Узэджэнур:* Мусэ бегъымбарым итха япэ тхылъыр 1:1-23

*УпщIэхэр:* 1. Псэ зыпыт гуэр къигъэщIыфауэ зы цIыху нэхъ мыхъуми щыIэ?
2. Уафэм ис вагъуэхэр дэнэ къикIа?
3. Языныкъуэ цIыхухэм Тхьэм къигъэщIахэу зыкъалъытэжын щIамыдэр сыт?

*ТхьэелъэIур:* Ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ, фIыщIэ



пхудощI Уэ дуней псор къызэрыбгъэщIамкIэ, дэри гъащIэ къызэрыдэптамкIэ. ФIыщIэ пхудощI Уэ зэгуэр Уи деж дызэрыпшэжынум, дэри игъащIэкIэ Уэ дызэрыпщIыгъунум папщIэ. ФIыщIэ пхудощI Уэ абыкIэ Iэмал къыдэзыта Ауэ Христос папщIэ. Iэмин.

# ПСАЛЪАЩХЬЭХЭР

Псалъапэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5
1. Тхьэуэ зыщ щыIэр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 7
2. Тхьэр хэт хъуну? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 9
3. Тхьэр дэнэ къикIа? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 11
4. Тхьэр щыдмылъагъукIэ Ар щыIэу дэнэ щытщIэрэ? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 14
5. Тхьэ Адэр, Тхьэ Къуэр, Тхьэ Псэ ЛъапIэр . . . . . 17
6. Сыт Тхьэм цIыхур къыщIигъэщIар? . . . . . . . . . . 19
7. Тхьэшхуэм папщIэ иджыри нэхъыбэж . . . . . . . 21
8. МэлэIычхэр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 23
9. ШейтIаныр хэт хъуну? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 26
10. Тхьэм Iэдэмрэ Хьэуарэ къызэригъэщIар . . . . . . 29
11. Гуэныхьыр мы дунейм къызэрытехьар . . . . . . . . 31
12. Тхьэм и гуращэщ ПшыныжакIуэ къигъэкIуэну . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 34
13. Ди мэлыхъуэфIыр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 37
14. Аущ ди щхьэм и КъегъэлакIуэ хъуну делъэIумэ, къэхъунур сыт? . . . . . . . . . . . . . . . . . . 38
15. Сыт сэ Аущ сыкъыщIригъэлар? ........................ 41

16. ЦIыхуфIу сыщытыну сыхущIэкъумэ, Аущ сыкърригъэлыну пIэрэ? ........ 43
17. Пащтыхьым и бынхэр ........ 45
18. Аущ Езыр къыщамылъхум дэнэ щыIа? ........ 47
19. Аущ – Сабийр адрей сабийхэм сыткIэ къащхьэщыкIрэт? ........ 49
20. Аущ илэжьа телъыджэхэр ........ 51
21. Аущ Христос и лIэныгъэр ........ 53
22. Аущ лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжар ........ 57
23. Аущ и адэм деж егъэзэж ........ 61
24. Аущ иджыри зэ къэкIуэнущ ........ 64
25. Тхьэм и Псэ ЛъапIэр ........ 65
26. Чристэнхэм мытэмэм гуэр ялэжьыну хуитыныгъэ яIэ? ........ 68
27. Уи гум и тахътэм хэт тесыр? ........ 70
28. Пащтыхьыр уи тахътэм дапщэщи тесын хуейщ ........ 73
29. Сэбэп хъун ........ 76
30. ЦIыхум Зиусхьэныр фIыуэ илъагъурэ имылъагъурэ дауэ къэпщIэну? ........ 77
31. Тхьэм и быным гуэныхь щилэжьым деж сыт къэхъур? ........ 80
32. Сыт дэ зэзэмызэ тазыр тхьын щIыхуейр? ........ 82
33. Тхьэм къыбгъэдэкI тхыгъэ ........ 84
34. Библиер захуэу дэнэ щыпщIэрэ? ........ 87
35. Библием демыджэмэ, сыт къэхъунур? ........ 89
36. Сыт сэ Тхьэр къызэрысщыгугъыр? ........ 92
37. Чристэнхэр щызэкъуэмыти щхьэ къэхъурэ? ........ 94
38. Гъэгъуным сыт къикIыр? ........ 97
39. IэхьыфIу уафэм щыбгъуэтынур ........ 100
40. Зиусхьэным и махуэ ........ 102
41. Тхьэм уекIужауэ пIэрэ уэ? ........ 104
42. Члисэ зэIущIэм теухуауа ........ 106
43. Ин ухъумэ, хэт ухъуну ухуей? ........ 108
44. Тхьэм епсэлъэну хэт хуитыныгъэ иIэ? ........ 110
45. ПцIыр ........ 113
46. Псэ зыпыту щыIэр КъэзыгъэщIар хэт ? ........ 115